ISSN 2311-6854

ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

## НАУКОН-МЕТОДИКОН ЖУРНАЛ

# Рухстауæг



2
2023

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Сæйраг редактортæ*** – Джериаты Мæдинæ, Кцойты Маринæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Башираты Ларисæ, Гаджиты Аланæ, Гæджиты Лянæ, Дзабайты Аллæ, Дзгойты Зинæ, Джанайты Ларисæ, Козаты Альбинæ, Нæкуысаты Иринæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хъайттаты Ларисæ,Чехойты Светланæ***

***Журналы æддаг цъарыл- 2023 азы Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты æмæ Республикæ Адыгейы æхсæнрегионалон мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты профессионалон конкурс «Мы разные, но равные!»-йы уæлахиздзау Æмбалты Валерия, Беслæныхъæуы 6-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг***

© СО РИПКРО, 2023
©ИПК «Литера», 2023

## НОМЫРЫ ИС:

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

**ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРГÆНÆГ-2023 АЗЫ ЦÆГАТ КАВКАЗЫ ФЕДЕРАЛОН ЗЫЛДЫ СУБЪЕКТТЫ ÆМÆ РЕСПУБЛИКÆ АДЫГЕЙЫ ÆХСÆНРЕГИОНАЛОН МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ПРОФЕССИОНАЛОН КОНКУРС «МЫ РАЗНЫЕ, НО РАВНЫЕ!»-ЙЫ УÆЛАХИЗДЗАУ**

### АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

**Хъуыссæты З. К.** Коста-просветитель

**Куыдзойты А. Ф.** Æппæрццæг хайыгтæ æмæ бæттæг ***цалынмæ***

**Уалыты Т. И.** Ныхас Къостайы тыххæй…

**Бтемыраты Т. З.** Вспомогательная пунктуация для осваивающих осетинский язык (на примере глагольных групп)

**Кцойты М. И.** Дзырдарæзт амоныны методикæ

**Солтанты Д. М., Хетæгты А. Д.** Лирикон æмæ эпикон текстты интерпретаци ахуырадон-зонадон архайды активон æмæ интерактивон методтæй, приемтæй æмæ формæтæй пайдагæнгæйæ.

### СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

**Мамытты Ранетæ**

ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ

**Дауратыы Алексей**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ (ИРОН ÆВЗАГ ДЫККАГ КÆМÆН У, УЫЦЫ СКЪОЛАДЗАУТИМÆ КУЫСТ)

**Фардзинты Кларæ**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

**Мæргъиты Ингæ**

**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ**

### ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

**Гусаты Эльмирæ**
ИРОН КÆСЫНЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ
**Рубайты Заринæ**
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-ÆМ КЪЛАСЫ
**Уалыты Фатимæ**
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-ÆМ КЪЛАСЫ

## ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ

**Кцойты Зæлинæ**
«Лæппутæ æмæ чызджытæ: алыхуызон сты æви сты æнгæс?»
**Багаты Вандæ**
«Нæ уарзон æмдзæвгæтæ»
**Бибайты Ларисæ**
**«Зумæг» (Зима)** (æнæсцох ахурадон архайд, хестæр къуар)

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

**Цораева Ф.Н., Кцоева З.И., Дзарахохова Р.С.**
Авторская музыкально-литературная композиция к 100-летию со дня рождения осетинского писателя, публициста и поэта Азамата Беслановича Кайтукова

## ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

Олимпиадон хæслæвæрдтæ ирон æвзагæй 9-11-æм кълæстæн

*   *   *

## МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Уадз, равзæрæд сæдæ 'взаджы мæ комы,
Хуыцау мын раттæд минмырон хъæлæс,
Цæмæй дæттон сæдæ нуазæны куывды,
Цæмæй ныззарон булæмæргъау æз.
Цæмæй нæ хæхтæм хорз уазæг куы 'рцæуа, –
Æфсымæр ын йæхи 'взагыл зæгъон.
Цæмæй, фыдгæнæг мах бæстæм куы цæуа, –
Йæ ныхмæ кард йæхи взагыл цæгъдон!
Фæлæ уæддæр, уæззау тохтæм цæугæйæ,
Нæ фыдæлтæ цы 'взагыл хордтой ард,
Цы 'взагыл хъусын Терчы ирд уылæнтæм,
Кæй фæрцы ис нæ хорз æгъдæуттæн цард,
Цы 'взагыл кодта хъарджытæ ныййарæг,
Йæ дарæгæй йæм сæу гæххæтт куы 'рцыд,
Цы 'взагыл дзурæм: «Фесгуыхт та ирон лæг!»
Зæгъут-ма, уый куыд бамыр уыдзæн, куыд?

Хостыхъоты Зинæ

***КОНКУРСТӔ, КОНКУРСТӔ, КОНКУРСТӔ…***

**ЦӔГАТ КАВКАЗЫ ФЕДЕРАЛОН ЗЫЛДЫ СУБЪЕКТТЫ ӔМӔ РЕСПУБЛИКӔ АДЫГЕЙЫ ӔХСӔНРЕГИОНАЛОН МАДӔЛОН ӔВЗӔГТЫ АХУЫРГӔНДЖЫТЫ ПРОФЕССИОНАЛОН КОНКУРС «МЫ РАЗНЫЕ, НО РАВНЫЕ!»-йы 2023 АЗЫ ХУЫЗДӔР АХУЫРГӔНӔГ**



27-æм октябры Грознайы 13-æм хатт ацыд Цæгат Кавказы Федералон зылды субъектты æмæ Республикæ Адыгейы æхсæнрегионалон мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты профессионалон конкурс «МЫ РАЗНЫЕ, НО РАВНЫЕ!» Бацархайдтой дзы фараст ахуыргæнæджы. Конкурс арæзт æрцыд нæ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хъæппæрисæй. Уагæвæрдмæ гæсгæ конкурс ацæуы, уæлахиздзау цы республикæйæ вæййы, уым. Йæ нысан у Цæгат Кавказы Федералон зылды субъектты мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты æрбангом кæнын æмæ сын сæ фæлтæрддзинад рапарахат кæнын.

Ахуыргæнджытæн арфæйы ныхæстæ загъынмæ æрбацыдысты Цæцæны республикæйы Ахуырады министр Хож-Бауди Дааев, Цæцæйнаг æвзаджы институты директор, профессор, филологон наукæты кандидат Муса Овхадов, алыхуызон æхсæнадон æмæ сфæлдыстадон къордты сæргълæууджытæ.

**Конкурсы архайдта Беслæны 6-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы æрыгон ахуыргæнæг Æмбалты Валерия æмæ бацахста фыццаг бынат.**

Мах арфæ кæнæм Валерияйæн æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы стыр æнтыстытæ!

# АХУЫРГӔНДТӔ – СКЪОЛАЙӔН

***З. К. Кусаева***

*кандидат филологических наук,*
*старший научный сотрудник отдела фольклора*
*и литературы СОИГСИ ВНЦ РАН*

## КОСТА-ПРОСВЕТИТЕЛЬ

Коста Леванович Хетагуров – основоположник осетинского литературного языка и литературы, выдающийся поэт, прозаик, драматург, публицист, этнограф, первый профессиональный художник Осетии – личность, олицетворяющая собой символ этнической культуры, величие национального духа осетинского народа.

Осмысляя социальную и культурную значимость Коста, становится очевидным искаженное восприятие его общественной и духовной деятельности, в контексте известного исторического периода, которую позиционировали в качестве революционно-демократической.

Однако просветительские и глубоко духовные убеждения Хетагурова имели принципиальное отличие осетинского поэта и мыслителя от революционно настроенного народничества конца XIX – начала XX вв. И те же убеждения преобразовывались в уникальные мотивы и образы, благодаря которым мы признаем, что творчество К.Л.Хетагурова находилось в русле классической традиции русской литературы.

Феномен творческого наследия Коста основан на его универсальном восприятии высших этических и духовных ценностей, образующих пространство мировой художественной культуры. Являясь носителем доминантных смыслов этнических традиций своего народа, Хетагуров вобрал в свое творческое сознание все многообразие и многоцветие общечеловеческих духовных основ.

Его произведения являются образцом высшей степени продуктивного двуязычия, в качестве какового выступает литературно-художественный билингвизм.

Воодушевленная и бескорыстная просветительская деятельность Коста на Кавказе свидетельствует о приоритетах в его миропонимании и системе ценностей, где основополагающее место занимают культура и образование.

Следует отметить, что самым симптоматичным концептом литературных творений Коста 80-х годов XIX века являлись вопросы веры в просветительские идеалы и стремления прогрессивной интеллигенции их служению. Значительный корпус поэтических произведений Коста был пронизан идеалами создания «Храма чистой совести и правды неподкупной,
Храма просвещения, свободы и любви».

Вместе с тем, он всячески способствовал приобщению горцев к культурной среде. Вопросам просвещения он посвятил значительную часть своих очерков: «Развитие школ в Осетии», «Церковно-приходские школы в Осетии», «Владикавказские письма», «Маленькая история» и другие.

Коста активно участвовал в постановке спектаклей и организации литературно-

музыкальных вечеров в различных городах Северного Кавказа, выступал с лекциями, содействовал организации библиотек и воскресных школ, устраивал художественные выставки, в экспозицию которых также входили и авторские живописные полотна самого Хетагурова. В Ставрополе он был одним из семи распорядителей литературно-музыкальных концертов местного просветительского общества. Принимал участие в любительских спектаклях, выступал как актер и декламатор.

Важно отметить, что в борьбе за просвещение своего народа Коста единодушно поддерживали представители осетинской интеллигенции. И вопреки запретам администрации Терской области, в 90-х годах XIX века начальные школы были открыты в Беслане, селениях Карджин, Зилга, Заманкул.

Наряду с этим, К.Л. Хетагуров осознавал важность открытия на Кавказе высших технических учебных заведений, что актуализировалось в статье «Накануне», где автор также обосновал предложение о создании в крае политехнического института с сельскохозяйственным и горным отделениями.

Весьма ценно отношение Коста к детскому образованию. Известен цикл детских поэтических произведений, созданных поэтом. Такой же трогательной взаимностью отвечали ему дети.

Коста Хетагуров выступал за создание качественных учебников на осетинском языке, за подготовку квалифицированных национальных кадров для школ и обеспечение учителям достойных условий.

Одним из наиболее ярких проявлений отражения просветительских идей и социальных проблем второй половины XIX столетия представляется драматургическое творчество Коста. Драматургический опыт Коста на протяжении длительного периода не получал адекватного литературоведческого осмысления. Отсутствие исследовательского интереса предопределялось традиционным подходом к его драматическим произведениям, которые принято было считать периферийной областью литературного творчества Коста. Тенденциозность видения данной проблемы объяснялась тем, что автором была создана лишь одна завершенная пьеса – «Дуня» (1902), которой предшествовала комедия «Курсистка» (1890), являющаяся первым вариантом пьесы. Существующие фрагменты драматических произведений («Чердак», «Поздний рассвет», «Когда я нахожусь в церкви») представляют собой эскизно очерченные модели, по которым сложно определить перспективу художественного мышления автора. И все же в культурном пространстве драматургический опыт Коста является безусловной художественной ценностью и важной составляющей всей творческой системы художника. Пьесы не выбиваются из общей гаммы литературного наследия и показательны в аспекте поиска творческой личностью своего идеала.

К периоду становления Хетагурова-драматурга русская художественная культура накопила известный опыт, который не мог пройти незамеченным для художника: бытовые комические пьесы А.Н.Островского, психологические ракурсы произведений А.П.Чехова, комедия А.С.Грибоедова «Горе от ума» – все, несомненно, хорошо было известно писателю и учитывалось им в драматургическом творчестве. Глубокое знание европейской литературы, талант живописца, а также знакомство с шедеврами музыкальной культуры – все дало Коста богатейший материал для размышления и творческого отбора. При несомненной опоре на традиции русской и общеевропейской культуры автор создал пьесу «Дуня» – произведение яркое, самобытное, перекликающееся с

самыми знаменательными событиями культуры второй половины XIX века.

Истоки драматургического опыта К.Л.Хетагурова восходят к петербургскому периоду его творческой деятельности, ко времени его обучения в Императорской Академии художеств. Остро ощущая дух времени, когда искусство и идеи просвещения в целом переживали особый период в своем интенсивном развитии, художник не мог ограничиться лишь национальными проблемами. Масштаб его мышления выходил на общероссийский уровень, за пределы национальных интересов.

Комедия «Курсистка» – первый вариант пьесы «Дуня», создавалась в период глубокого социального кризиса в России, совпавшего с обострением вопроса о женском образовании. Эти условия определили почву для небывалого подъема и расцвета драмы. Русская литература ответила на эти исторические перемены появлением целой плеяды писателей, отдавших дань драматургии.

Проблема женского образования была предметом острой полемики в российском обществе. В обсуждении этого важного вопроса принимали участие такие видные общественные деятели и писатели в России и за рубежом как Д.Милль, В.Стасов, Л.Толстой, А.Чехов, В.Розанов, И.Омулевский и др. В статье «Женское образовательное движение 60-х годов» В.В.Розанов приводит строки из письма Д.С.Милля от 18-го декабря 1868 года, с которым философ обратился к петербургским женщинам: «С чувством удовольствия, смешанного с удивлением, узнал я, что в России появились просвещенные и мужественные женщины, возбудившие вопрос об участии своего пола в разнообразных отраслях высшего образования – исторического, филологического и научного, считая, в том числе и занятие практической медициною, – для того, чтобы расположить в пользу высшего женского образования выдающиеся силы ученого мира. То, чего с постоянно возрастающей настойчивостью безуспешно требовали для себя образованнейшие нации других стран Европы, благодаря вам, милостивые государыни, Россия может получить раньше других. Это еще раз докажет, что нации сравнительно поздней цивилизации воспринимают иногда великие идеи прогресса прежде наций ранней цивилизации».

Проблема усугублялась отсутствием единомыслия в просвещенных кругах российского общества. Известен суровый взгляд Л.Н.Толстого на открытие Высших женских Бестужевских курсов. Многие считали, что «так называемый женский вопрос есть только пена, взбившаяся из общественного недомыслия». Однако философ В.В.Розанов, осознавая значимость для общества в целом интеллектуального и духовного развития женщин, оказался сторонником противоположного суждения и писал: «Какова женщина, такова есть или очень скоро станет вся культура».

К.Л.Хетагуров осуществляет свой творческий замысел, обратившись к жизни русского общества. Но в страстном желании изменить судьбу близкой его сердцу горянки, угадывается попытка драматурга вывести осетинскую женщину из состояния «патриархальной идиллии».

Интерес к образованию был чрезвычайно велик и в осетинском обществе. Уже в первой половине XIX века в Осетии обсуждалась тема о женских учебных заведениях. «Организация женского образования в Осетии становилась возможной благодаря, прежде всего демократической по характеру традиционной культуре осетин». Священник и инспектор Владикавказского духовного училища Аксо Колиев на свои средства открыл для осетинских девочек начальную школу,

преобразованную позже в Ольгинское трехклассное училище. Но в связи с реакционной политикой на Кавказе осетинская женская школа была закрыта, что вызвало резкий протест интеллигенции. Инициатором протеста явился К.Л.Хетагуров.

Своеобразной реакцией Коста на закрытие школ и проблему женского образования явилась пьеса «Курсистка», в названии которой по сути уже был вызов властям, препятствующим развитию женского образования.

Вместе с тем, в «Курсистке» прослеживается интеграция словесного, музыкального и изобразительного видов искусств. Название произведения свидетельствует о влиянии русской художественной интеллигенции на творческое самосознание К.Л.Хетагурова, поскольку пьеса была названа под воздействием картины выдающегося художника-передвижника Н.А.Ярошенко «Курсистка». Известно, что живописное полотно Ярошенко появилось на 11-й передвижной выставке в Санкт-Петербурге в 1883 году и явилось темой большого общественного значения и отражения важной части жизни 80-90-х годов XIX столетия. Женские курсы жили под постоянной угрозой закрытия, и картина «Курсистка» была создана в знак протеста против произвола властей, препятствующих женскому образованию. В такой художественной манере выразилась общая идея, скрепленная талантом двух великих мастеров, которых в последствии долгие годы связывали тесные дружеские отношения.

Пьеса «Курсистка» привлекает к себе внимание и тем, что в ней отражен мир интимных чувств поэта. Сам Коста утверждал: «Любовь – это тайна духа. Выносить ее на обсуждение не разрешается». Но мы позволили себе с осторожностью прикоснуться к этим священным тайнам и осмыслить степень воздействия, оказанного той или иной личностью на творческое сознание художника. С большой долей вероятности можно предположить, что прообразом главной героини пьесы «Курсистка» Анны Сомовой является неизменная муза поэта, девушка, к которой на протяжении многих лет он испытывал глубокую и трогательную привязанность – Анна Яковлевна Попова, дочь состоятельных владикавказских армян. Сословные предрассудки препятствовали личному счастью молодых людей. И в сюжетной линии произведения «Курсистка», автор предлагает альтернативную модель той драматической реальности, в которой Коста и Анне не суждено было быть вместе. Драматург дарит личное счастье героине пьесы и благословляет ее на путь просвещения. Анна Сомова, в отличие от возлюбленной поэта, находит в себе силы бороться с мещанской средой и связывает свою судьбу с Николаем Светловым, не являющимся представителем «благородного сословия», но человеком прекрасно образованным, благонравным, обладающим самыми высокими ценностными качествами. Тем самым автор продемонстрировал гармоничный взгляд на жизнь, обусловленный глубоким пониманием идеального пути становления женщины, которая может быть счастлива, когда она любима и свободна в своем духовном и интеллектуальном развитии. Для второй половины XIX столетия это было довольно смелое суждение и прогрессивная позиция. Известны многочисленные факты из реальной действительности, а также примеры из русской классической литературы, когда женщину в силу общественной морали ограничивали выбором: либо она отдавала предпочтение семейному счастью, либо образованию. В качестве примеров можно привести рассказ А.П.Чехова «Невеста», роман И.Ф.Омулевского «Шаг за шагом» и ряд других произведений. К.Л.Хетагуров предлагает универсальное решение

этой сложной проблемы.
Как известно, впоследствии пьеса «Курсистка» была отредактирована автором, что повлекло за собой изменение названия произведения, жанрового обозначения и имени центрального персонажа пьесы.

В фантазии «Дуня» использовано множество литературных источников. События и характеры современной эпохи на всем протяжении пьесы соотносятся с известными сюжетами и героями произведений русской и зарубежной классической литературы.

Так или иначе сюда относятся все произведения, в которых главную мысль составляют вопросы просвещения, отношения личности и ее общественного служения.

В истории осетинской литературы творческое наследие К.Л.Хетагурова представляет собой уникальное явление, оно является отражением ценностного сознания человека великого духа, определившего на столетие вперед вектор развития национальной культуры. Искусство художника оказало всепроникающее воздействие как на основополагающие принципы словесной и изобразительной эстетики, так и на частные моменты стиля в творческой жизни его последователей. Но и сам Коста в своем искусстве унаследовал и освоил огромный и ценнейший опыт мировой художественной культуры.

Синтезируя на новом витке развития мировой литературы ее лучшие художественные традиции, Коста Леванович Хетагуров продемонстрировал и свои широчайшие возможности просветителя, художника-творца, а также беспредельную свободу творческой индивидуальности, и новое, гармоничное видение мира.

***Куыдзойты А.Ф.***
филологон наукæты кандидат, доцент

**Æппæрццæг хайыгтæ æмæ бæттæг *цалынмæ***

Ирон æвзаджы цымыдисаг фæзындтæй иу у, æппæрццæгдзинад цы мадзæлтты фæрцы æмæ куыд æвдыст цæуы, уый. Индоевропæйаг æвзæгтæй сæ фылдæрæн характерон у кумулятивон æппæрццæг, ома хъуыдыйады мидæг вæййы иу нæ, фæлæ цалдæр æппæрццæг дзырды. Зæгъæм, ирон хъуыдыйады *Æз дæ никуы федтон* ис æрмæст иу æппæрццæг дзырд – æппæрццæг мивдисæгон фæрсдзырд *никуы*, æмæ дзы æппæрццæг хайыгæн уæвæн нал ис. Йæ уырыссаг эквивалент та домы дыууæ æппæрццæг дзырды – иу дзы æппæрццæг кæны афон (*никогда*), иннæ та архайд (не *видел*): *Я тебя никогда не видел.*

Кумулятивон, ома бирæхаттон, æппæрццæджы тыххæй О. Есперсен фыста, зæгъгæ, «... многократное отрицание становится

обычным только в тех языках, где отрицательный элемент имеет сравнительно малый фонетический вес. <...>. Они легко притягиваются к различным словам, и невесомость этих начальных звуков или слабоударных слов вызывает желание увеличить их число в предложении, чтобы они не остались незамеченными» [7 : 385].

Кæд ирон æппæрццæг дзырдтæн дæр тынг гыццыл «фонетикон уæз» ис, уыимæ хайыгтæ *нæ* æмæ *ма* клитикæтæ дæр сты, ома сыл сæрмагонд цавд нæ фæхауы, фæлæ акцентуалон комплексы уæнгтæ вæййынц, уæддæр ирон æвзаджы бирæхаттон æппæрццæг нæй. О. Есперсены хъуыдымæ гæсгæ, ахæм æвзæгтæ логикон æгъдауæй хуыздæр арæзт сты, уымæн æмæ «сведение отрицаний к одному требует больше умственного напряжения, поскольку говорящий и слушатель должны помнить это отрицание в течение всего высказывания; гораздо легче повторять отрицание при каждом удобном случае и таким образом придавать отрицательную окраску всему предложению» [Уый дæр уым: 386].

Фæлæ ирон æвзаджы дæр фембæлæн ис дывæр æппæрццæгыл. Ам хуымæтæг ныхасы рæдыдтыты кой нæ кæнæм: конструкци *Ничидæр æй нæ зоны* дзурæг у дыууæ фактыл: 1) йæ автор литературон æвзаджы домæнтимæ зонгæ нæу æмæ сæ не ‘ххæст кæны; 2) дзурæджы хъуыдыкæнынадыл тынг фæзынд уырыссаг кæнæ гуырдзиаг æвзаг (дыууæ æвзаджы дæр ис кумулятивон æппæрццæг). Уый хыгъд ирон литературон æвзаджы дæр ис, дывæр æппæрццæг æнæмæнг хъæугæ кæм у, ахæм конструкцитæ. Ацы хъуыдыйæдты актуализацигонд вæййы цавæрдæр дзырд, æмæ йæ дзурæг

сæвæры, æргом æм тынгдæр здæхт кæм уа, хицæн цавд ыл кæм хауа, ахæм бынаты, ома аивы дзырдтæн сæ равгон (типикон) рæнхъæвæрд.

Ацы хъуыдыйадæн вæййы тыхджын экспрессивон ахуырст. Зæгъæм: *Уый устытæ, уыдон хæдзаргæнæг сты æнусты дæргъы, фыдæлтæй сын баззад уыцы фарн, фæлæ лæгтæн дæр абон нæ уыд сæ ныхасы нæдæр æртхъирæн, нæдæр искæмæ тыхæй ныббырсыны фæндиаг.* Джусойты Н. Дзырдты рæнхъæвæрд куы аивæм, сæ равгон бынæтты сæ куы сæвæрæм, зæгъинаг, куыд ын æмбæлы, афтæ хъуыдыйады кæронмæ куы ахæссæм, уæд æппæрццæг хайыг *нæ* уæлдай уыдзæн: *фæлæ лæгтæн дæр абон сæ ныхасы нæдæр æртхъирæн, нæдæр искæмæ тыхæй ныббырсыны фæндиаг уыд.* Уый у «особый вид кумулятивного отрицания – так называемое «подхватывающее отрицание», суть которого заключена в том, что оно (отрицание) реализуется только в определенных случаях, когда после сказуемого с отрицанием стоит разделительное сочетание с повторяющимися отрицательными союзами, либо своего рода ограничительное добавление в виде отрицательного местоимения или наречия» [8: 68].

Ирон грамматикæтæ æмæ сæрмагонд зонадон иртæстытæ амонынц, зæгъгæ, æппæрццæгдзинад æвдыст цæуы æппæрццæг хайыгтæ *нæ* , *ма* æмæ уыдонæй арæзт вазыгджын хайыгтæ, стæй æппæрццæг номивджытæ æмæ фæрсдзырдты фæрцы (*нал, нæма, ничи, ницы, никæдæм* æ.æнд.) [1; 2; 3; 6]. Ацы дзырдтæ æвдисынц, æппæрццæг хъуыдыйады æппæт мидисмæ дæр хауы æви йæ иу хаймæ (компонентмæ), уый æмæ кæддæриддæр тырнынц зæгъинаджы разæй лæууынмæ (æппæрццæг дзырд æмæ зæгъинаджы æхсæн уæвæн ис æрмæст клитикæтæн, арæхдæр цыбыр номивджытæн: *нæ зонын – нæ йæ зонын; ницы зонын – ницы йын зонын, никуы уыдтæн – никуы дзы уыдтæн*). Д. Эршлеры хъуыдымæ гæсгæ, ирон æвзаджы «можно говорить об «отрицательном передвижении» – ОМ (*отрицательные местоимения – К.А.*) передвигаются в предглагольную позицию. Как и в других видах передвижения, в осетинском отрицательном передвижении наблюдается эффект крысолова (pied-piping), т.е. передвигается не само местоимение, а вся содержащая его составляющая» [9: 90].

Æппæт хъуыдыйады мидисмæ чи хауы, уый хуыйны æххæст æппæрццæг, кæнæ *сентенциалон* æппæрццæг. Уый равдисыны тыххæй ирон æвзаг æппæрццæг хайыгтæй пайда кæны афтæ: хайыг *нæ* вæййы æргомон здæхæны мивдисæгимæ, хайыг *ма* – фæдзæхстон здæхæны мивдисæгимæ, бадзырдон æмæ бæллиццаг здæхæнты мивдисджытимæ та æмбæлынц дыууæ хайыджы дæр (ацы фарст бæлвырддæр æвзæрст цæуы ахæм куыстыты, куыд [1; 2; 4; 5; 9]).

Цы зонадон куыстыты кой скодтам, уыдоны æвзæрст цæуы æппæрццæг хайыгтæй пайда кæныны фæтк хуымæтæг хъуыдыйæдты. Вазыгджын – уæлдайдæр домгæвазыгджын – хъуыдыйæдты æппæрццæгдзинад куыд æвдыст цæуы, уый нырма иртасинаг у. Æнæмæнг иртасинаг æмæ адæммæ хæццæгæнинаг. Уымæн æмæ арæхæй арæхдæр кæнынц, уырыссаг æвзаджы тæваг кæуыл фæзынд, ахæм конструкцитæ.

Æркæсæм домгæвазыгджын хъуыдыйады иу хуызмæ – афоны уæлæмхæст хайы бæттæг *цалынмæ* кæмæн ис, уыдонмæ æмæ бафæлварæм, æппæрццæг хайыг дзы кæд фæхъæуы æмæ уæлдай кæд вæйййы, уый сбæрæг кæнын. Багаты Н. фыссы: «Союзам *цалынмæ, цалынджы* в главном предложении соответствует соотносительное слово *уæдмæ*. Придаточное предложение с этими союзами выражает действие, состояние или признак, который должен иметь место до момента, выраженного в главном предложении, или действие, состояние или признак, выраженный в главном предложении, должен продолжаться до тех пор, пока не будет выполнено действие или состояние-процесс, выраженный в придаточном предложении. Например: *Цалынмæ Юрæ йæхимидæг хъуыдытæ кодта, уæдмæ Батырадзы трактор æрттывдтытæ калгæ йæ рæзты æрфардæг ис* (Бас. М. Дыууæ хæлары) «Пока Юра размышлял про себя, к тому времени трактор Батрадза, сверкая, пронесся мимо него» [3: 412].

Нæ уацы дарддæр ныхас цæудзæн æппæрццæг хъуыдыйæдтыл. Бæттæг *цалынмæ* уырыссаг æвзагмæ тæлмац кæнгæйæ æвдисы дыууæ нысаниуæджы: *пока* æмæ *пока не*. Цы хъуыдыйæдтæ æвзардзыстæм, уыдоны ацы бæттæг ис йæ дыккаг нысаниуæджы (ома æппæрццæгдзинад æвдисы). Нæ дæнцæгтæ уырыссаг æвзагмæ тæлмац кæндзыстæм, уымæн æмæ нæ хæс у ацы æвзаджы тæваг равдисын æмæ хъуыдыйæдты «ирон» арæзты фæтк сбæлвырд кæнын.

Бæттæг *цалынмæ*-имæ афоны уæлæмхæст хайы мивдисæг арæхдæр вæйййы æргомон æмæ бадзырдон здæхæнты. Æркæсæм уал, мивдисæг æргомон здæхæны (вæйййы ныркккон кæнæ ивгъуыд афоны; суинаг афоны йын уæвæн нæй) кæм ис, ахæм хъуыдыйæдтæм.

*Ахæр, ахæр, Гоцо,*
*цалынмæ*
*дæуæн дæхи нæ бахордтой,*
*уалынмæ!..* Абайты Э.
Поешь, поешь, Гоцо,
*пока*
тебя самого *не съели*,
(до тех пор)!

Ацы хъуыдыйады æргомон здæхæны мивдисæг ис ивгъуыд афоны, йæ разæй лæууы æппæрццæг хайыг *нæ*; хъуыдыйадæн ис «ирон» хуыз, ома нæм æппæрццæг хайыг уæлдай нæ кæсы. Æппæрццæг ис йæ уырыссаг эквиваленты дæр.

(2) *Æз æмæ-иу Батрадз бафынæй стæм, фæлæ дæ мад æмæ Ацæмæз, цалынмæ æрбацыдтæ, уæдмæ сæ хуыссæг сæхицæн никæд садджын кодтой, æнхъæлмæ-иу дæм кастысты.* Агънаты Г. ‘Я и Батрадз обычно засыпали, но твоя мать и Ацамаз, пока ты не возвращался, никогда не предавались сладкому сну, ждали тебя’.

Ам ирон хъуыдыйады æппæрццæг хайыг нæй, уырыссагау тæлмац кæнгæйæ та дзы æнæмæнг хъæуы (*пока не возвращался*). Иронау бæттæг *цалынмæ* сæхæдæг иунæгæй æвдисы æппæрццæгдзинад (*пока не*).

Дыккаг хъуыдыйадæн дæр йæ мидис фыццаджы æнгæс у: сæйраг хайы архайд (нæ) цæуы, цалынмæ уæлæмхæст хайы архайд æрцæуа (кæнæ райдайа), уæдмæ. Фæлæ ам бæттæг æмæ мивдисæджы æхсæн æппæрццæг хайыг нæй, стæй дзы хъæугæ дæр нæ кæны. Цæуылнæ? Уымæн æмæ æцæгæй хъуыдыйæдтæн сæ мидис æмхуызон нæу. Фыццаг дæнцæджы уæлæмхæст хайы (*цалынмæ дæуæн дæхи нæ бахордтой*) ныхас цæуы, фæндон чи нæу, фæлæ чи æрцæудзæн, ахæм архайдыл, сæйраг хайы архайдыл та батагъд кæнын хъæуы, науæд байрæджы уыдзæн æмæ йæ сæххæст кæнын нал бантысдзæн. Куыддæр уæлæмхæст хайы архайд райдайа, афтæ сæйраджы архайдæн уæвæн нал уыдзæн: бахæрдзысты йæ, æмæ йæхæдæг нал ахæрдзæн.

Ноджы ма ахæм дæнцæгтæ.

(3) *Лæппу-иу цалынмæ хицæн къуым самадта, уæдмæ йæхицæн бинонты кой нæ кодта.* Дзесты К. ‘Пока молодой человек не построит себе отдельное жилище, до тех пор он не думал заводить семью’.

(4) *...фæлæ дæ зæронд стджытæ алас, цалынмæ дæхæдæг дæр нæ бавзалы дæ, уæдмæ.* Дзесты К. ‘... но унеси свои старые кости, пока ты сам не превратился в уголь (до тех пор)’.

Ацы къайы дæр афтæ: фыццаг хъуыдыйады сæйраг хайы архайдæн æрцæуæн ис, уæлæмхæст хайы архайд куы æрцæуа, æрмæст уæд (*бинонты кой кодта, хицæн къуым куы самадта, уæд*). Дыккаджы та сæйраг хайы архайдæн хæрз цыбыр рæстæг ис, æмæ йыл фæтагъд кæнын хъæуы, науæд, уæлæмхæст хайы архайд куы æрцæуа, уæд нал сырæздзæн (*йæхæдæг куы бавзалы уа, уæд нал ацæудзæн*).

Хатдзæг. Бæттæг *цалынмæ*-имæ уæлæмхæст хайы æргомон здæхæны мивдисæг куы уа, уæд, мивдисæгимæ æппæрцæг хайыг нæ хъæуы æви нæ хъæуы, уый баст у хъуыдыйадæн йæ мидисимæ, дыууæ

хайы цавæр архæйдтыты кой ис, уыимæ. Кæд æмæ сæйраг хайы архайдæн æрцæуæн нæй, цалынмæ уæлæмхæст хайы архайд сæххæст уа, уæдмæ, уæд уæлæмхæст хайы æппæрцæг хайыг нæ хъæуы (*Цалынмæ ацы хъуыддаг саразон, уæдмæ æнцой не ссардзынæн*). Бæттæг цалынмæ æмæ мивдисæджы æхсæн æппæрццæг хайыг хъæуы, кæд æмæ уæлæмхæст хайæн уа, фæндон чи нæу, ахæм архайд. Сæйраг хайы архайдæн та бæлвырд рæстæджы ис æрцæуæн – цалынмæ уæлæсæхæст хайы архайд не 'рцыд, уæдмæ (*Цалынмæ билеттæ нæ балхæдтай, уæдмæ уал базон, цавæр спектакль цæуы, уый*). Ома æппæрццæг хайыг хъуамæ уа æрмæст иу хайы – кæнæ сæйраджы, кæнæ уæлæмхæсты. Кæцыйы ис йæ бынат, уый та баст у хъуыдыйады мидисимæ.

Æркæсæм, уæлæмхæст хайы мивдисæг бадзырдон здæхæны кæм ис, ахæм дæнцæгтæм.

(5) *Дæ лымæнимæ цалынмæ цæххы пут нæ бахæрай, уæдмæ йæ нæ базондзынæ.* 'Со своим другом пока пуд соли не съешь, до тех пор его не узнаешь'.

(6) *Лæгимæ цалынмæ цæххы пут бахæрай, уæдмæ йын йæ хорзæн дæр æмæ йе 'взæрæн дæр базонæн нæй.* 'С человеком пока пуд соли не съешь, не узнаешь ни его хороших качеств, ни плохих'.

Дыууæ дæнцæджы дæр ист сты иу чиныгæй – ирон æмбисæндты æмбырдгондæй (Ирон æмбисæндтæ / Æрæмбырд сæ кодта æмæ чинг сарæзта Гуытъиаты Хъ. Орджоникидзе: Ир, 1976). Æмхуызон сты хъуыдыйæдтæн сæ мидис æмæ сæ арæзт. Хицæн кæнынц уымæй, æмæ фыццаджы ис æппæрццæг хайыг *нæ*, дыккаджы та нæй. Цымæ цæмæн афтæ у? Мæ хъуыдымæ гæсгæ, фыццаг комкоммæ тæлмац кæны уырыссаг загъд *пока с человеком пуд соли не съешь*... æрмæст мидисæй нæ, фæлæ йæ арæзтæй дæр: уырыссаджы ис æппæрццæг хайыг, æмæ йæ ирон хъуыдыйадмæ дæр бахастæуыд. Дыккагæн та ис «ирон» хуыз: бадзырдон здæхæны мивдисæгимæ æппæрццæг хайыгæн уæвæн ис афоны нæ, фæлæ бадзырдон уæлæмхæст хайы, зæгъæм: *Лæгимæ цæххы пут куы нæ бахæрай, уæд ын йæ хорзæн дæр æмæ йе 'взæрæн дæр базонæн нæй.*

Ацы фæтк хорз зонынц (кæнæ æмбарынц, кæд ыл сæрмогондæй хъуыды никуы акодтой, уæддæр) ирон литературæйы классиктæ, абоны зынгæдæр фысджытæ, стæй адæмон сфæлдыстады уацмысты «автортæ». Уымæ гæсгæ сæ текстты иттæг стæм хатт сæмбæлæн ис структурæйыл *цалынмæ + нæ + мивдисæг бадзырдон зæдæхæны*; æмæ уый дæр дзурæг вæййы ныхасыздæхты миниуæгыл.

(7) *Цалынмæ сæм чындзхæсджыты хистæртæ æгъдауыл нуазæн рарвитой, уæдмæ хъазты лæппу-фæсивæдæй дæр нозты хъæстæ ничи*

*фæуыдзæни.* Айларты И. ‘Пока старшие из приехавших за невестой не пришлют им бокал по обычаю, до тех пор никто из молодежи не отведает хмельного’.

(8) *Ныккæндмæ ныххиз, æмæ дæм цалынмæ æз æрбацæуон, уæдмæ змæлгæ дæр ма фæкæн.* Брытъиаты С. ‘Спускайся в погреб, и пока я не приду к тебе, до тех пор даже не двигайся’.

(9) *Нæ дæ ныууадздзынæн, Цомиан, цалынмæ мын сомы ракæнай, уæдмæ.* Дзесты К. ‘Не оставлю тебя в покое, Цомиан, пока ты мне не поклянешься’.

(10) *Цалынмæ бæркад зæгъай, уæдмæ нæй сыстæн æмæ фæдисы цæуæн.* Джыккайты Ш. ‘Пока ты не скажешь тост за изобилие, до тех пор нельзя вставать и пускаться в погоню ’.

(11) *Нæ сæ рафæрæзтай, уæд æнхъæлмæ кæс, цалынмæ дæ фæстæгтæ æрæййафой, уæдмæ.* Джыккайты Ш. ‘Если не можешь поднять, то жди, пока тебя не догонят идущие сзади’.

(12) *Базаргæнæгыл цалынмæ авд сайды ’рцæуа, уæдмæ сайын нæ зоны.* Æмбисонд. ‘Торговец пока семь раз не будет обманут, до тех пор обманывать не умеет’.

Ирдæй зыны ирон æмæ уырыссаг конструкциты хицæндзинад: иронау уæлæмхæст хайы бадзырдон здæхæны мивдисæгимæ æппæрццæгдзинад равдисынæн æппæрццæг хайыг нæ хъæуы, уырыссаджы та æнæ æппæрццæг хайыгæй гæнæн нæй (хайыг дзы куы нæ уа, уæд хъуыдыйадæн уыдзæн бынтон æндæр мидис).

Уымæ гæсгæ рæдыдыл – уырыссаг хъуыдыйæдты структурон схемæтыл арæзтыл - нымайын хъæуы, зæгъæм, мæнæ ахæм хъуыдыйæдтæ:

. *...цалынмæ лæг йæхæдæг сфæлтæра, цалынмæ адæймаг йæхи тæппуддзинад уысммæ æрбацыбыртæ кæнын нæ базона, уæдмæ кæйдæр хорз зондæй гъæйтт-мардзæ хæстон лæг не суыдзæн* (пока ... не научится).

*— Уæдæ мæм байхъус, — загъта Хур. — Мæ чызджы дæ цæстæй дæр нæ фендзынæ, цалынмæ мын мæ фосдарæн кæртытæ, мæ бонхæрæнтæ фосæй æмæ, йæ фыд физонæгæн кæмæн бæззы, ахæм хъæддаг сырдæй нæ байдзаг кæнай, уæдмæ* (пока ... не заполнишь).

*— Мæ мад æмæ мæ фыдæн фыртæн ма райгуырон, цалынмæ Зæринæйы не ссарон æмæ Бæлгъуырæй мæ маст æмæ адæмы маст нæ райсон, уæдмæ мæхицæн - Дзеджы фырт Дзегæн - рухс куы фенын кæнон* (пока ... не найду ... не отомщу).

Хатдзæг. Афоны уæлæмхæст хайы бæттæг *цалынмæ* куы уа, уæд бадзырдон здæхæны мивдисæджы размæ æппæрццæг хайыг æвæрын нæ хъæуы.

*Спайдагонд æрмæджытæ*


1. Абаев В. И. Грамматический очерк осетинского языка. Орджоникидзе: Северо- Осетинское книжное издательство, 1959. 168 с.
2. Багаев Н. К. Современный осетинский язык. Часть 1. Орджоникидзе: Северо- Осетинское книжное издательство, 1965. 487 с.
3. Багаев Н. К. Современный осетинский язык. Часть 2. Орджоникидзе: Ир, 1982. 495 с.
4. Выдрин А. П. Глагол в осетинском языке // Востоковедение. Историко-филологические исследования. Межвузовский сборник статей памяти акад. М.Н. Боголюбова, заключительный. Санкт-Петербург, 2014. С. 25-81.
5. Выдрин А. П. Глагольные частицы *нæ* и *ма* в осетинском языке // На пастбище Мысли Благой. Сборник статей к юбилею И.М. Стеблин-Каменского. Санкт- Петербург, 2015. С. 109-119.
6. Грамматика осетинского языка. Т. 1. Фонетика и морфология. / Под ред. Ахвледиани Г.С. Орджоникидзе: Научно-исследовательский институт при Совета Министров СОАССР, 1963. 368 с.
7. Есперсен О. Философия грамматики. М.: Издательство иностранной литературы, 1958.
8. Кудзоева А.Ф. Порядок слов и актуальное членение предложения в осетинском языке. Владикавказ: Изд-во СОГУ, 2002. 124 с.
9. Эршлер Д.А. Отрицательные местоимения в осетинском языке: ареальные и типологические аспекты // Вопросы языкознания. 2010. № 2. С. 84 – 105.



**Уалыты Т.И.,**

**филологон наукæты кандидат, доцент**


## Ныхас Къостайы тыххæй…

Æдзух Хетæгкаты Къостайæн йе сфæлдыстадыл ныхас кæнæм. Абон мæн бафæндыд нæ уарзон поэтæн йæ миддунемæ иучысыл ныккæсын, афтæмæй йæ зæрдæмæ ноджы фæхæстæгдæр кæнын… Нæ абоны царды нын ахæм адæймæгтæ куыд нæ фаг кæны, уый ноджы тынгдæр банкъарын…

Къоста йæ иу фыстæджы зæгъы: «Мæнæн мæ зæрдæйæн йæ тæккæ лыстæг уидæгтæ дæр кæмæдæриддæр йæ армы тæпъæнау зынынц».

Мæнæ ацы рæнхъыты ноджы фергомдæр кодта йæ зæрдæйы уаг: «Æз цы кæнын, уый æргомæй, мæ алы дзырды бын дæр æвæрын мæ къух, знæгтимæ

хæцын лæгæй-лæгмæ, чи фæнды куы уа, уæддæр».

Йæ зæрдæйы лыстæг тæгтæ, йе 'ргом дзырд ын алчидæр уыдта æмæ зыдта. Йæ ныхмæлæуджытæ йæ хуыдтой «фыдуаг», «рæдиаг», «хивæнд». Æмæ-иу хорз дзуапп фехъуыстой:

Мне вашего счастья не нужно, -

В нем счастья народного нет…

В блестящих хоромах мне душно,

Меня ослепляет их свет…

Нет, будьте вы счастливы сами,

Где так обездолен народ!

Адæм, йæ хæлæрттæ, йæ зонгæтæ та йæ хуыдтой «хуымæтæг, æргомдзырд, зæххон адæймаг, миддунейæ хъæздыг», рæсугъуд алцæмæй дæр. Тугъанты Махарбегмæ гæсгæ, «…Стыр сау цæстытæ æдзухдæр зынгау æрттывтой… йæ хъæлæсы уаг уыди зæрдæмæдзæугæ, арф æмæ фæлмæн». Нина Смирновайы мысинæгтæм гæсгæ, стыр циндзинад хаста сæ хæдзармæ Къостайы æрбацыд: «Пришел Коста и в доме оживление, смех, веселье… По-русски он говорил хорошо, без акцента, но всегда носил национальную одежду».

Къоста уыди хуымæтæг æмæ цардбæллон адæймаг. «Ничто человеческое мне тоже не чуждо» - арæх-иу дзырдта ацы ныхæстæ. Мæнæ цы фыссы Херсоны хасты рæстæг йæ фыстæджытæй иуы: «Знон банкеты равдыстон кæддæры хъару… Хъæзтыты уыдтæн хъазуатон архайæг. Фынгыл дзырдтон – дзырдтон та циу! – скъæрдтон рифмæбыд гаджидуттæ, хъазт байгом кодтон æз французаг гувернанткæимæ полонезæй, кафыдтæн вальс, полькæ, мазуркæ… æмæ лезгинкæ… Абон æгас Херсоны уыцы банкетæй уæлдай æндæр ныхас нал ис».

Мæгуырты сæрхъуызой, адæмы сæрыл тохгæнæг, адæмæн тæрихъæдгæнæг, ахæмæй уынæм Къостайы таурæгъты æмæ æцæг хабæртты дæр.

-Æхца дæм нæй æмæ ма райс, фæстаг хатт кæмæн радтай, уымæй де 'хца, - дзуры йæм йе 'мбал.

- Ныр цытæ дзурыс, уымæ æхца куы уаид, уæд мын сæ нæ дæттид, уый мæнæй тыхстдæр у! (таурæгъ «Мæнæй тыхстдæр у»).

Йæ хуымæтæгдзинад адæмы дисы æфтыдта. Дзесты Куыдзæджы «Хуымæтæджы лæг»-ы ацæргæ нарон дис кæны, йе 'мбæлццон Къоста куы разынд, уæд: «…æппындæр æм ахуыргонд лæджы хуызæнæй ницы бафиппайдтон, раст мæнæ нæхимæ хохаг æнахуыргонд лæг, суанг йæ сæрæй йæ къæхты онг… Мæ дзæкъул дæр ма мын иста. Стыр ахуыргæндтæ æмæ хицæуттæ сæ сæрмæ ахæмтæ хæссынц. Куыд нæ стæй!»

Йæ арф, хъæздыг æмæ рæсугъд удыхъæдæн ын бæстон характеристикæ дæтты йæ уарзон чызг Анна Попова: «Цæрæнбонты бæллыдтæн удыхъæдæй сыгъдæг æмæ хъæздыг, зондæй та фидар чи у, йæ дунембарынадæй æмæ мын йæ зонындзинæдтæй мæ уд чи фæхъæздыгдæр кодтаид, уæззау рæстæг та мын æцæг æмбал чи уыдаид, ахæм адæймагыл фембæлынмæ. Æмæ мæ хъысмæт фембæлын кодта Къостаимæ… Уый разынд, кæмæ тырныдтон, ахæм удгоймаг… Фæлæ нæ фембæлд амондджын нæ рауад…»

Ирон адæмы куыд уарзта, афтæ стыр аргъ кодта Кавказы æппæт адæмыхæттытæн дæр. Йæ хорз зонгæ Тхостаты Саукуыдз Петербурджы рынчындонмæ Къостамæ операцийы фæстæ куы бацыд, куы йын радзырдта Кавказы хабæрттæ, газетты цы фыссынц, уыдон иууылдæр, уæд Къостайæ йæ низ дæр айрох. Саукуыдзы бонæджы кæсæм: «С каким увлечением он говорил!.. Во мне все возмущается, я не знаю, что делается со мною, когда я слышу, вижу или читаю, как унижают горцев, сравнивают, толкуют о них, как о дикарях, неспособных людях. Я равно страдаю от страдании ингуша ли, ирона, дагестанца или кабардинца». Æрмæстдæр зондджын æмæ арф хъуыдыгæнаг адæймаг зæгъдзæн æмæ бамбардзæн ацы ныхæстæ.

Арæх мын дзырдта мæ наукон разамонæг Джусойты Нафи: «Цæмæй Къостайы сфæлдыстад хорз бамбара адæймаг, уый тыххæй йæ арæх кæсын хъæуы æмæ йыл арф хъыды кæнын хъæуы». 90 азæй фылдæр цыди нæ зындгонд ахуыргонд Абайты Васойыл, мæнæ ацы рæдау ныхæстæ куы загъта Къостайы тыххæй, уæд:

- Æз нæма нæма бафсæстæн Къостайы «Ирон фæндыр» -æй, Къостайы æмдзæвгæты зæлланггæнæг æмæ уыимæ зæрдæ агайæг, хуымæтæг æмæ арф хъуыдыджын рæнхъытæ кæсынæй, Къостайæ æппæлынæй, Къостайæ сæрыстыр уæвынæй. Азтæ куыд фылдæр кæнынц, афтæ Къоста мæ цæсты кæны

кадджынæй-кадджындæр, цытджынæй-цытджындæр, тыхджынæй -тыхджынæр. Æмæ та ногæй бахæлæг кæнын, мæхæдæг дæр йæ туджы 'ртæхтæй иу кæмæн дæн, уыцы ирон адæммæ, ахæм æрдхæрæйнаг хъæбул кæмæн райгуырди… Уаих фæуай, хъысмæт, мæ азтæй иу ссæдз куы айстаид æмæ сæ Къостайы цæрæнбонтæм куы бафтыдтаид!

Къостайæн йæ удыхъæды хъæздыгдзинад, йæ зæрдæйы цы арт сыгъди, йæ адæмæн чи уыди, уый хорз рахатыд æвзонг чызг Гайттаты Раисæ дæр. Къоста йын йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ куы раргом кодта, уæд æм чызг фыссы: «Бузныг дæ фыстæгæй. Ды мæнæй уæздандæр дæ, адæмы уарзыс фылдæр, уымæ гæсгæ ды мæнæй хуыздæр дæ. Ды хуыздæр амонды аккаг дæ… Цы у Къоста уæвын? Дæу зонынц алы ирон хæдзары дæр… Ды æвзарыс стыр нысан, кад дын уæд, хуыцау дын радтæд бирæ хæрзтæ».

Стыр адæймæгтæн æндæр у сæ фæндаг, сæ хъысмæт. Уыдон сæ удуæлдай царды басудзынц, ахæм уыд Къостайы хъысмæт дæр. Къубалты Алыксандры мысинæгтæм гæсгæ:

- 1901 азы кæрон Къоста Стъараполæй ссыди Джæуджыхъæумæ тынг рынчынæй, тынг мæллæгæй… Джæуджыхъæуы йын фынг сарæзтой. Уыдысты дзы Иры зындгонд лæгтæй бирæтæ. Зæронд лæг, бадты хистæр, Алыккаты Тего гаджидау загъта Къостайы цæрæнбоны тыххæй. Къоста дæр сын арфæ ракодта… Къоста нал ис. Зын мын у, ох Тего, Ир ныр дæр ма мæнмæ æнхъæлмæ кæй кæсынц… Кæй нал ис ныр дæр ма нæ астæу ныфсджын адæймаг, мæ сæрыл дæр чи сдзырдтаид, куы хъуыди, уæд…

Йæ рæстæджы Къостамæ уарзондзинад тынг бæрзонд æвæрд уыди ирон адæмы зæрдæты. Бирæ лæппутæ -иу сæхи рахуыдтой Хетæгкаты Къоста, уый сæм тынг кадджын касти. Мæнæ таурæгъ «Æз Къоста дæн»-ы куыд у, афтæ. Куырттатаг фыййау лæппу Къостайыл фембæлд æмæ йын йæхи рахуыдта Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста. Куы хицæн кодтой, уæд æй лæппу афарста, ды та чи дæ, зæгъгæ.

– Ныронг æз Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста бæргæ уыдтæн…

Лæппу йæм йæхи баппæрста хатыркургæйæ: «Афтæ мæ фыруарзондзинадæй загътон!»

Уыцы фыруазондзинад Къостамæ ис нæ адæмы зæрдæты. Уыцы

уарзондзинад уыди Тауаситы Сослæнбегмæ дæр, Къостайæн цыртдзæвæн куы арæзта, уæд. Арæх-иу æм Мæскуыйы йе 'рмадзмæ бацыди Къостайы уарзон ахуыргæнæг Василий Смирнов, йæ хъус дардта Сослæнбеджы куыстмæ. Иуахæмы йæхи нал баурæдта æмæ йын бауайдзæф кодта:

- Уыдæттæ ма ныууадз, Сослæнбег, фæлæ -ма зæгъ, Къостайæ уæйыг цæмæн аразыс? Къоста мæнæ ахæм уыди: гуыбыргомау, нарæг, риуджын! (йæ разы йын йæхи конд нывтæ æвдисгæйæ).

- Зонын æй, мæ зынаргъ Сашæ, фæлæ йæ æз кæнын фидæны фæлтæрæн æмæ гуырыкондæй дæр хъуамæ хъаруджын зына!

Уадз ахæмæй уæд Къоста нæ алкæй зæрдæйы дæр - уæйыгæй, хъаруджынæй, æнæбасæттонæй, уарзонæй…

Дæ ном мыггагмæ у цæринаг,
Дæ цард - гъеныр дæр – сæдæ:
Зæххыл дын нал баззад кæнинаг,
Дæ мæсыг амайын фæдæ.

## ВСПОМОГАТЕЛЬНАЯ ПУНКТУАЦИЯ ДЛЯ ОСВАИВАЮЩИХ ОСЕТИНСКИЙ ЯЗЫК (НА ПРИМЕРЕ ГЛАГОЛЬНЫХ ГРУПП)

**Бтемиров Т.З.**
старший научный сотрудник
Института истории и археологии РСО-А

В условиях языкового сдвига, которые мы наблюдаем в течение последних лет обучение осетинскому языку как второму сталкивается с новыми трудностями. Условия в которых должно происходить освоение языка сильно изменились – все меньше родителей являются носителями языка, сужается языковая среда. На взгляд автора, и исходя из его личного опыта обучения осетинском языку не владеющих взрослых – основным запросом является способность к устной коммуникации на осетинском языке. Подавляющая доля учебных материалов, включая школьные, рассчитана на овладение лексикой,

морфологией, синтаксисом. Ввиду объективных условий совсем небольшое внимание уделяется фонетике и ритмике осетинской речи.

Почему мы считаем, что ритмика – расстановка ударений и объединение слов в акцентуальные комплексы, очень важна для освоения осетинского языка? Дело в том, что если ученик, вступая в коммуникацию на осетинском языке, использует родное для него русское словесное ударение, то его речь становится неестественной и претерпевает смысловые искажения. Почему так происходит? Ответ заключается в том, что в отличие от русского языка, «в осетинском расстановка ритмических ударений определяет не только нюансы, но сплошь и рядом самый простой, элементарный смысл фразы» [1]. В фундаментальной работе В. И. Абаева «Об осетинском ударении» об этом сказано довольно подробно. В этой связи, считаем излишним перегружать текст статьи многочисленными примерами и доказательствами, а также перечислять все правила и случаи образования акцентуальных комплексов, изложенные в вышеупомянутой статье. Но мы рассмотрим примеры наиболее вариативного (факультативного) и сложного для усвоения ударения в глагольных группах. Заострим наше внимание на том, каким образом можно внедрить информацию об акцентуальных комплексах в существующие учебные материалы и подготовить новые.

Итак, возьмем в качестве иллюстрации текст *Фæззæг* [2]. В тексте есть предложения, содержащие глагольные группы, которые В. И. Абаев мог бы назвать термином «сложный глагол» в весьма широком и необычном значении. Таковым термином он именует любой глагол вместе с его ближайшими конкретизаторами: прямым и косвенным дополнением, обстоятельственными словами и пр., а также, в некоторых случаях, с субъектом. Ввести понятие сложного глагола в таком понимании В. И. Абаев вынужден потому, что подобные комплексы при определенных условиях выступают в ритмике осетинской речи как единое целое. К ним мы и присмотримся. Но прежде, для цельности восприятия, приведу текст *Милуси Будаевой* целиком:

**Фæззæг**

Бæлæсты сыфтæр бур, сырх, морæ хуызтæй æрттывта фæззыгон хурмæ. Фæлæ ныр фæуазал æмæ гыццылгай зæхмæ хауын байдыдта. Агуындæйæн йæ

мад æмæ йæ фыд горæты цардысты. Чызг та баззад хъæуы йæ баба æмæ нанаимæ. Ам скъоламæ цыд, æххуыс кодта зæрæдтæн. Агуындæтæн сæ кæрты уыд стыр æнгуз бæлас. Иухатт æхсæвы дымгæ бæласы сыфтæр ииуылдæр æрызгъæлдта. Райсомæй нана кæртмæ рахызтис æмæ загъта:

– Ныр ацы сыфтæр чи ныммæрздзæнис?

Агуындæ дæр йæ фæстæ рахызтис кæртмæ æмæ нанамæ сдзырдта:

– Нана, æз æй урокты фæстæ ныммæрздзынæн.

Скъолайы Агуындæ йе ’мбал Зæринæйæн радзырдта сыфтæры тыххæй. Зæринæ йын загъта:

– Æз дæр дын урокты фæстæ аххуыс кæндзынæн. Фæлæ уал раздæр нæхимæ суайдзынæн æмæ мæ мадæн зæгъдзынæн.

Уроктæ куы фесты, уæд дыууæ чызджы ацыдысты фыццаг Зæринæтæм, уый фæстæ та Агуындæтæм. Тагъд-тагъд ахордтой æмæ сыфтæр ведратæй хæссын райдыдтой бырондонмæ.

Стæй сæм нана радзырдта:

– Уæ къухтæ ахсут æмæ хæрынмæ рацæут. Æз уын диссаджы уæливыхтæ скодтон. Чызджытæ зæрдиагæй бахордтой.

Нана Зæринæйæн арфæтæ ракодта:

– Бузныг, нанайы къона! Дæ ныййарджыты фæндиаг байрæз. Бахъуаджы рæстæг кæрæдзийæн æххуыс кæнын хъæуы.

Исходя из того, что ученик, для которого осетинский язык является вторым, а русский – первым, по умолчанию не склонен образовывать акцентуальные комплексы, мы возьмем те глагольные группы, в которых ошибкой будет ударение на каждом слове глагольной группы, что не приведет к образованию акцентуального комплекса, и, следовательно, приведет к искажению смысла, который мы читаем у автора. Обратные случаи, когда ошибочно происходит комплексация глагольной группы вместо ее разбиения на слова с отельными ударениями, маловероятны.

1) *Агуындæйæн йæ мад æмæ йæ фыд горæты цардысты.*

Вариант прочтения, при котором *гóрæты* и *цáрдысты* получают отдельные ударения, в этом контексте является ошибочным. Но если мы

образуем глагольную группу (акцентуальный комплекс) *го́рæты+цардысты* с ударением на только на *конкретизаторе* глагола, то, согласно контексту, такое произношение верно и не искажает исходный смысл. Как так получается? Говоря словами В. И. Абаева, «ритмика находится в подчинении семантике» [3].

В первом ошибочном случае ритмика показывает, что логическое ударение находится на глаголе *ца́рдысты*, а не на конкретизаторе, выраженном обстоятельством *го́рæты*. Вопрос, на который отвечает предложение с таким ритмическим рисунком: *Агуындæйæн йæ мад æмæ йæ фыд* ***горæты цы ми кодтой****?* Переводя ответ на русский, субъекты *в городе жили* (а не делали в городе что-то другое).

Естественное, в данном случае, для носителя осетинского языка объединение конкретизатора и глагола в этом предложении, отвечает на более широкий вопрос: *Агуындæйæн йæ мад æмæ йæ фыд* ***цы ми кодтой***? Короткий ответ: *горæты цардысты*. Здесь, благодаря образованию акцентуального комплекса в глагольной группе логическое ударение переносится на конкретизатор *горæты*. Таким образом правильный ритмический рисунок не искажает смысл.

Варианты, при которых могло бы произойти объединение в одну ритмическую глагольную группу всего предложения (логическое ударение на *Агуындæйы*) или подлежащего (логическое ударение на *йæ мад æмæ йæ фыд*) теоретически возможны, но ввиду сложности исполнения, маловероятны для осваивающих осетинский язык. Сделаем важную ремарку о том, что все перечисленные варианты ритмики глагольных групп грамматически верны, но ошибочными могут быть только с точки зрения контекста и передачи смысла.

2) *Æз уын диссаджы уæливыхтæ скодтон.*

В этом предложении помимо акцентуального комплекса *æз уын* можно выделить *диссаджы уæливыхтæ* или *диссаджы уæливыхтæ скодтон*, как глагольную группу (конкретизатор плюс глагол) в зависимости от контекста и смысла. Варианты раздельных ударений на *æз* и *уын*, как и отдельные ударения на *диссаджы* и *уæливыхтæ* мы не рассматриваем ввиду их противоречия базовым принципам ритмики осетинской речи. В первом случае мы имеем дело с местоименной энклитикой *уын*, а во втором случае определение *диссаджы*

объединяется в одну ритмическую группу с определяемым *уæливыхтæ*.

Вариант прочтения, при котором *скодтон* произносится с ударением, соответствует и логическому ударению на этом слове. Так, предложение будет отвечать на вопрос: *«Æз уын диссаджы уæливыхтæ* ***скодтон****?»* Или *«Ды нын диссаджы уæливыхтæ* ***скодтай****?»* По-русски ответом будет *чудесные пироги сделала* (именно сделала, а не купила, например). Более вероятный, согласно контексту, смысл будет передан в случае ритмического объединения глагольной группы, состоящей из конкретизатора *диссаджы уæливыхтæ* и глагола *скодтон.* Ударение в образовавшемся акцентуальном комплексе будет на первом сильном слоге *ди́ссаджы* (в последующих словах, разумеется, ударения нет). Таким образом, вопросом к этому предложению будет: *«Æз уын цы скодтон?»* или *«Цы нын скодтай?»* Ответ на русском языке подразумевается следующий: *сделала чудесные пироги* (а не что-то другое, например, кукурузный чурек). Так же как и в предыдущем примере, в этом предложении глагольная группа, согласно закону прогрессивного поглощения, описанного В. И. Абаевым, может распространяться до подлежащего *æз*, если бы мы сделали на нем логическое ударение: ***Æз*** *уы́н диссаджы уæливыхтæ скодтон (****чи*** *нын скодта диссаджы уæливыхтæ?)*

Частным случаем ритмически объединенной глагольной группы, на наш взгляд, является именное сказуемое с глаголом-связкой после именной части. Например: «*Ди́ссаджы æнгом бинонтæ сты!*» [4]. В этом есть схождение с персидским языком, где в обычной речи фразовое ударение, падающее на предшествующее связке слово, настолько сильное, что почти полностью нейтрализует ударение в связке. В этом случае она произносится как *энклитика*, т.е. без паузы и ударения примыкает к предыдущему слову [5]. Сравните осетинское «*Ма́х гео́логтæ+стæм*» и персидское *Má zaminšenā́s+hastim* ( ما زمین‌شناس هستیم) [6].

Переходя ко второму разделу нашего доклада, нужно отметить, что объяснение и усвоение теории осетинского ударения задача очень непростая даже для носителя языка. Нам представляется, что ученики первым родным языком которых является русский, как правило, не распознают акцентуальные

комплексы при аудировании и не воспроизводят их при повторении услышанного вслух. Мы убеждены, что в этих обстоятельствах логичным является обозначение глагольных ритмических групп путем внедрения дополнительной пунктуации. При этом такая пунктуация не должна ограничиваться одним аспектом ритмики, а при необходимости распространяться и на другие случаи, где это необходимо для правильного прочтения и сохранения смысла прочитанного.

По сложившейся издательской традиции, соединения слов в акцентуальные комплексы обозначаются знаком ‿ «лигатура», который не имеет точного соответствия в стандарте кодирования Юникод (знаки в виде круглых скобок сверху U+23DC или U+0361 не предназначены для заполнения пространства между словами). Это является существенным ограничением для его использования. Кроме того, обилие надстрочных знаков «перегружает» текст. Выход нам видится в том, чтобы использовать подходящий для наших задач символ, который должен удовлетворять следующим требованиям: доступность в распространенных шрифтах, компактность, удобочитаемость. Этот символ должен иметь традицию использования в письменных системах.

Обратимся к истории латиницы – буквенному письму, возникшему в середине I тысячелетия до н. э. и впоследствии распространившегося по всему миру. Для словоразделения в классической латинской письменности использовался ***интерпункт*** (от латинского *inter* – «между» и Punctum – «точка»), маленькая точка для разделения слов, которая существовала вплоть до II в. н. э. [7]. Использование пробелов в качестве словоразделителя появилось значительно позже – между 600 и 800 г. н. э. Интерпункт включен в Юникод как U+00B7 Middle dot. Точка центрирована по высоте заглавных букв (например, ALEA·IACTA·EST), и поэтому также иногда называется средней точкой. Интерпункт используется в современном французском языке для формирования гендерно-нейтральных форм: *étudiant* – «студент», *étudiante* – «студентка», *étudiant·e* – «студент_ка». В качестве словоразделителя интерпункт также широко используется в японском языке. Этот символ в осетинском языке способен замещать пробел в случае, если необходимо указать на связь слов в ритмической группе. Донастройка кернинга

– избирательного изменения интервала между интерпунктом и другими символами в шрифтах, сделает набор более гармоничным. Посмотрим, как будут выглядеть осетинский текст, из которого мы брали примеры глагольных групп:

**Фæззæг**

Бæлæсты·сыфтæр бур, сырх, морæ·хуызтæй æрттывта фæззыгон· хурмæ. Фæлæ·ныр фæуазал æмæ·гыццылгай зæхмæ·хауын байдыдта. Агуындæйæн йæ·мад æмæ·йæ·фыд горæты·цардысты. Чызг·та баззад хъæуы йæ·баба æмæ·нанаимæ. Ам скъоламæ цыд, æххуыс кодта зǽрæдтæн. Агуындæтæн сæ·кæрты уыд сты́р·æнгуз·бæлас. Иухатт æхсæвы дымгæ бæласы·сыфтæр иууылдæр æрызгъæлдта. Райсомæй нана кæртмæ рахызтис æмæ·загъта:

– Ныр ацы·сыфтæр чи·ныммæрздзæнис?

Агуындæ·дæр йæ·фæстæ рахызтис кæртмæ æмæ·нанамæ сдзырдта:

– Нана, æз·æй урокты·фæстæ ныммæрздзынæн.

Скъолайы Агуындæ йе·’мбал·Зæринæйæн радзырдта сыфтæры· тыххæй. Зæринæ·йын загъта:

– Æз·дæр·дын урокты·фæстæ аххуыс·кæндзынæн. Фæлæ·уал·ра́здæр нæхимæ суайдзынæн æмæ·мæ·мадæн зæгъдзынæн.

Уроктæ куы·фесты, уæд дыууæ·чызджы ацыдысты фыццаг Зæринæтæм, уый·фæстæ·та Агуындæтæм. Тагъд-тагъд ахордтой æмæ· сыфтæр ведратæй·хæссын райдыдтой быронгдонмæ.

Стæй·сæм нана радзырдта:

– Уæ·къухтæ ахсут æмæ·хæрынмæ рацæут. Æз·уын диссаджы· уæливыхтæ·скодтон. Чызджытæ зæрдиагæй бахордтой.

Нана Зæринæйæн арфæтæ ракодта:

– Бузныг,·нанайы·къона! Дæ·ныййарджыты·фæндиаг байрæз. Бахъуаджы·рæстæг кæрæдзийæн æххуыс·кæнын·хъæуы.

В дополнение можно снабдить слова ударениями, но здесь ударения подчиняются общему правилу, которое не так сложно освоить. Там же, где общее правило нарушается, в учебных целях можно указывать ударения.

Считаем, что в условиях текущего языкового сдвига, в ближайшей перспективе указание связи слов в ритмических группах должно перейти не

только в учебные издания, но и в другие тексты: публицистику, художественную прозу и поэзию. Таким образом удастся избежать разночтений смысла на письме, вызванных вольной читательской трактовкой ритмики, которая в осетинском языке теснейшим образом связана с семантикой.

**Ссылки:**


1. Абаев В.И. Ритмика осетинской речи // Из осетинского эпоса. 10 нартовских сказаний, текст, перевод, комментарии. Л., 1939. С.132.
2. Бибаева М.В. Осетинский (иронский) язык: учебное пособие для 7 класса (для учащихся, изучающих осетинский язык как второй). С.44.
3. Абаев В.И. Там же. С.116.
4. Бибаева М.В. Там же. С.4.
5. Иванов В.Б. Очерк теории персидского языка. Т.1. М., 2020. С.70.
6. Иванов В.Б. Учебник персидского языка (для 1-го года обучения). М., 2016. С.36
7. Wingo, E. Otha. Latin punctuation in the classical age. Paris, 1972. P.16.



**Кцойты М.И.,**
**АКЗУИ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы**
**кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг**


## ***Дзырдарæзт амоныны методикæ***

Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты раз лæууы стыр хæс: бацамонын скъоладзаутæн мадæлон æвзаджы грамматикон сконд, сахуыр сæ кæнын уымæй раст пайда кæнын. Æвзаджы грамматикон сконды æгъдæуттæ, грамматикон раиртæстытæ хорз зонын, уыдоны мидис æмбарын æххуыс кæндзæн скъоладзаутæн сæ хъуыдытæ раст æмæ аив зæгъынæн.

Нырыккон скъолайы ирон æвзаджы программæйы дзырдарæзт, куыд æвзагзонынады хай, ахуыр кæнынц 3- æм къласæй – 9-æм къласы онг. Райдайæн скъолайы ахуырдзаутæ базонгæ вæййынц дзырдарæзты хуымæтæгдæр æмбарынæдтимæ. Дзырдарæзт, куыд æвзаджы системæйы сæрмагонд хай, ахуыр кæнынц 5-7-æм кълæсты. Ахуырдзаутæ зонгæ кæнынц дзырдарæзты сæйраг

мадзæлттимæ, дзырды сæйраг структурæимæ. Дзырдарæзтæй рацыд æрмæг фæлхат æмæ фидаргонд цæуы 8-æм-9-æм кълæсты.

Астæуккаг скъолайы дзырдарæзт ахуыр кæнын фадат дæтты: æвзаджы стилистикон функциты ахадындзинад бамбарынæн, æвзаджы дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнынæн.

Дзырдарæзт ахуыр кæнынæн ис теоретикон æмæ практикон нысаниуæг, æнгом баст у фонетикæ, лексикологи, морфологи æмæ синтаксисимæ. Йæ сæйраг хæс у – базонгæ кæнын ахуырдзауты ирон дзырды структурæимæ, ирон дзырдарæзты сæйрагдæр мадзæлттимæ, равдисын æвзаджы иннæ хæйттимæ æмбастдзинад: фонетикон, лексикон, грамматикон; бацæттæ кæнын фидар бындур æвзаджы грамматикон арæзтæн.

«Дзырдарæзт»-ы размæ лæууы бæлвырд хæс; сахуыр кæнын мадæлон æвзаджы дзырды сконд, дзырдаразæг морфемæтæ æмæ сæ нысаниуæг, дзырдарæзты хуызтæ, ног дзырдтæ аразыны зынгæдæр æгъдæуттæ, дзырдарæзтимæ баст растфыссынады зынгæдæр æгъдæуттæ æмæ æнд. Программæйы ацы хай ахуыргæнгæйæ сывæллæттæ хъуамæ раст бамбарой æмæ арæхсой дзырд йæ арæзæг хæйттыл адих кæнын, ома зоной морфемон анализ кæнын, бæрæг кæной дзырдарæзты хуыз.

Ахуыры процессы ацы темæйæн ис ахсджиаг нысаниуæг: практикон æгъдауæй дзырдæн йе сконды æгъдæуттæ базонын.

«Дзырдарæзт» бацамонынæн ис алыхуызон методикон мадзæлттæ. Кæцыфæнды методикон мадзалæй дæр куы пайда кæнæм, уæддар зæрдыл дарын хъæуы, йæ нысан кæй у мадæлон æвзаджы дзырдты сконд бамбарын кæнын. Цæмæй дзырдарæзт раст бамбарой, уый тыххæй ис спайдагæнæн ахæм методикон мадзæлттæй: ахуыргæнæджы ныхас, беседæ, æвзаджы æрмæгмæ цæст дарын (ома, текстыл кусын) æмæ æнд.

Дзырдарæзтæй кæцыфæнды темæ ахуыргæнгæйæ дæр æнæмæнг хъæуы ахуыргæнæджы ныхас. Хъуамæ ахуыргæнæг хæрзцыбырæй бацамона дзырдæн йæ аразæг хæйттæй алкæцыйы дæр, уыдонæн сæ нысаниуæг. Хуыздæр уыдзæн цæстуынгæ æрмæгæй пайда кæнын. Зæгъæм: ахуыргæнæджы 5-æм къласы бацамонын хъæуы дзырды бындур æмæ кæрон. Уымæй спайдагæнæн ис 4-æм кълæсы цы зонындзинæдтæ райстой, уыдонæй. Уыдон зонынц, номдартæн

хауæнтæм гæсгæ сæ кæрæттæ кæй ивынц, уый. Æмæ сын ис раттæн ахæм куыст: атасындзæг кæнут иууон нымæцы дзырд ***дон*** хауæнты кæрæттæ дæфисæй хицæнгæнгæйæ. Ис ацы куыст раздæр фæйнæгыл ныффыссæн, йе та техникон фæрæзтæй спайда кæнгæйæ таблицæйы хуызы. Скъоладзаутæ цæстуынгæ æрмæгимæ куы бакусой, уæд сын ис раттæн хæс, цæмæй сææхæдæг æрхъуыды кæной 2-3 хъуыдыйæды хицæн хауæнты формæтимæ. Уыцы куысты фæстæ раттын фæрстытæ:

-Дзырдæн йæ кæцы хай нæ ивы?

-Цы нысан кæны уыцы хай?

-Ивгæ цы хай кæны, уый та цæмæн хъæуы?

Ноджы хуыздæр уыдзæн, ахуыргæнæг цæттæ хъуыдыйæдтæ таблицæйы куы равдиса, уæд. Зæгъæм: *Мæ фыд хъæуы сарæзта ног* ***хæдзар.*** ***Хæдзар-ы*** *сæр æмбæрзт у зестæй.* ***Хæдзар-æн*** *йæ къултæ сты чъырæй цагъд.* Хæс: Бакæсын алы хъуыдыйад дæр. Ссарын дзы, сеппæты дæр цы дзырд æмбæлы, уый æмæ йын равзарын йæ конд. Уый фæстæ ахуыргæнæг йæхæдæг хъуамæ зæгъа, дзырды бындур æмæ кæрон цы сты, уый æмæ сæ нысаниуæг.

Хорз уаид, скъоладзаутæм цымыдисдзинад цæмæй æвзæра, уый тыххæй иуæй-иу дзырдтæн чысыл этимологон анализ кæнын, йе та историон фиппайнаг зæгъын. Уымæн спайдагæнæн ис профессор Абайты Васойы ирон æвзаджы «Историон-этимологон дзырдуат»-æй. Зæгъæм, дзырд ***хæдзар*** æвзаргæйæ зæгъæн ис, уый рагон ирон æвзаджы вазыгджын дзырд кæй уыд. Арæзт уыд дыууæ уидагæй – номивæг ***хи***, æмæ номдар ***цар***-æй. Нырыккон ирон æвзаджы йæ нал бæрæг кæнæм, вазыгджын дзырд кæй уыд, уый, æмæ йæ нымайæм иууидагон бындурыл æмæ а.д.

Ахуыргæнæджы ныхасæн ис фæцыбырдæр кæнæн. Гæнæн ис, æмæ ахуыргæнæг зæгъа цæттæ раиртæстытæ дзырды бындур æмæ кæронæн. Уый фæстæ ис рахизæн текст æвзарынмæ. Текстыл кусгæйæ, спайда кæнæн ис беседæйы методæй, ома ахуыргæнæджы фæрстытæ æвæрын хъæудзæн афтæ, цæмæй скъоладзаутæ æрцæуой сæхæдæг бæлвырд хатдзæгмæ. Зæгъæм, бамбарын кæнын хъæуы сывæллæттæн дзырды уидаг æмæ бындур. Ахуыргæнæг фæйнæгыл фыссы, йе та техникон фæрæзы руаджы æвдисы иууидагон дзырдтæ, кæнæ хъæуыдыйæдтæ иууидагон дзырдтимæ. Зæгъæм:

а) хъæд

хъæд-ын

хъæд-бын

æнæ-хъæд

æ) Хæд æввахс у хъæумæ.

Хæдбыны хизынц уæрыччытæ.

Æнæхъæд ран цæрын зын у.

Хъæдын хæдзар ничиуæл аразы.

Ацы дыууæ текстмæ ис беседæйы хуызы сæвæрын фæрстытæ: Бакæсут цæджындзы фыст дзырдтæ. Ссарут дзы иумæйаг хай æмæ йæ бахахх кæнут. Зæгъут, уыцы хайæн ма ис адихгæнæн? Цы нысан кæны уыцы хай? Ахуыргæнæг йæхæдæг хатдзæг скæндзæн æмæ зæгъдзæн, дзырды бындур æмæ уидаг цы сты, уый.

Æрмæг бамбарын æмæ бафидар кæнынæн хорз у чиныджы теоретикон æрмæг бакæсын, стæй æххæст кæнын алыхуызон фæлтæрæн куыстытæ. Тексттæ æвзарын хъæуы ахæмтæ, кæцыты æнæмæнг уа абарæн (зæгъæм, æмуидагон дзырдтæн), адихгæнæн дзырдтæн йæ аразæг хæйттыл æмæ æнд.

Зæгъæм:

а) саразут дзырд ***фыссын***-æй фæсæфтуанты руаджы ног дзырдтæ, бацамонут сын сæ нысаниуæг (*фыссын, фысс-инаг, фысс-æг, фысс-аг* æмæ а.д.);

æ) саразут ног дзырдтæ дзырд *фыссын*-æй разæфтуантæ ны-, ра-, с-, ба-, æр-руаджы. Бацамонут сын сæ нысаниуæг;

б) абарут, фæсæфтуантæ æмæ разæфтуантимæ цы дзырдтæ сарæзтат дзырд фыссын-ы руаджы, уыдон, бацамонут сын сæ нысаниуæг. Ссарут ацы æмуидагон дзырдтæн сæ уидаг. Равзарут дзы алы дзырд дæр дзырдарæзтмæ гæсгæ æмæ а.д.

Цæмæй скъоладзаутæ бамбарой дзырды уидаг æмæ бындур, уый тыххæй кусæн ис дзырдуатимæ дæр.

Дзырдарæзт бæлвырд базонынæн хорз æххуыс у дзырды морфемикон æвзæрст, ома дзырд йæ аразæг хæйттыл дих кæнын, стæй дзырдаразты хуыз бацамонын. Зæгъæм, 7-æм къласы скъладзаутæн бацамонын хъæуы аразæг бындур. Уыдон 5-æм къласы ахуыр кодтой аразгæ æмæ æнæаразгæ бындуртæ, разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантæ æмæ уыдоны нысаниуæг ног дзырдтæ аразыны хъуыддаджы.

Уыцы зонындзинæдтыл æнцойгæнгæйæ амонын хъæуы, аразæг бындур цы у. уый дæр. Æмæ йын æнцонæй бамбарынгæнæн ис дзырдарæзты анализы руаджы. Зæгъæм, дзырд ***уарзондзинад***-æн йæ аразæг бындур у ***уарзон***. Дзырд ***уарзон*** арæзт æрцыд мивдисæг ***уарзын***-æй фæсæфтуан-***он***-ы руаджы æмæ а.д.

Дзырдæн йæ аразæг бындур æмæ йæ аразæг хæйттæ æвзарын хъæуы бæлвырд фæткыл. Æпæты разæй бацамонын хъæуы, цы дзырд æвзарæм, уымæн йæ нысаниуæг, цавæр ныхасы хай у, уый. Уый фæстæ йын равзарын хъæуы йæ аразæг бындур, стæй сбæрæг кæнын, ног дзырд цæй руаджы равзæрд, уый. Сбæрæг кæнын цавæр дзырдарæзты амалмæ гæсгæ конд у лæвæрд дзырд.

Дæнцæг: ***Æбæрнон адæймаг йæ дзырдæн хицау нæу.*** Ацы хъуыдыйад равзардзыстæм ныхасы хæйттæм гæсгæ. Базондзыстæм, дзырд *æбæрнон* у миногон. Миногонæн сбæрæг кæндзыстæм йæ нысаниуæг. Зæгъæм, *æбæрнон*-нысан кæны, йæхимæ хæс чи нæ исы, йе йæ бахæсгонд хъуыддагмæ куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, ахæм адæймаг. Ацы дзырд арæзт æрцыд аразæг бындур *æбæрн*-æй фæсæфтуан *–он*-ы руаджы. *Æбæрн* йæхæдæг та арæзт æрцыд номдар *бæрн*-æй разæфтуан *æ*-(æнæ) йы руаджы. Афтæмæй дзырд *æбæрнон* сæвзæрди бындурмæ разæфтуан æмæ фæсæфтуан бафтауыны руаджы. Ног дзырд нысан кæны миниуæг, дзырд *бæрн* та у абстрактон номдар.

Дзырдарæзты анализæй уæлдай ма дзырдæн ис морфемон анализ кæнæн дæр. Анализы ацы дыууæ формæйы æнгом баст сты кæрæдзиимæ, æмæ тынг æххуыс сты скъоладзауты дзырдуаты рæзтæн. Уыдон æххуыс сты скъоладзауты логикон хъуыдыкæнынады рæзтæн дæр, уæлдайдæр, дзырды морфемон анализ схемæйы хуызы кæнгæйæ. Ахуырдзаутæн, куыд гæнæн ис, афтæ фылдæр дæттын хъæуы фæлтæрæн куыстытæ дзырдарæзтæй. Уыдон хъуамæ ацы темæ ахуыргæнгæйæ сахуыр уой æнæ искæй æххуысæй дих кæнын дзырд йæ аразæг хæйттыл, иртасын дзырдарæзты амал, нысан кæнын дзырдарæзт схематикон æгъдауæй, æмбарой хицæн морфемæты нысаниуæг æвзаджы дзырдуаты рæзтæн. Уый та къухы бафтдзæн, ахуыргæнæг æрмæст ахуыргæнæн чиныгæй куы нæ пайда кæна, фæлæ фаг цæстуынгæ æрмæг куы цæттæ кæна уроктæм, стæй алыхуызон фæлтæрæн куыстыты руаджы.

**Солтанты Д.М.,**
**АКЗУИ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы**
**кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг**
**Хетæгаты А. Д.,**
**Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл**
**Нывкæнынады училищейы ирон æвзаджы ахуыргæнæг**

**Лирикон æмæ эпикон текстты интерпретаци ахуырадон-зонадон архайды активон æмæ интерактивон методтæй, приемтæй æмæ формæтæй пайдагæнгæйæ.**

Сæйраг æмæ иумæйаг ахуырады стандартты литературæ ахуыр кæныны хæстæй иу у – «аивадон уацмыстæн сфæлдыстадон бакаст æмæ анализ кæнын арæхсын бындурон литературæзонынадон æмбарынæдтæ æмæ литературæйы историйæ хъæугæ зонындзинæдтæй пайдагæнгæйæ.

Хистæр скъолайы стандарты – ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын литературон уацмыс куыд аивадон иуæг интерпретаци æмæ анализ кæнын, теоретикон-литературон зонындзинæдтæй пайдагæнгæйæ.

Уацмыс ахуыр æмæ анализгæнгæйæ ахуырдзауы архайд цæмæй ахадгæ уа, уымæн æнæмæнгæй пайда кæнын хъæуы ахуырады активон хуызтæй. Нырыккон уавæрты ахуырады ахадгæ хуыз ссис ахуырдзауты проектон архайд, кæцы психологтæ æмæ ахуыргæнджыты хъуыдымæ гæсгæ æххæст кæны ахуырдзауты ахадгæ домæнтæ, хынцы сын сæ психологон хицæндзинæдтæ æмæ архайы сæ интеллектуалон, сфæлдыстадон æмæ ныфсдæттæг удварны райрæзтыл æмæ сфæлтæрыныл.

Ног ахуырадон парадигмæйы контексты, сæйраг ахуырадон хæс – фидар зонындзинæдты системæ саразыны, раивта хæс – сахуыр кæнын скъоладзауты зонындзинæдты бындурыл архайын, алыхуызон дæсныйадон къабæзты сæ пайда кæнын, уыдонимæ – интеллектуалон куысты. Рæстæджы домæнтæм гæсгæ ахсджиаг у хистæркъласонты литературон ахуырады системæйы практикон куысты райрæзт.

Ахуырадон проект у цавæрдæр цымыдисаг хъуыддаг саразыны мадзал хибарæй, къордгай кæнæ иунæгæй, хи гæнæнтæй æмæ авналæнтæй пайдагæнгæйæ. Уыцы архайд фадат дæтты хи хъарутæ сфæлварынæн, хи гæнæнтæ раргом кæнынæн, зонындзинæдтæй спайда кæнынæн, æхсæнадæн пайда æрхæссынæн æмæ адæмы рæгъмæ рахæссынæн йæ къухы цы бафтыд, уый. Цы у проектон архайд ? Проектон архайд у – бæлвырд аргументтæй фидаргонд фадæттæ агурын, кæцытæ æнæмæнг хъæуынц æвзæрст нысанæн бæлвырд домæнтæм гæсгæ къухы бафтынæн. Проектон архайд у нæ царды ахсджиаг æмæ хъæугæ хай. Проектæн сæххæст кæнæн ис архайды кæцыфæнды сферæйы дæр: техникон, социалон, сфæлдыстадон, экономикон. Проекты æххæсткæнынад фадат дæтты ерысхъом ногдзинады сарæзтæн адæмы домæнтæм гæсгæ.

Литературæйы урокты проектон архайд у архайды интегративон хуыз, кæцы баиу кодта зонадон, ориентацион, сфæлдыстадон, бакуысты руаджы миниуæгивынадон æмæ коммуникативон архайд, кæцы рæзын кæны хиахуырады арæхстдзинад, программæйы æрмæг ахуыр кæнынмæ

цымыдисдзинад, зонындзинæдты хæрзхъæддзинадыл ахадæг, скъоладзауты монон райрæзт æмæ литературон ахуырады æмвæзад фæбæрзонддæр кæныныл ахадæг.

Проектыл кусгæйæ скъоладзау ахуыр кæны æмæ анализ кæны историон документтæ, биографион цаутæ кæнæ аивадон уацмысы текст – уый у зонадон архайд.

Уыцы куыст кæнгæйæ скъоладзаумæ фæзыны йæхи цæстæнгас автормæ, цаутæм, архайджытæм, сæ хъуыддæгтæм, фæзынынц сæм сæхи хъуыдытæ, царды æгъдæутты домæнтæ бамбарынц – уый у цардмæ йæ чи цæттæ кæны, ахæм архайд.

Проект саразыны хъуыддаг у, раздæр чи нæма уыд, ахæм бæлвырд ногдзинад, проектон архайды ис сфæлдыстадон архайды хай дæр.

Къордты кусгæйæ (проект къæйттæй кæнæ къордтæй куы уа) æмæ йæхи куыст презентацийы хуызы æвдисгæйæ, ахуырдзау æмархайд кæны æндæр ахуырдзаутимæ кæрæдзийы бамбарыны тыххæй æмæ иумæйаг нысан къухы бафтыны тыххæй, уымæ гæсгæ уыцы рæстæг уый æххæст кæны коммуникативон архайд.

Проектыл дзургæйæ ахуырдзау архайы хъусæг адæмы йæ темæимæ хуыздæр базонгæ кæнын, архайы сын сæ цæстæнгас аивын автормæ, аивадон уацмысмæ, архайджытæм, уый та у миниуæгивæн архайд.

Хистæркъласонты литературон ахуырады миниуæг ахæм у, æмæ проектон куыстæн йæ бон у суæвын ахуырады иу хай, цæмæй, проектты алы хуызтæ æххæст кæнгæйæ скъоладзауæй рауайа сфæлдыстадон адæймаг, ноджы ма уый æххуыс у скъоладзауы тырнынадæн аккаг æмæ нырыккон ахуырад райсынмæ.

ФПАС-ы куыд бæрæггонд цæуы, афтæмæй сæйраг иумæйаг ахуырады программæтæ рапарахат кæныны хъуыддаджы хицæн скъоладзауты архайды фæстиуджытæ хъуамæ æвдисой коммуникативон компетенцитæ æмгæрттимæ ныхасы æмæ æмгуыстады; сæхицæй хистæр æмæ кæстæр сывæллæттимæ; хистæр фæлтæримæ ахуырадон, æхсæнадон, ахуырадон-иртасæн, сфæлдыстадон æмæ æндæр архайдтыты.

***Литературæйы проект цæттæ кæныны æмæ саразыны технологи.***

Проектон архайды организацион хицæндзинæдтæ баст сты фыццаджыдæр архайджыты алы этапы ахадындзинад дæр бамбарынимæ. Уымæ гæсгæ æркæсæм этаптæм (къæпхæнтæм), кæцытæ æнæмæнгæй хъæуынц литературон проект бацæттæ кæнынæн (иртасæн проекты хуызæгмæ гæсгæ) :

1) Ориентацийы къæпхæн.
2) Пъланаразæн къæпхæн.
3) Æрмæг æмбырд кæныны къæпхæн (наукон литературæимæ зонгæ кæнын).
4) Æрмæгыл бинонығæй бакусыны къæпхæн (æрмæг структурон (кондон) хуызы равæрын).
5) Проект æххæст кæныны къæпхæн.
6) Куысты фæстиуджытæ бабæлвырд кæныны къæпхæн: саразын проектон гæххæтдон æмæ презентацийæн постер.
7) Проекты фæстиуджытæн презентаци скæныны къæпхæн (проект бахъахъхъæнын).
8) Проектæн бæрæггæнæн æвæрыны къæпхæн.

9) Рефлексийы къæпхæн.

Бæлвырддæр æрлæууæм уыцы къæпхæнты мидисыл, сæ алкæцыйы хæстæ дæр сбæрæг кæнæм; цы фæстиуджытæм æнхъæлмæ кæсæм, уый сбæлвырд кæнæм.

**1.Ориентацийы къæпхæн.**

| **Сæйраг хæстæ** | **Къухы бафтинаг фæстиуджытæ** |
|---|---|
| Проекты технологиимæ базонгæ кæнын | Литературæйæ проектты хуызты тыххæй арфдæр æмбарынад |
| Проектыл куыстыты мотиваци сбæлвырд кæнын | Проект бахъахъхъæныны гæнæнтæ сбæлвырд кæнын |

Куысты ацы къæпхæны æмбæрстгонд цæуы, проектон куыст цы у, уый; ахуырдзаутæ зонгæ кæнынц проектты типологиимæ, проектон куысты хицæндзинæдтимæ (хибарæй куыст, æрмæгимæ куыст); проект бахъахъхъæнынæн мадзæлттæ бæрæг кæнынц (конференцийы архайд, ерысты архайд); суинаг проектты тематикæ æмæ хуызтæм æркаст.

**2.Пълан аразыны этап.**

| **Сæйраг хæстæ** | **Къухы бафтинаг фæстиуджытæ** |
|---|---|
| Сбæлвырд кæнын иртасæн куысты темæ, сæйраг фарста æмæ проблемон фарстатæ | Бæлвырд бæрæг иртасæн куысты темæ, сæйраг фарст æмæ проблемон фарстатæ |
| Сбæлвырд кæнын проекты хæс, нысантæ | Иртасæн куысты программæ цæттæгондæй |
| Проекты хæстæ æмæ нысантæ сæххæст кæнынæн сæйраг мадзæлтты номхыгъд сбæлвырд кæнын | Бæлвырдæй фыст хъуыддаджы гæххæтт (документ) – куысты пълан |
| Проекты куыд цæттæгæнæн, афтæ сæйраг мадзæлттæ аразыны рæстæг сбæлвырд кæнын | Пълан æххæст кæныны бæлвырд фæтк (график) |
| Пъланы алы пункт дæр сæххæст кæнынæн бæрнон скъоладзауты сбæлвырд кæнын (къордæй кусгæ проектæн) | Пъланы алы пункт сæххæст кæнынæн дæр бæрнон скъоладзауты номхыгъд |
| Сбæлвырд кæнын æнæмæнг хъæугæ æрмæг æмæ се ’ссарыны мадзæлттæ | Æнæмæнг хъæугæ æрмæг æмæ се ’ссарыны мадзæлтты номхыгъд |

Пълан хъуамæ бæрæггонд æрцæуа бæлвырд æмæ æлвæст хъуыдытæй бæлвырд цифрæтæ æмæ нымæцтимæ. Уыцы этапыл хъæуы æрдзурын проекты алыхуызон идейæтыл æмæ се ’хсæнæй равзарын иу идейæ.

Цæмæй иртасæн куыст æнтыстджынæй цæуа, уый тыххæй хъæуы биноныгæй ахъуыды кæнын проекты куыд сæйраг фарста, афтæ проблемон фарстатыл дæр.

**Сæйраг фарсты ахсджиаг нысан у, скъоладзауты хъуыдыкæнынад уæлдæр къæпхæнмæ сразæнгард кæнын, ома:**

-скъоладзауты разæнгард кæнын бæлвырддзинæдтæ абарынмæ, алыхуызон цаутæ сбæрæг кæнынмæ, бæлвырд хабæрттæ бамбарын кæнынмæ, алы хъусынгæнинæгтыл бакусынмæ æмæ а.д.;

-темæты æмæ предметты мидис кæрæдзиуыл бæттынæл ахуыр кæнын

(предметты æхсæн бастдзинæдтæ);
-скъоладзаутæ ахуыргæнæгмæ цы фарстатæ дæтдзысты, уыдоныл æрдзурын.

**Проекты сæйраг фарста хъуамæ дзуапп дæтта ахæм домæнтæн:**

-хъуамæ йын иунæг æмæ бæлвырд раст дзуапп ма уа;
-хъуамæ скъоладзаутæн цымыдисаг уа;
-иртасинаг æрмæгыл кусгæйæ æнæмæнг сфæлдыстадон мадзæлттæй спайда кæнын;
-хъуамæ скъоладзаутæн уа уæрæх культурологон дунеæмбарынад, цæмæй бæттой зонындзинæдты алы къабæзтæ æмæ иртасыны объекттæ.

*Сæйраг фарст уыд ахæм:*

- Цавæр бынат ахсы сылгоймаджы фæлгонц Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстады ?

*Проекты проблемон фарстатæ уыдысты ахæмтæ:*

-Къостайы сфæлдыстады сылгоймаджы идеал цæй бындурыл сырæзт ?
-Куыд сахадыдтой йæ заманы адæм Къостайы миддуне æмæ дунеæмбарынадыл?
-Цардæй ист цавæр прототипты бындурыл сырæзтысты сылгоймæгты фæлгонцтæ Къостайы сфæлдыстады ?
-Къостайы уацмысты æвдыст сылгоймаджы фæлгонц цавæр у?
-Цавæр аивадон мадзæлттæй пайда кæны Къоста йæ царды алы рæстæджыты сылгоймæгты фæлгонцтæ аразгæйæ?

**3.Æрмæг æмбырд кæныны этап (наукон литературæимæ зонгæ кæнын)**

| Сæйраг хæстæ | Къухы бафтинаг фæстиуджытæ |
|---|---|
| Иртасинаг проблемæмæ гæсгæ литературæ бакæсын æмæ анализ скæнын | Проблемæмæ гæсгæ зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын |
| Проекты сæйраг нысан сбæлвырд кæнын | Проекты нысан фæбæлвырддæр кæнын |
| Нысанмæ гæсгæ куысты мидис æвдисæг бæлвырд хæстæн номхыгъд скæнын | Нысан къухы бафтынæн æххуыс уæвæг æххæстгонд бæлвырд хæсты номхыгъд |

**4.Æрмæгыл бакусыны этап (æрмæгæн структурон хуыз раттын)**

| Сæйраг хæстæ | Къухы бафтинаг фæстиуджытæ |
|---|---|
| Æрмæгæн структурон хуыз раттын | Цæттæгонд абарæн таблицæтæ, схемæтæ, характеристикæтæ. Фыстæй иртасæн куысты сауфыст. |

**5.Проект сæххæст кæныны этап.**

| Сæйраг хæстæ | Къухы бафтинаг фæстиуджытæ |
|---|---|
| Саразын цæттæ продукт (проект) | Цæттæ продукт аразын (проектон архайды продукты рацарæзт бæлвырдгонд цæуы пълан аразыны этапы) |

**6. Куысты фæстиуджытæ бæлвырд фæткыл æрæвæрыны этап: саразын проектон гæххæтдон æмæ постер презентацийæн**

| Сæйраг хæстæ | Къухы бафтинаг фæстиуджытæ |
|---|---|

| | |
|---|---|
| Проекты кæнæ проектон къорды куыст куыд цæуы, уый равдисын | Проектон гæххæтдон (портфолио) æххæст фæлыстæй æппæт æрмæджытимæ æмæ презентацийы постер |

**7. Проекты фæстиуджыты презентацийы этап (куыст бахъахъхъæнын)**

| **Сæйраг хæстæ** | **Къухы бафтинаг фæстиуджытæ** |
|---|---|
| | Раныхас конференцийы наукон докладимæ |
| | Наукон уац ныммыхуыр кæнын |
| | Скæнын урок цæттæгонд проектæй пайдагæнгæйæ |
| Бацæттæгонд проект æхсæнадон æркастмæ рахæссын | Проектон æмæ иртасæн куыстыты ерысы архайын |

Бацæттæгонд проекты бæрæггæнæн хъуамæ æрмæст формалон хуызы ма цæуа. Фыццаджыдæр проекты бæрцон æмæ мидисон бæрæггæнæн ахуырдзаутæн ахадгæ у уымæн, цæмæй сомбоны уæлдæр къæпхæны вазыгджындæр проекттæ æххæст кæной.

Бæрæггæнæн æвæрынæн сæйрагдæр критеритæн уæвæн ис:

1.Равзæрст проблемæты ахадындзинад æмæ актуалондзинад, иртасæн темæимæ æмуаг; иртасæн гæнæнтыл æмæ фæстиуджытыл бакусыны æгъдау;

2.Проекты æппæт архайджыты активондзинад сæ хибарæй гæнæнтæм гæсгæ;

3.Уынаффæты æмгуыстон хуыз (къордон проекты)

4.Проекты архайджытæн кæрæдзийæн æххуысы æмæ ныхасы хуыз;

5.Проблемæ æмбæлгæ хъæугæ уавæрмæ гæсгæ арф равзарын;

6. Æндæр дисциплинæтæй зонындзинæдтæй пайда кæнын;

7.Хатдзæгтæн æвдисæндартæ æрхæссын; хатдзæгтæн аргументтæ ссарын зонын;

8.Баххæстгонд проекты эстетикон хуыз;

9.Ныхмæлæуджыты фæрстытæн дзуæппытæ дæттын, дзуæппыты цыбыр æмæ аргументацигонд хуыз.

**9.Рефлексийы этап.**

| **Сæйраг хæстæ** | **Къухы бафтинаг фæстиуджытæ** |
|---|---|
| Хæслæвæрдтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый анализ | Аналитикон (равзаринаг) æрмæджытæ |
| Иумæйаг архайды фæстиуджытæ æмæ сæ хъомыс | Дискуссион æрныхас |
| Хæслæвæрд æмæ йæ фæстиуджытæ абарын | Проектыл куыст адæмы рæгъмæ рахæссын |
| Суинаг проектон куысты нысан сбæрæг кæнын | Фæлтæрддзинады бындурыл суинаг проектон куысты нысан сæвæрын |

# *СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ*

**Мамытты Р.П.,**
**Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы**
**ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

## *ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ*

**Темæ. Адæмы сæфт иу лæджы сæфтау бонтæй нæ хицæн кæны (Цæлыккаты Ахмæты радзырд «Бынылзад уыбыхаг»-мæ гæсгæ)**

**Эпигрæф: Покинув Родину - теряешь все.**

**(кавказаг æмбисонд)**

Урочы нысантæ: 1. Цæлыккаты Ахмæты радзырд «Бынылзад уыбыхаг»-ы сæйраг хъуыды равзарын.

2. Туркмæ лидзæг хæххон адæмы трагеди равдисын.

3. Райгуырæн бæстæмæ, мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Урочы цыд:***

Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц
Йæ бинонтæ, йæ мад.
Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц
Йæ рæзгæ бонты цард.
Фæлæ уæддæр, ныййарæг зæхх
Дæуæн æмбал кæм и
Дæуæй зæрдæйæн адджындæр,
Зæгъ-ма мын, чи у, чи?!...

Райгуырæн бæстæ.... Райгуырæн зæхх!

Цас хорз æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытыл æфтауы адæймаджы. Уайтагъд зæрдæ айдзаг вæййы цыдæр æхсызгондинадæй, цæстытыл ауайынц нæ урссæр хæхтæ, нæ диссаджы цъæх фæзтæ æмæ быдыртæ. Адæймаг сулæфы арфдæр æмæ уæндонæй. Райгуырæн бæстæ алкæмæндæр зынаргъ у. Мæнæн дæр, сымахæн дæр æмæ нæ абоны ныхасы хъайтар уыбыхаг Хатажукæн дæр.

Мах абон равзардзыстæм Цæлыккаты Ахмæты радзырд «Бынылзад уыбыхаг», скæндзыстæм хатдзæгтæ.

Ӕркӕсӕм уал тексты композицион арӕзтмӕ. Цы у композици? Цал хайӕ арӕзт у ацы радзырд?

*Скъоладзау:* Радзырд арӕзт у 3 хайӕ

*Ахуыргӕнӕг:* Цӕуыл цӕуы дзырд 1-аг хайы?

Скъоладзау: Радзырды 1-аг хайы ӕвдыст цӕуы кавказаг адӕмы трагеди

Ахуыргӕнӕг: Чи ма равдыста уыцы трагедийы нывтӕ?

Скъоладзау. Мамсыраты Темырболат

Ахуыргӕнӕг: Нӕ зӕрдыл нын чи ӕрлӕууын кӕндзӕн уыцы азты трагедийы цаутӕ?

Скъоладзау: 1774 азы Ирыстон барвӕндонӕй баиу Уӕрӕсейы паддзахадимӕ. Уый сын фӕпайда фыссынад саразынӕн, скъолайы къӕсӕрӕй бахизынӕн, иннӕ адӕмты 'хсӕнмӕ цӕуынӕн, дунейы цивилизацийы рӕзтӕй хайджын фӕуынӕн. Ӕцӕг, паддзах, нӕ колониалон режим куы ӕвӕрдта Кавказы, уӕд бирӕ адӕмтӕ растадысты йӕ ныхмӕ, уӕлдайдӕр та пысылмон диныл хӕст адӕмтӕ. Хӕст ныддаргъ ис дӕс ӕмӕ ссӕдз азӕй фылдӕр. Ӕргом хӕст фӕци, фӕлӕ сӕ зӕрдӕйы хӕрам нӕ байсысти. Састы бынаты чи баззад, уыдонӕй иутӕ сӕ мастисыны фӕдыл, протесты хуызы лыгъдысты се 'мдин Туркмӕ, иннӕты сӕ кӕрдтӕ райсынмӕ сӕ бирӕ нӕ хъуыд.

Уыцы уавӕры Турчы хицӕутты дӕр ӕмӕ Уырысы паддзахы дӕр фӕндыд, хӕрам адӕм, Уырысы паддзахады хицауиуӕгӕй разы чи нӕу, уыдон. Туркмӕ куы алидзиккой, уый. Туркӕн пайда уыд, ацы хабар, уыцы Кавказаг адӕм кӕддриддӕр цӕттӕ уыдаиккой Уӕрӕсейы ныхмӕ хӕцынмӕ. Уырысы паддзахадӕн дӕр пайда уыд, уымӕн ӕмӕ хӕрам адӕмӕй сцух уыдаид ӕнӕнцой тохы лӕуд Кавказы адӕмтӕ ныссабыр уыдаиккой. Дыууӕрдыгӕй дӕр кодтой ардауӕн куыст. Ардауджытӕй иу уыд Куындыхаты инӕлар Муссӕ, Темырболаты мадыфсымӕр, уый бирӕ адӕм алидзын кодта йемӕ Туркмӕ 1865 азы.

Ахуыргӕнӕг: Ӕркӕсӕм уал Ахмӕт йӕ радзырды куыд равдыста уыцы трагеди. Кусӕм текстимӕ.

Скъоладзау: Тагъддӕр лидзын хъӕуы ацы ӕнаггӕгтӕй зӕрӕдтӕ, сывӕллӕттӕ ӕмӕ сылгоймӕгтӕй дӕр хатыр чи нӕ зоны, мард ӕмӕ дзуар кӕмӕн нӕй.

Цалынмæ рухс кувæндæттæй нæ фæхынджылæг кодтой, чызджытæ æмæ лæппутæй нæ фæхъазыдысты, сæхи закъонтæ æмæ æгъдæуттæ не ’рæвæрдтой, уæдмæ хъуамæ сæ сæрæн исты хос скæной, кæннод байрæджы уыдзæн.

Адæм хъомпалæй размæ лæгæрстой. Тагъд кодтой ииуылдæр... Алырдыгæй хъуысти къамбецты æмбу, бæхты мыр-мыр, фысты уасын, куыйты ниуын æмæ рæйын, сылгоймæгтæ æмæ сывæллæтты æрдиаг, топы гæрæхтæ. Хатгай-иу адæмы æхсæнæй райхъуыстыты æнкъард зарæджы мыртæ. Бирæты рустыл судзаг цæссыгтæ уадысты, афтæмæй цыдысты, сæ райгуырæн хæхтæй сæ дарддæрæй - дарддæр чи хуыдта, уыцы æнамонд фæндагыл.

Ахуыргæнæг: Сæ маст ныхъхъуыргæйæ ныууагътой сæ райгуырæн хæхтæ, сæ фыдæлты ингæнтæ, бонырухс кæм федтой, уыцы хæдзæрттæ, сæ фосы рæгъæуттæ сæ туг æмæ хидæй æлхæд зæххытæ, ныууагътой сæ фыдæлты бирæ фæлтæрты мулк æмæ фæллой.

Ахуыргæнæг: Тексты ссарут лыгъд адæмы хъизæмæрттæ кæм æвдыст цæуынц, уыцы бынæттæ æмæ сæ абарæм Темырболаты сфæлдыстадимæ

Скъоладзау: Бирæ хъизæмæрттæ бавзæрстой лыгъд адæм фæндагыл фондзыссæдзгæйттæй цагъды кодтой. Мардысты сæ фос æнæ холлаг, æнæ донæй. Фæндаг стæгдарæй нал зынд.

Цалынмæ денджызы былмæ хæццæ кодтой, уæдмæ Хатажук баныгæдта йæ мад æмæ йæ фыды. Амы уазæлттæ, æххормаг, æнæкæрон хъизæмæрттæ - нæ бафæрæзтой йæ дыууæ кæстæр æфсымæр æмæ хо.

Ахуыргæнæг: Ацы цаутæ уын уæ зæрдыл цавæр уацмыс æрлæууын кодтой, чи. у сæ автор.

Ахуыргæнæг: «Дыууæ æмбалы»

Цæй дардыл цы дзурæм

Нæ ис æмæ нæ бæхтæ

Мах залымæн ныууагътам,

Рахастам ма нæ сæртæ.

Не знаг цыди нæ фæстæ

Раст нæ наумæ куы тардта,

Уый Хуыцауæй æдæрсгæ

Мах наумæ куы калдта.

Ахуыргæнæг: Цы сæм ис иумæйагæй æмæ цæмæй хицæн кæнынц?

Скъоладзау: Ахмæт нын йæ радзырды æвдисы иу бинонты хъысмæт. Темырболат та равдыста йæ æмдзæвгæты зæххыл цы бирæ сайд адæмтæ уыд, Кавказы хæхтæй алидзгæ, уыдон.

Ахуыргæнæг: Ахæм зынтæ æвзаргæйæ æрбахæццæ сты сæ былыцъæрттæ кæмæ хордтой, уыцы денджызы былмæ. Цавæр уавæры уыдысты денджызы раз?

Скъоладзау: Мардæрцыд ма цы у - алыхуызон низтæ сарæх сты. Адæмыл емынæ сыстад.

Ахуыргæнæг: Уыцы адæмимæ бады, уырыссæгтимæ-иу мæлæтдзаг тохы чи бацыд, мæлæты цæстытæм ком-коммæ чи каст, уыцы уыбыхаг лæппу Хатажук.

Чи уыди Хатажук? Цы базыдтат Хатажучы тыххæй?

Скъоладзау: Хатажук уыди фæлмæнзæрдæ адæймаг, йæ маст ныхъхъуыргæйæ ныууагъта йæ райгуырæн хæхтæ, йæ фыдæлты ингæнтæ, ныууагъта йæ фыдæлты бирæ фæлтæрты мулк æмæ фæллой.

Стамбулмæ! Стамбулмæ!..-зæгъгæ, æнкъард кæмттæ æмæ сæрбæрзонд къæдзæхтыл кæйдæр фæдисхъæр куы айхъуыст, уæд Хатажучы зæрдæ æнахуыр рæхуыст скодта.

Скъоладзау: Æнхъæлмæ кæсы Хатажук дæр. Кæд ын цыфæнды зын у, уæддæр йæ тыхст уавæр æддæмæ не ’вдисы. Лæг кæмдæриддæр хъуамæ лæг уа. Изæрыгæтты бафынæйы размæ, Хатажук, бæхтæ кæм хизынц, уырдæм ацæуы æмæ йæ диссаджы рæсугъд æнæрцæф æфсургъмæ кæсынæй нал фефсæды.. Йæ иузæрдион æмбалы уындæй ивгъуыд бонты балæууын кæны, æмæ йæ зæрдæмæ хуры тын ныккæсы.

Ахуыргæнæг: Цымæ цæмæн?

Скъоладзау: Алцæмæй дæр бавдæлон Хатажук. Йæ иунæг ныфс ма уыдис йе'нæрцæф æфсургъ, йæ иузæрдион хæлар, гадзрахатæй йыл чи никуы рацыд, бирæ хæттыты йæ чи фервæзын кодта.

Ахуыргæиæг: Бæх æмæ адæймаг, уыдон æрдз кæрæдзийæн æххуыссæн сфæлдыста, бæхы зонджын æмæ æмбаргæ зæрдæ. Цал æмæ цал æфсæддоны фервæзын кодтой тохы быдыры, уымæн бирæ дæнцæгтæ ис. Нæ зæрдыл ма дзы иу цалдæр æрлæууын кæнæм.

Скъоладзауты дзуæппытæ: Мачъыдон Алыксандры бæх Буцефал, Нарты кадджыты бæх Æрфæн, Плиты Иссæйы бæх.

Ахуыргæнæг: Уæдæ Ирыстоны Хъантемыраты Алыбеджы кой чи нæ фехъуыста, ахæм адæймаг стæм разындзæн. Æрмæст ыл нæуæдз азы куы сæххæст, уæд æрхызт йæ бæхæй. Абон Алыбеджы фарн дарддæр хæссынц йæ фæдонтæ. Уæлдай тынгдæр ын æххæст кæнынц йæ сæйрагдæр фæдзæхстытæй иу «Бæх у, адæймаджы зæрдæ æппæтæй тынгдæр чи нкъары æмæ æмбары, ахæм цæрæгой æмæ йæ зæрдæхудты макуы бацæут». Йæ фырт Ирбегæй никуы рох кодта мæнæ ацы хабар.

Алыбеджы кæсгон бæхæн йæ ном хуынди Терк. Æхсæв-иу цы бæхдоны уыд, уымæн йæ рудзынг асаст. Алыбег цалдæр хаты бæхдоны кусæгæн загъта, цæмæй уыцы саст рудзынг раивтаид ногæй. Фæлæ йын уый абон-райсом кодта Иухатт Алыбег тынг смæсты æмæ йын карзæй загъта, цæмæй æвæстиатæй бæхдоны рудзынджы сæвæрдтаид авг. Уыцы рæстæг Алыбег бахызт бæхдонма æмæ джихæй кæсгæйæ баззад йæ бæхмæ. Уый-иу дзыхы дзаг хъæмп systа æма иу æй саст рудзынджы зыхъыры батъыста. Иæ «куыст» куы фæцис, уæд Алыбегмæ æнкъард цæстытæй ракаст, цыма йын афтæ зæгъынмæ хъавыд, ома, сымахмæ куы кæсон, уæд мæ ам уазал дымгæтæ фæхойдзысты, зæгъгæ.

Хатажук æмæ йæ бæхы ’хсæн дæр ахæм ахастдзинæдтæ уыди æмæ нырайсом хъуамæ фæхицæн уой. Цæмæн?

Тексты дыккаг хайæ пайдагæнгæйæ ма мын дзуапп раттут.

Скъоладзау: Райсом хъуамæ Хатажукы дæр нау аласа цытджын падисахы бæстæмæ. Фæлæ уымæй Хатажукæн нæ фенцондæр. Йæ катайыл ма бафтыд. Йæ бæхы йын ласын нæ бауагътой, бынæттæ адæмæн нæ фаг кæны, зæгъгæ

Ахуыргæнæг: Удæй хæстæг уыдысты Хатажук æмæ йæ бæх, уый йеддæмæ йын ничиуал ис, Хатажукæн йæ царды цыдæриддæр æхсызгондзинадæй æрцыд, уыдон ыл иууылдæр йæ бæхимæ æрцыдысты æмæ

мæнæ ралæууыд сæ фæхицæны рæстæг. Йæ царды тæккæ уæззаудæр сахат. Зыбыты иунæгæй куы баззад, уæд..

Хæтæжукы зæрдæ суынгæг æмæ бæхы бæрзæйæ йæ æмыр кæуын райхъуыст.

Ахуыргæнæг: Цæмæн суынгæг йæ зæрдæ Хатæжукæн?

Скъоладзау: Йæ бæхæй кæй хицæн кæны, уымæй

Ахуыргæнæг: Куыд хицæн кæны йæ бæхæй? Тексты æртыккаг хайæ пайдагæнгæйæ ма дзуапп раттут.

Скъоладзау: Ныхсадта йæ, сабыргай араст.

Скъоладзау: Хатажук бæхы фæрстæ æрбацавта

Скъоладзау: Тæхгæ-тæхын - хъримаг аивтыгъта

Скъоладзау: Æвзыгъд барæджы митæй

Скъоладзау: Салам раттыны фæстæ

Ахуыргæнæг: Цавæр маст ын бауагъта йæ зæрдæйы æмæ цы сфæнд кодта?

Скъоладзау: Хатажук йæ сæрмæ не'рхаста йæ цæдисон æмбалæн ын æндæр аргъ кæй не скодтой, тынг æфхæрдыл æй банымадта. Æмæ йæ масты фæдыл ацыд, йæхи æд бæх денджызы баппæрста.

Ахуыргæнæг: Бæх йæ иузæрдион æмбал кæмæн у, уый уæм цавæр фæкаст?

Скъоладзауты дзуæппытæ:

Удæй сыгъдæг

фæлмæнзæрдæ

æцæг æмбал

хъаруджын

хъæбатыр

ныфсджын

сæрыстыр

хиуылхæцгæ.

Ахуыргæнæг: Цы нысан кæны Хатажук æмæ бæхы сæфт?

Скъоладзау: Уыбыхаг адæмы национ трагеди. Фæстаг адæймаджы онг Туркмæ кæй фæлыгъдысты, уымæ гæсгæ сæ фæд фесæфт. Уыбыхаг Хатажук йæхи денджызы кæй баппæрста, уый у нацийы сæфты символ. Уый размæ йе 'ппæт хиуæтты æмæ хæстæджыты амæлæты æвдисæн кæй уыд, уымæй та скæнæн ис

хатдзæг - фæдонтæ йын нал ис æмæ фыдæлты фарн мæрдтæй ничиуал раздахдзæн.

Ахуыргæнæг: Уæдæ нæ урочы темæ дæр уый нысан кæны. Символы кой скодтам, бамбарын кæнæм цы у символ?

Скъоладзау: Символ у - уæрæх арф нысаниуæг чи райсы, ахæм фæлгонц. Ацы радзырды Хатажук æмæ йæ бæх сæхи денджызы кæй баппæрстой, уый у нацийы сæфты символ.

Ахуыргæнæг: Нæ цæст ахæссæм текстыл æмæ ма æрхъуыды кæнæм, цавæр ныхæстæй райдыдта?

Скъоладзау: Йæхимæ ныхъхъуыста уыбыхаг лæппу.

Уыцы хъуыдыйы нын Ахмæт бамбарын кодта, зæрдæ кæмæй фæриссы, ахæм цаутæ кæй æрцæудзæн. Афтæ мæм кæсы, цыма адæмы трагеди уыцы цыбыр хъуыдыйады бавæрдта, уый у уацмысы экспозици.



Ахуыргæнæг: Туркмæ чи ацыд, уыцы адæмæй уыбыхæгтæй æнамонддæр ничи разынд, нæ баци сæ бон бахъхъахъæнын се ’взаг, сæ культурæ, сæ традицитæ. Иуæй-иу ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ уыбыхæгты нымайынц абхазты æмæ адыгты фыдæлтыл.

Абон нæ урочы эпиграф хуымæтæджы нæ ныффыстон уырыссагау, уымæн æмæ, æмбисонд Кавказы адæмтæм се ’ппæтмæ дæр ис, алы æвзæгтыл алыхуызон хъуысы.






Уыбыхæгтæ фесæфтысты. Фæстаг уыбыхаг Тевфик Эсенчы тыххæй ныффыста Баграт Шинкуба йæ роман «Последний из ушедших»-ы. Уый цард Турчы, хорз зыдта йæ адæмы културæ æмæ традицитæ, убыхаг æвзаг, кæцытæ фехъуыста йæ фыды фыд Ибрагимæй, зыдта Французаг лингвист Ж. Дюмезилы. 1992 азы амард, уыимæ амард уыбыхаг æвзаг дæр. Аслан Кабалалиев йæ æмдзæвгæйы куыд хорз равдыста уыбыхæгты хъысмæт.

Байхъусæм-ма йæм.   (Скъоладзау кæсы æмдзæвгæ)

ДОРОГА ИЗГНАНЬЯ

Аслан Кабалалиев

Погасший очаг, обречённости гул
И плач одинокой свирели.
Дорога изгнанья. Далёкий Стамбул
И двое на старой телеге.

Один, как вершина Эльбруса седой -
Обитель адыгского духа,
Другой же, мальчишка, совсем молодой,
Как ствол неокрепшего дуба.

Их два поколенья с судьбою одной,
Их участь - Кавказа утрата

И горечь прощанья с землёю родной,
За честь и свободу уплата.

Черкесии нет, уничтоженный рай
И море адыгов уносит.
- А может остаться, ведь это наш край -
Ребёнок у дедушки спросит.

Рука рукоятку кинжала сожмёт
И старец в отчаянье скажет:
- Что в сердце твориться моём, кто поймёт.
Кто истины путь мне покажет?!

Душа заблудилась в пучине судьбы
Во мраке обманов и войн.
Из этой столетней, кровавой борьбы.
Как выйти народу свободным?

Мы птице подобны с разбитым гнездом,
Без песен, без неба и воли,
Которая пала с подбитым крылом
В объятия горькой неволи.

Нет!!! С рабскою долей адыгам не жить
Коль сердце адыгское бьётся
И в клетке позорной не сможем мы быть
Хоть Родиной клетка зовётся.

Уедем, сыночек, уедем туда,
Где как - то мы всё ж сохранимся
И может быть, может быть через года,
И наша звезда загорится!

Тебе же, мой мальчик, скажу я одно,
Когда я умру на чужбине,
К ОТЧИЗНЕ направь изголовье моё -
Мне МЕККА она и МЕДИНА!

И ты эти чувства с собой пронеси
И, чтоб ни случилось бы, помни -
Откуда ты родом, кто предки твои
И станешь адыгом достойным. -

Погасший очаг, обречённости гул
И плач одинокой свирели.
Дорога изгнанья. Далёкий Стамбул
И двое на старой телеге...



Ахуыргæнæг: Хъыгагæн, абон ЮНЕСКО бахаста ирон æвзаг, сæфгæ чи кæны, уыцы æвзæгты къордмæ.

Ныртæккæ мах цы царды цæрæм, уый арæзт цыди тынг раджы, бирæ фæлтæрты зондæй. Уыцы хъæздыгдзинадæй мах пайда кæнæм суанг дунейы

рухсмæ куы рахизæм уæдæй нæ амæлæтмæ. Нæ фыдæлты æгъдауыл чи хæцы, уыдоны кад, æфсарм æмæ уæздандзинад зынаргъ кæмæн не сты, йæ мадæлон æвзагыл стыр зæрдæ чи у, уый цæй ирон у?

Урокæн хатдзæг скæнæм.

Уæ зæрдæмæ хæстæгдæр цы айстат?

Скъоладзау: Уыбыхæгты трагеди.

Скъоладзау: Цæмæй мах дæр уыбыхæгты хъысмæт ма баййафа, уый тыххæй нæ хæс у нæ рагфыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ фидар кæнын. Æвзаг сафын ма бауадзæм, фылдæр ыл дзурæм.

**Даураты А.И.**
**Дзæуджыхъæуы 8-æм скъолайы**
**ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 7-ÆМ КЪЛАСЫ

## Темæ: «*Музейы экспонаттæ дзурынц»*

**Эпигрæф:**
«Музей – дуар ивгъуыдмæ æмæ рудзынг фидæнмæ»
Петер Кампитс

**Урочы нысан:** Сывæллæтты зонгæ кæнын рагон ирон хæдзары дзаумæттæ æмæ мигæнæнтимæ, сæ нысаниуæгимæ. Сабиты ныхасы рæзтыл кусын. Сæ зæрдæты гуырын кæнын цымыдисдзинад нæ фыдæлты культурон хæзнатæм.

Урочы хуыз: урок-балц.

Урочы æрмæг: презентаци, авдæн, пирæн, æлхуый æмæ уæдæртт, хъуылæг, сивыр, хъултæ.

Урочы цыд:

Мотивацион уавæр.

Ахуыргæнæг: Сабитæ, абон нæ урок хуымæтæг нæ уыдзæн, фæлæ æнахуыр æмæ цымыдисаг.

А. - Зæгъут-ма, таурæгъты цавæрдæр машинæйы кой фæкæнынц, кæцы æххуыс кæны адæймагæн ивгъуыдмæ бахауын, цы хуыйны?

С. - Рæстæджы машинæ(машина времени)

А. - Раст, фæлæ ма зæгъут, ахæм машинæ æцæгæйдæр ис?

С. - Нæй.

А. - Нæй, фæлæ мæ уæддæр фæнды ивгъуыдмæ бахауын иу уысм, банкъарын уыцы рæстæджы уддзæф, уæд цавæр машинæйыл сбадон уырдæм? (байхъусын сывæллæтты дзуæппытæм)

А. - Уæдæ цæмæй ивгъудмæ иучысыл адæймаг бахауа, уый тыххæй ис диссаджы рæстæджы машинæ, уый ис алы сахары(горæты) дæр, мах арæх вæййæм уыцы машинæйы бадджытæ. Базонут-ма йæ, цавæр у? Уый у хæдзары хуызæн , уым хъæуы хи хорз дарын, лæмбынæг хъусын, ис дзы æнахуыр, цымыдиссаг дзаумæттæ. Базыдтат æй?

С. - Уый у музей.

А. - Тынг раст. Уыцы диссаджы машинæ у музей. Уый фæрцы мах базонæм нæ фыдæлты цардæй цымыдиссаг хабæрттæ. Фæлæ, музейтæ дæр алыхуызон вæййынц. Цавæр музейтæ вæййы?

С. – историон, аивадон, этнографион, литературон æмæ æнд.

А. - Уæдæ куыд зонут, афтæмæй не скъолайы дæр ис музей, уый у этнографион. Раздæр загътам, музейы вæййы цыдæр цымыдисаг дзаумæттæ, уыдон хуыйнынц экспонаттæ.

3. Сæйраг хай.

Уæдæ нæм абон урокмæ арбауазæг кодтой цалдæр экспонаты, фæнды сæ немæ базонгæ уæвын, фæлæ æнæ сымах æххуысæй сæ бон дзурын нæу æмæ сæм фæкæсут. Уый тыххæй та мах сымахимæ уыдзыстæм 2 къордæй: «Иры стъалытæ» æмæ «Хуры тынтæ». Æмæ нæ хæс уыдзæн абон уыцы экспонатты сдзурын кæнын æмæ семæ лæмбынæгдæр базонгæ уæвын.

Фыццаг экспонат у пирæн (слайд). Цæмæн хъуыд пирæн?

- Пирæн хъуыдис къуымбил пырынæн. Цæмæй къуымбил сфæлмæн уа, схæмпус уа æмæ æнцонархайд уа, къуымбил уыдзæн æнцон æлвисæн. (сывæллæттæ æвдисынц пирæнæй куыст).



Дыккаг экспонат ӕлхуый ӕмӕ уӕдӕртт



- Къуымбмилӕй  дзы ӕндах балвисынц ӕмӕ зымӕгмӕ скӕнынц цъындатӕ.

Ӕртыккаг экспонат у сивыр



- Сивыр у уӕлӕнгай хъӕдӕй конд арынг, йӕ бын хуынкъ. Агӕй – иу систой сивырмӕ фых дзидзатӕ, цӕмӕй хуынкъӕй дзидзаты бас ӕртӕдза, ӕрлӕдӕрса. Фӕрсыгътой дзы бӕгӕны дӕр.

4-ӕм экспонат у хъуылӕг (слайд)

- Ӕхсыры цъӕрттӕ ӕрӕмбырд кӕнынц ӕмӕ сӕ хъуылыджы сцӕгъдынц. Схауы дзы нӕлхӕ, чи ма дзы баззайы, уый та у тынг хӕрзад мисын.

5-ӕм экспонат хъултӕ (слайд)



- Фыс-иу куы аргæвстой, уæд ын-иу йæ къæхты хъултæ бакой кодтой æмæ сæ-иу лæппутæ хъазыдысты «хъултæй хъазт». Хъултæн ис цыппар фарсы: «цыг», «фыр», «тæу» æмæ «сах». Хъултæ хъæуы сæууилын æмæ сæппарын. Цыг куы абада, уæд уый никæцы хъулы цæвы. «Фыр» цæвы æрмæстдæр цыджы. «Тæу» цæвы фыры дæр æмæ цыджы дæр. «Сах» та æппæт хъулты дæр. Дыууæ хъулы æмхуызон куы рхауой, уæд хъазт нæй æмæ алчидæр йæ хъул ногæй æууилы.

Ацы хъазтыл ма ис æмбисонд дæр «Йæ хъул сах абадт», зæгъгæ.

6-æм экспонат авдæн (слайд)



- Дзырд авдæн арæзт у нымæцон авдæй. Адæм куыд дзурынц, ома авд сывæллонæн. Авд сывæллоны кæмæн уыд, уыдон нымад уыдысты æхххæст бинонтыл. Фæстаг сывæллоныл та арæх æвæрдтой ном Авдан – æвдæм. Ирыстоны ис ахæм авдæнтæ, иу хæдзары æртæ-цыппар фæлтæры йæ къахыл чи ауайын кодта.

Авдæн у, ивгъуыд æнустæй хæзнайау, стыр уарзонæй сывæллоны фынтæн арæзт дзаума. Арæзтой йæ фидар хъæдæй æмæ уымæ гæсгæ йын уыд бирæ цæрæнбон.

- Уæдæ ма бафæлварæм, цымæ куыд зонут авдæнты бæттын (сывæллæттæ бæттынц авдæнтæ)

- Тынг хорз сарæхстыстут. Бузныг уын! Уæдæ базонгæ стæм нæ абоны экспонаттимæ.

Къорды куыст: 1. Саразын хъуыдыйæдтæ.

Лæппутæ, хъултæ, уынджы, хъазын.

Нана, хъуылыг, кæрт, цæгъдын.

Бæгæны, сивыр, бæрæгбон, фæрсудзын.

Гыццыл, авдæн, саби, мад, узын.

Мах, музей, арæх, фæцæуын.

Баххæст кæнын дзырдыбыд:

Маслобойка.

Колыбель

Корыто с дырочками для пиво

Чесалка шерсти

Веретено

Место, где хранятся старинные вещи, хранитель истории

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Хъ | | | | | |
| А | | | | | |
| С | | | | | |
| П | | | | | |
| Æ | | | | | |
| М | | | | | |

4. Хатдзæгтæ.

Синквейн:

Музей

Историон, рагон, цымыдиссаг

Цæуын, хъусын, зонын

Музей у ивгъуыдмæ дуар.

Рæстæджы машинæ.

Рефлекси.

-Абон нæ урочы цæуыл дзырдтам?

-Цавæр экспонаттимæ базонгæ стæм?

-Уæ зæрдæмæ дзы тынгдæр кæцы фæцыдис æмæ цæмæн?

-Нæ абоны куыстæй уæхицæн цы райсдзыстут?

-Урок уæ зæрдæмæ фæцыд (нæ фæцыд)?

- Сабитæ, бузныг уæ куыстæн, тынг хорз бакуыстат, мæ зæрдæмæ фæцыдыстут (сæвæрын бæрæггæнæнтæ).



**Фардзинты К.Х.,**
**Алагиры 2-æм скъолайы**
**ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ**

**Темæ: «Нæ уалдзæг æрхæстæг,**

**Ærхæссы нын фарн»**

**(Мивдисæг)**

Урочы нысантæ:

- Зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ систематизаци скæнын мивдисæгæй рацыд æрмæг, алыхуызон фæлтæрæнты руаджы йæ практикон æгъдауæй ныффидар кæнын.

- Сывæллæтты хъуыды кæнын, хатдзæгтæ кæнын ахуыр кæнын; орфографион къæрцхъусдзинад сæм æвзæрын кæнын; дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.

- Ærдзы фæзындтæм цымыдисдзинад хъомыл кæнын сывæллæттæм; къордты кусын сæ ахуыр кæнын.

Урочы фæлгонц:

компьютер, интерактивон фæйнæг, хуымæтæг фыссæн фæйнæг.

Урочы цыд

I.Бацæттæгæнæн рæстæг

- Урочы темæйы хъуыды равзарын. Фарн цы нысан кæны? Кæд спайда кæнынц ацы дзырдæй? Цавæр фарны хъуыддагмæ æнхъæлмæ кæсæм иууылдæр?

1. Мотивацион уавæр

- Байхъусут –ма ацы рæнхъытæм:

Дымгæ рахаста йæ былтыл

Зымæгæн йæ фæстаг дарæс.

Акæс-ма, ныззылд кæуылты!

Ахæсс карз зымæджы, ахæсс!

- Цымæ цавæр афæдзы афоны кой цæуы ацы рæнхъыты?

- Цавæр ивддзинæдтæ æрцæуы æрдзы уалдзæджы?

Ахуыргæнæг:

- Нæ ныхас уыдзæн уалдзæджы тыххæй дæр. Фæлæ цавæр грамматикон темæйыл дзурдзыстæм, уый ныртæккæ базондзыстæм.

- Ныффыссут уал нымæц, «Къласы куыст» æмæ темæйæн иу рæнхъ фæуадзут.

II. Актуализаци.

1.Интерактивон фæйнæгыл хъуыдыйæдтæ фыст. Баххæст сæ кæнут хъæугæ дзырдтæй.

Уæлдæф адджын … дыргъбæлæсты дидинджыты тæфæй. Зæрдæ … мæргъты алыхуызон зарджытæ. Ардыгæй фæззæгмæ хуры тынтæ мады къухтау …адæймаджы уæнгтæ.

Дзырдтæ спайда кæнынæн: рухс кæнынц, ад скодта, рæвдаудзысты.

- Ацы хъуыдыйæдтæ текст схонæн ис? Цæмæ гæсгæ?

- Цы дзырдтæй баххæст кодтат хъуыдыйæдтæ, уыдон цы нысан кæнынц?

- Куыд хонæм ацы ныхасы хай?

- Куыд æмбарут «зæрдæ рухс кæнынц»? Ахæм дзырдбаст куыд хуыйны? (фразеологизм – æнгом дзырдбаст)

- «Хуры тынтæ рæвдауынц» : литературæйы ахæм мадзал куыд хуыйны? (олицетворени)

2. Куыд бамбæрстат, афтæмæй абон дзурдзыстæм МИВДИСÆГЫЛ. Ныффыссут темæ. ( слайд)

3. Хæдзармæ лæвæрд уыди хæс: грамматикон аргъау ныффыссын мивдисæджы тыххæй.

(Скъоладзау кæсы грамматикон аргъау мивдисæджы тыххæй.)

Аргъау

Раджыма – раджы Ныхасы хæйтты бæстæйы царди Мивдисæг. Йæ удхæссæг уыдта магусатæй æмæ уæзбынтæй, уымæн æмæ йæхæдæг æдзух цыдæртæ архайдта: згъордта, арæзта, ленк кодта, кафыди, ныв кодта æмæ афтæ дарддæр. Алы куыст дæр кодта зæрдиагæй.

Сыхæгтæй бирæтимæ царди хæларæй, фæлæ æппындæр нæ уарзта хайыг нæ –йы æмæ дзы кæддæриддæр йæхи дард ласта.

Ноджы ма мивдисæгмæ уыди алæмæттаг миниуджытæ: куы-иу ивгъуыды фестад, куы-иу ныртæккæйы заманы æрбалæууыд, куы та-иу фидæнмæ фæраст.

Уæдæ йæ цæсгом дæр æдзух раив-баив кæй кодта, уый дæр хуымæтæджы миниуæг кæцæй у?

Ӕмæ ма бирæ æндæр сусæгдзинæдтæ æмбæхста Мивдисæг.

Ахуыргæнæг: Абон нæ хæс у уыцы сусæгдзинæдтæ раргом кæнын.

Ныр та уал мын зæгъут, ацы аргъауы руаджы мивдисæджы æууæлтæй кæцытæ æрлæууыдысты нæ зæрдыл?

III. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын

1. Фронталон фарст.

- Цы нысан кæны мивдисæг?

- Цавæр фæрстытæн дзуапп дætты?

- Мивдисджытæ куыд ивынц?

- Сæ арæзтмæ гæсгæ цавæртæ вæййынц?

- Хъуыдыйады арæхдæр цавæр уæнг вæййынц?

2. ( слайд) Скъуыддзаг бакæсын, сæргонд ын æрхъуыды кæнын.

Уалдзыгон хуры тынты йæхи найы нæ бал бæлас. Афтæ мæм кæсы, цыма ныртæккæ йæ базыртæ сисдзæн æмæ ныппæррæст ласдзæн арвы цъæхмæ.

Бурбын стъæлфытæй æрбадтысты мыдыбындзытæ æнæхъæн бæласыл…

(Цæгæраты М)

- Рафыссут мивдисджытæ; сбæрæг сын кæнут сæ афон, цæсгом, нымæц, арæзт.

- Фыццаг хъуыдыйад рафыссын , синтаксисон æвзæрст æй ракæнын.

( слайд) 3. Ацы дзырдбæстыты мивдисджытæ антонимтæй баивын.

- Антонимтæ цы сты?

Базыртæ сисдзæн – æруадздзæн

Ӕрбадтысты бæласыл – стахтысты

( слайд) 4.Синонимтæ та цы сты? Ацы мивдисæгæн синоним ссарын.

Ныппæррæст ласдзæн – стæхдзæн

- Дывæргонд дамгъæты растфыссынад бамбарын кæнут.

5.Къордты куыст (алы къордæн дæр хæс йæ разы æрæвæрын).

- Ацы мивдисджытæ къордтæм гæсгæ фæхицæн кæнын.

1-аг къорд - фыццаг цæсгомы мивдисджытæ фыссы,

2-аг къорд – дыккаг цæсгомы мивдисджытæ,

3-аг къорд – æртыккаг цæсгомы мивдисджытæ.

Дзурын, куыстат, кæсут, цыдыстæм, æххуыс кæнын, ахуыр кæндзысты, æфснайдзысты, марзтой, рувдзыстут.

- Алы къорд йæхи мивдисджытимæ (рæстæг кæд нæ амона, уæд иу мивдисæгимæ) фыссы хъуыдыйæдтæ; гæнæн кæм ис, уым уалдзæджы темæйыл.

- Бамбарын –ма кæнут ацы мивдисджыты растфыссынад: æххуыс кæнын, ахуыр кæндзысты, марзтой.

IV. Кластер саразын мивдисæгæй интерактивон фæйнæгыл.

Фæйнæгыд фыст дзырд мивдисæг. Сывæллæттæ лæвæрд дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй æвзарынц, мивдисæгмæ хауæг кæцытæ сты, уыдон:

Архайд, хауæнтæ, миниуæг, фарстон-ахастон, иууон нымæц, 1-2-3 цæсгæмттæ, бирæон нымæц, нырыккон афон, рæнхъон, ивгъуыд афон, суинаг афон, сæрмагонд æмæ иумæйаг, предмет, хуымæтæг, вазыгджын.

V. Рефлекси (слайд)

1. Куысты хуызтæй мæм æнцондæр фæкаст…

2. Æппæтæй зындæр уыд, мæнмæ гæсгæ, ацы куысты хуыз…

3. Мæ зæрдыл мæ æрлæууын кæнын хъæуы …

VI. Хæдзармæ куыст: (слайд) 1. Уалдзæджы тыххæй 4 рæсугъд хъуыдыйады ныффыссын, сæ мивдисджытæ сын равзарын, къласы куыд æвзæрстам, афтæ;

2. сочинении-миниатюрæ: « Нæ уалдзæг æрхæстæг,

Æрхæссы нын фарн»

VII. Сывæллæттæ аргъ кæнынц сæхи куыстæн дæр, кæрæдзийы куыстæн дæр

**Мæргъиты И.К.,**

**Алагиры 4-æм скъолайы**
**ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

**Темæ: «Рæсугъд у чард, фæлæ цардæй рæсугъддæр æмæ тыхджындæр та у Райгуырæн бæстæ» (Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Фыдыбæстæ»-мæ гæсгæ)**

***Эпиграф:***
**«Бæстæтæ бирæ сты, дуне уæрæх,**
**Цард сæ æнхъæвзы фæрнæй,**
**Фæлæ дæ хуызæн, мæ Райгуырæн зæхх,**
**Ацы стыр дунейы нæй…» (Чеджемты Æ.)**

## Урочы цыд:

**I. Бацæттæгæнæн рæстæг.**

**1**. Сывæллæттæ, абон нæм уазæгуаты æрбацыдысты Ирыстон йæ удæй фылдæр чи уарзы æмæ йын лæггад кæны, уыдон - нæ районы ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ!

**2. Мотиваци.** Нæ урокмæ ’рбахуыдтон 8-æм къласы ахуыргæнинæгтæ Къостанты Чермен æмæ Годызты Арсены. Уыдон нын равдисдзысты цыбыр

Темæ: ***«Рæсугъд у цард, фæлæ цардæй рæсугъддæр æмæ тыхджындæр та у Райгуырæн бæстæ»*** *(Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Фыдыбæстæ»-мæ гæсгæ)*

**Нысантæ:**
1. Базонгæ кæнын цыбырæй Кочысаты Мухарбеджы цардæрфыстимæ.
2. Равзарын æмдзæвгæ «Фыдыбæстæ».
3. Ахуыр сæ кæнын литературон нормæтæм гæсгæ раст дзурын æмæ кæсынæл, хи хъуыдытæ уæндондæрæй æргом кæнынæл.
4. Сабиты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ, ирон аив дзырдмæ.

***Нырыккон технологитæ урочы:***
1.Информацион технологи.
2. Коммуникативон технологи.
3.Критикон хъуыдыкæнынад рæзын кæныны технологи.
**Урочы фæлгонц:** Презентаци фыссæджы тыххæй, видео-æрмæг, æмбисæндтæ, цыбыр сатирикон ныв, проектон куыст «Мæ уарзон горæт Алагир», зарджытæ.
**Техникон фæрæзтæ:** компьютер, интерактивон фæйнæг «**SmartBoard**», (презентаци программæ «**PowerPoint**»-ы, хæслæвæрдтæ «**SmartBoard**»-ы, алы ахуырдзауы раз дæр пультытæ тестытæ кæнынæн программæ «**Блокнот MimioStudio**»-йы).
**Дзырдуатон куыст:** æдас, цардамонд, æвдадзы хос, сæрвæлтау.
**Универсалон ахуырадон архæйдтытæ урочы:** коммуникативон, миддуне

хъæздыг кæнын, регулятивон
сатирикон нывв, *«Рагæй дæр иухуызон уыдысты»*, зæгъгæ, Коцойты Арсены карикатурæмæ гæсгæ.

Уæ хорзæхæй, байхъусут -ма сæм лæмбынæг æмæ зæгъут, цæуыл у сæ ныхас?

- Уæ зæрдæмæ фæцыдысты, æви нæ?

**Дзуæппытæ.**

- Саукуыдз æмæ Темболæн (сценкæйы персонажтæ) сæ ныхасы сæр уыди Фыдыбæстæ.
- Раст хъуыды кæнут!
- Куыд уæм кæсы, ацы дыууæ лæджы уарзынц сæ Райгуырæн бæстæ, æви нæ? (Нæ уарзынц! Уымæн æмæ сæ цæрæнбынæттæ аивтой, æхцайы цæстæй кæсынц цардмæ… Дæ гуыбын хуыздæр кæм дзаг кæнай, уый дын Фыдыбæстæ, зæгъгæ, уый раст нæу! Куыд хъуамæ сыстырзæрдæ уай дæ Райгуырæн бæстæйыл…)
- Сымах дæр афтæ хъуыды кæнут, æви куыд?

## II. Ног æрмæг.

1. **Ахуыргæнæг.** Уæдæ-ма ахъуыды кæнут, æмæ зæгъут, цæуыл дзурдзыстæм абон нæ урочы? Дзуæппытæ. (Фыдыбæстæйыл)

Раст загътат, мæ къонатæ. Æркæсут - ма ацы дзырдæн йæ арæзтмæ дæр. (Слайд) **Фыд + бæстæ** - Цавæр дзырдтæй арæзт у? (Ома фыд кæм райгуыры æмæ кæм цæры, уый). – Æвзаджы ахæм дзырдтæ куыд хонæм? (Вазыгджын дзырдтæ) - Уырыссаг æвзагмæ ма мын æй ратæлмац кæнут. (Отечество, Родина)

Сывæллæттæ, урочы мын раст дзуапп куы дæттат, уæ хæслæвæрдтæ раст куы æххæст кæнат, уæд-иу æй фæбæрæг кæндзынæн фæйнæгыл мæнæ ацы музыкалон дæгъæлтæй, æмæ нæ урочы кæрон фендзыстæм, цымæ нын дзы цавæр мелоди рауайдзæн.

2. Нæ урочы эпиграф-ма бакæсæм *(Чеджемты Æ.æмдзæвгæ «Райгуырæн зæхх»-æй ист ныхæстæ, интерактивон фæйнæгыл)* .Уæ зæрдыл æй бадарут, цымæ йæ хъуыдыимæ урочы кæрон сразы уыдзыстут.

***«Бæстæтæ бирæ сты, дуне уæрæх,***
***Цард сæ æнхъæвзы фæрнæй,***
***Фæлæ дæ хуызæн, мæ Райгуырæн зæхх,***
***Ацы стыр дунейы нæй…»***

Афтæ хъуыды кодта Мухарбег дæр. Йæ Райгуырæн бæстæ тынг бирæ кæй уарзта, уый равдыста йе мдзæвгæ **«Фыдыбæстæ»**-йы.

Абон мах дæр нæ урочы базонгæ уыдзыстæм диссаджы зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæ «Фыдыбæстæ»- имæ. Фысгæ та йæ ныккодта, Ирыстон йæ удæй фылдæр чи уарзта , уыцы курдиатджын зынгхуыст поэт Кочысаты Георгийы фырт Мухарбег.

Уый райгуырди 1920 азы 1 майы Олгинскæйы. Хъæуы скъолайы 7 къласы бакаст. Уый фæстæ ахуыр кæнын райдыдта Дзæуджыхъæуы педагогон техникумы. Ам хæрз æрыгонæй фæцалх ис æмдзæвгæтæ фыссынил. Стæй та бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Ахуыр кодта ирон æвзаг æмæ литературæйы хайады. Иттæг хорз кæй ахуыр кодта, уый тыххæй иста Къостайы

номыл стипенди.

Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Бæргæ йæм рæсугъд фæндтæ уыд, фæлæ хæст, хæст у…(равдисын слайд поэты ныхæстимæ: «Ацы хæст фесæфта бæстæ…») Йæ фыстæджы Нигермæ та афтæ фыста…(слайд равдисын)

**3.** Кочысаты Мухарбеджы æз зынгхуыст поэт хуымæтæджы не схуыдтон, уымæн æмæ 1941-æм азы Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд барвæндæй ацыд тохы быдырмæ æмæ нал сæздæхт. Уыдис афицер. Снайпер.

**Уый фыста:**

*Кæйдæртау нæ фæлыгъдтæн тохæй,*
*Нæ бамбæхстон пыхсы мæ сæр.*
*Дæ хъахъхъæнæг, сау айнæг хохау,*
*Æрлæууыдтæн фидар æз дæр.*

**4**. Мухарбег хæстмæ йемæ ахаста стыр хæзнайау, Къостайы чиныг «Ирон фæндыр».

Поэт Дзаболаты Хазби фыста йе ’мдзæвгæйы Мухарбеджы тыххæй:

«Куы хæссай зæрдæйы æмбуар
Къостайы сагъæстæй конд чиныг,
Уæд нæй тæппуд уæвынæн бар,
Уæд нæй мæлæтдзаг тохы чиуын»

**Фæстæдæр Мухарбег йæ мадмæ фыстæджы фæдзæхста йæ ахуыргæнæгмæ**: «*Зинæ, Туаты Оляйы куы фенай, уæд ын мæ номæй салам ратт, зæгъ-иу ын, йæ фæдзæхст ын æххæст кæнын: хорзæх райстон. Уæдæ,зæгъ, уæлахизæй дæр æрыздæхдзынæн рæхджы,- йæ зæрдæ мыл дарæд».*

**Йæ иннæ ахуыргæнæг Нигермæ фыстæджы та уыд ахæм рæнхъытæ:** *«Хæсты цæхæры фадат нæй сфæлдыстадон куыстæн.Фæлæ мын кæд литературæйы хорзæй ницы бантыст,бирæ ныфсытæ мæм уыд, афтæмæй, уæд мæ ам та мæ командиртæ нымайынц хорз хæстоныл. Æрæджы мын лæвæрд æрцыд майдан «За отвагу», бавдыстой мæ ног хорзæхмæ. Иу ныхасæй, кæд мæлон, уæд кадимæ, нæ фæхудинаг кæндзынæн ирон адæмы фырты сæрыстыр ном».*

Фæлæ æрцыд трагикон цау: 1944 азы 17 апрелы Мухарбег фæмард Украинæйы. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй йын саккаг кодтой «Сырх стъалыйы орден».

Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ араст кодтой æрыгон поэттæ æмæ фысджытæ. Уыдонæн сæ кæстæртæ - Елехъоты Мурат æмæ Хайманты Георгийыл цыд æвддæсгай азтæ. Æмæ сæ ну дæр нал сæмбæлд йæ хæдзарыл. Уыцы æрыгон поэтты æхсæн уыдысты Кочысаты Мухарбег, Калоты Хазби, Баситы Дзамболат. Сæ уацмыстæ сын ахуыр кæндзыстæм фæстæдæр.

Нæ фæчъизи кодта ирон дзыллæйы намыс нæдæр тохы быдыры, нæдæр литературæйы.

Ирон поэзийæн цы диссаджы æмдзæвгæтæ балæвар кодта, уыдон сты адæмæн уарзон.

Æмдзæвгæ «Фыдыбæстæ» та йæ хæстон лирикæйы хуыздæр уацмыстæй иу,

фыст ӕрцыд 1942-ӕм азы. Мӕнмӕ гӕсгӕ, канд ацы ’мдзӕвгӕ куы ныффыстаид Мухарбег, уӕддӕр йӕ ном баззадаид ирон литературӕйы.

5. **Дарддӕр бакӕсын видео-ӕрмӕгмӕ поэты цардӕрфысты тыххӕй.**

6. **Дзырдуатон куыст** (слайд равдисын)

7. Ӕмдзӕвгӕ радзурын зӕрдывӕрдӕй (ахуыргӕнӕг уал йӕхӕдӕг презентациимӕ)
8. **Чиныгимӕ куыст**. Кӕсынц сабитӕ радыгай.

**<u>Ахуыргӕнӕджы фӕрстытӕ:</u>**

- Ӕмдзӕвгӕ уӕ зӕрдӕмӕ фӕцыдис?
- Дзырд, «Фыдыбӕстӕ»- мӕ ма синонимтӕ ’рхӕссут, канд иронау нӕ, фӕлӕ уырыссагау дӕр. *(Райгуырӕн бӕстӕ, Райгуырӕн зӕхх, Райгуырӕн къона, Родина, Отчизна…)*

**– Кочысаты Мухарбеджы тыххӕй та цы базыдтат?**

*(- Мухарбег ӕрыгонӕй ацыд хӕстмӕ ӕмӕ нал сӕздӕхт.*
*- Уыдис афицер.*
*- Йӕ хъӕбатырдзинады тыххӕй йын саккаг кодтой «Сырх стъалыйы орден»).*

**– Уӕ чингуытӕ ма байгом кӕнут ӕмӕ ӕркӕсӕм текстмӕ. Мухарбег та куыд хоны йӕ Фыдыбӕстӕ? Ссарут ма уыцы рӕнхъытӕ ӕмдзӕвгӕйы.** (Ныййарӕг зӕхх, мӕ цин, мӕ цардамонд, мӕ зӕхх).

**- Поэтӕн ныййарӕг зӕхх ӕппӕты зынаргъдӕр кӕй у, уыцы рӕнхъытӕ дӕр ма ссарут.** (*Фӕлӕ уӕддӕр ныййарӕг зӕхх*
*Дӕуӕн ӕмбал кӕм и!*
*Дӕуӕй зӕрдӕйӕн адджындӕр,*
*Зӕгъ – ма мын,чи у чи?)*

**- Ацы ӕмдзӕвгӕ Фыдыбӕстӕимӕ ныхас схонӕн ис?**
**- Уӕдӕ кӕимӕ ныхас кӕны ӕмдзӕвгӕйы Мухарбег?**
**- Дзуапп ын исчи дӕтты?** (Ничи).
**- Адӕймагӕн дзуапп куы ничи фӕдӕтты, ахӕм ныхас куыд схонӕн ис?** (Монолог).
**- Куыд уӕм кӕсы, кӕй уарзта Мухарбег? Ссарут ма сӕ тексты**.*(Йӕ бинонты, йӕ мады, йӕ ныййарӕг зӕххы, йӕ рӕзгӕ бонты цард, Фыдыбӕстӕ)*

- **Ӕппӕты фылдӕр та кӕй**?(текстимӕ куыст) *(ныййарӕг зӕххы)*

**- Ирыстоны ӕрдзы рӕсугъддзинӕдтӕ кӕм равдыста, уыцы бынӕттӕ ма бакӕсут**.

**- Литературон уацмысы фыссӕг ӕрдзы нывтӕ куы равдисы, уӕд уый цы фӕхонӕм?** (Пейзаж)
**-Ахъуыды -ма кӕнут, цы нын зӕгъынмӕ хъавыд поэт, йӕ сӕйраг хъуыды йын куыд бамбӕрстат**?
**- Цавӕр зӕрдӕ бавӕрдта Мухарбег Фыдыбӕстӕйӕн? Куыд басомы кодта?** Ссарут - ма тексты уыцы рӕнхъытӕ дӕр.
**- Йӕ ныхас сӕххӕст кодта Мухарбег**? (О, фӕмард Фыдыбӕстӕйы

сæраппонд).
- **Цы нын зæгъынмæ хъавыд ацы æмдзæвгæйы поэт?   Йæ сæйраг хъуыды цавæр у**? (Уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ).
- Ахæм адæймаджы куыд хонæм? **(Патриот).**
- Абон уын фембæлыны фадат куы уаид Мухарбегимæ, уæд ын цавæр ныхæстæ зæгъиккат?
- Уырыссаг литературæйæ та цавæр æмдзæвгæтæ ахуыр кодтат Райгуырæн бæстæйы тыххæй?
- Нæ чысыл Райгуырæн бæстæйы та цы хонæм?

9. **Проектон куыст.** Ныр та байхъусæм нæ чысыл хабархæсджытæ Сохиты Батырадз æмæ Тедеты Айсанæмæ. Уыдон куыд зæгъынц, афтæмæй абалц кодтой нæ районы библиотекæмæ, æмæ бацæттæ кодтой чысыл проектон куыст «Мæ уарзон горæт Алагир», зæгъгæ.

10. **Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.** (Æмбисæндтæ, нывæцæн)

11. **Чысыл аулæфт. Интерактивон фæйнæгыл куыст.** Сывæллæттæ, ребустæ уарзут?  Уæдæ- ма  базонут, цавæр хъæуты нæмттæ æмбæхст ис ацы слайдты? (Бирæгъзæнг, Фыййагдон, Хæтæлдон, Хидыхъус)

12. **Физминуткæ.** Сывæллæттæ, нæ Райгуырæн бæстæ бирæ кæй уарзæм, уый бæлвырд у. Æмæ мæ фæнды, цæмæй нæ физминуткæйы та акафат, мæ райгуырæн хъæу  **Ставд-Дуртыл**,  ме ’мхъæуккаг Илурты Риммæ, цы зарæг зары, уымæ.

13. **Къордты куыст.**  Дзырдбыд рацыд æрмæгæй.

- Бузныг! Тынг хорз бацархайдтат!

14. **Ахуыргæнæг**. (тест пультытимæ) Уæ зонындзинæдтæ рабæрæг уыдзысты тестыты руаджы. Æмæ уын бæрæггæнæнтæ дæр æвæрд æрцæудзæн афтæмæй. Райсæм нæ пультытæ æмæ бакусæм.

**Тест.**

1. Кочысаты Мухарбеджы  райгуырæн хъæу у:
   а) Ставд-Дуртæ,
   æ) Цыкола,
   **б) Ольгинскæ**.

2. Цы уацмысы кой кæнæм, уый формæ у:
   а) роман,
   **æ)æмдзæвгæ**
   б) радзырд.

3. Фыдыбæстæйы Стыр хæст кæд райдыдта:
   а)  1945
   **æ) 1941**
   б)  2022

4. Чи уыдысты не знæгтæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг :

а) Украинæ,

**æ) немыцаг фашисттæ,**

б) гуырдзиаг меньшевиктæ

5. Фыдыбæстæйы Стыр хæст кæцы бон фæцис:

а) 1 майы

**æ) 9 майы**

б) 25 майы

6. Кæм ныгæд æрцыд Мухарбег:

**а) Украинæйы,**

æ) Дзæуджыхъæуы

б) Ольгинскæйы

**14**. Сывæллæттæ, хъыгагæн, абон дæр та нæ Фыдыбæстæ у хъахъхъæнинаг. Кочысаты Мухарбег Украинæйы фæмард, фашисттæй йæ хъахъхъæдта, афтæмæй. Цæмæй йæ зыдта, абон дæр та дзы хæст кæй цæудзæн …

–Куыд зонут, афтæмæй нæ æрыгон фæсивæдæй бирæтæ сæ удтæ дæттынц, цæмæй знаг нæ бæстæмæ ма ’рбабырса, уый тыххæй.

Уый фæдыл 11-æм къласы ахуыргæнинæг **Кортиаты Алан** ныффыста æмдзæвгæ, æмæ ма йæм байхъусæм.

Украинæйы хæсты чи бацарæфтыд, уыдонимæ сты не скъолайы рауагъдонтæ, дзæнæтыбадинаг Агънаты Давид, Дудайты Виталий, Дзугкойты Алан, Икъаты Алыксандр, Переверзев Лёва æмæ Тлатты Зауырбег. Рухсаг уæнт…

**Чи нал ис, уыдоны ном ссарын иу минут æдзæмæй алæугæйæ.**

(Бузныг, хæрзмæ уыл аудæнт)

- Уæдæ цавæр хатдзæгмæ æрцæуыдзыстæм? ( Мадæлты фæдзæхст- макуыуал уæд хæст!)

**14. Ахуыргæнæг**. Ныр та мæнæ ракæсут фæйнæгмæ æмæ иу СИНКВЕЙН саразæм иумæ. Куыд æй фæаразæм?

**Синквейн-**францусаг дзырд, куыд технологи фæзынд Амырычы.

***У фондз рæнхъæй фыст æмдзæвгæ.***

1. Зæгъут -ма мын иу дзырдæй- номдарæй, нæ урочы темæ, цæуыл( кæуыл) дзырдтам абон. **(Фыдыбæстæ)**

**2.** 2 миногоны, темæйы миниуджытæ, æууæлтæ æвдисæг **(зынаргъ, адджын)**

**3.** 3 мивдисæджы-æвдисынц темæимæ баст архайд **(хъазыдтæн, рæзыдтæн, ыссардзынæн )**

**4**. Темæйы сæйраг хъуыдымæ дæхи цæстæнгас æвдисæг иу хъуыдыйад, кæнæ æмбисонд **(Фыдыбæстæ ныййарæг мадау адджын у).**

**5**. Иу дзырд-резюме, темæйы синоним **(Ирыстон).**

**Фыдыбæстæ**

**зынаргъ, адджын**

**хъазыдтæн, рæзыдтæн, ыссардзынæн**

**Фыдыбæстæ ныййарæг мадау адджын у**

**Ирыстон**

**15. Кæронбæттæн (рефлекси)** Æрмæг куыд бамбæрстой, уый сбæрæг кæнын (экраныл лæвæрд цæуынц ацы фарстатæ)
-Нæ урочы нысан цавæр уыдис?
-Сæххæст æй кодтам?
-Зæгъут уæ хъуыдытæ.

*Дзуапп дæтгæйæ пайда кæнынц хъуыдыйæдтæй:*
-Урок мæ зæрдæмæ фæцыд, уымæн æмæ…
-Урок мæм цымыдисаг фæкаст, уымæн æмæ…
-Æз уыцы рæстæджы куы фестин, уæд…
-Урок мæ зæрдæмæ нæ фæцыд, уымæн æмæ…

- Цавæрæй уæ уынын фæнды нæ Райгуырæн бæстæйы?(сабитæй алчидæр йæ хъуыдытæ дзуры)
- Тынг раст хъуыды кæнут, Кочысаты Мухарбег дæр уемæ сразы уыдаид!

Ирон адæмæн сæ туджы ис Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад. Нæ кадджын фыдæлтæй нын баззад ацы миниуæг. Нæ зæрдыл-ма æрлæууын кæнæм Нарты хистæрты ныхæстæ: «Нарт Нарт уæд уыдысты, арв сæ нæрын уæд нæ уæндыди, æмæ мæлын куы зыдтой сæ дзыллæйы, сæ Фыдыбæстæйы сæрыл…»

**Нæ уарзон газет «Рæстдзинад»-ыл абон, 14- æм мартъийы, сæххæст 100 азы**. Нæ зæрдæ йын зæгъы бирæ цæрæнбон æмæ адæмы хорзæх. Уый фæдыл цы мадзал арæзт æрцыд æрæджы, уымæ бакастæн интернеты æмæ дзы уыд ахæм мысинаг. **Малиты Хасан** редакцийы кусæг уыд. Уый Мæскуыйы куы ахуыр кодта, уæд йæ райгуырæн хъæуæй ахаста иу гыццыл дур, æмæ, дам- иу æй йæ нывæрзæн дардта, зæгъгæ. Уæд æм иу æхсæв йæ фыны æрбацыд дур, æмæ кæуы, **нæхимæ мæ фæнды, зæгъгæ.**

Дурæн дæр ма райгуырæн бæстæ ис, уарзы йæ, æмæ йæ никæдæм фæнды. Суанг ма Мæскуымæ дæр! Кæд дурæй хъæбæрдæр нæй, **«дурзæрдæ дæ, æви?»,** зæгъгæ, дзырдæн дæр ма кæд баззад, уæддæр йæ зæрдæ фæлмæн у, æвæццæгæн, æмæ йæ сæхимæ, йæ Райгуырæн хъæубæстæм фæнды.

Мæнæ уырыссаг зарæджы куыд загъдæуы: «*Не нужен мне берег турецкий и Африка мне не нужна»,* афтæ зæгъы, æвæццæгæн, уыцы дур дæр.

Джыккайты Шамил та афтæ загъта: «*Адæймаг амондджын вæййы йæхи Фыдыбæстæйы»*

Æмæ кæм райгуырдыстæм, уыцы зæххæн хъуамæ лæггад кæнæм, нæ бон куыд у, афтæ. ***Баллаты В. «Фыстæг мадмæ» зарæг. , Хадыхъаты А., Гæджынаты Р. «Хъæмæ»***

Кочысаты Мухарбег æхххæстæй йæ хæс бафыста. Мах та, сымахимæ нæ сабыр цард хъуамæ хъахъхъæнæм, архайæм, цæмæй нын кæна рæсугъдæй-рæсугъддæр, фидарæй-фидардæр.

**Æмæ нæм уæд нæ уыдзæн Тембол æмæ Саукуыдзы хуызæттæ!**

Разы стут мемæ? Цавæр æнкъарæнтимæ ацæудзыстут нæ урокæй?
(сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ)

**14. Хатдзæгтæ.**
Иу хатт- ма эпиграфмæ раздæхын. Куыд баст у нæ урочы темæ эпиграфы хъуыдыимæ? *(Сывæллæтты дзуаппытæ)*
Зæгъут-ма, уæдæ, уæ хорзæхæй, цавæр мелоди рауад нæ музыкалон дæгъæлтæй?
( Райгуырæн бæстæ уарзыны мелоди).

Уæдæ цæмæй бынтондæр уæ зæрдætæ барухс уой, уый тыххæй байхъусæм Чеджемты Æхсары фыст зарæг «Райгуырæн зæхх»-мæ. Азардзæн æй 7-æм къласы ахуыргæнинаг **Бæцæзаты Дзерассæ**. Сывæллæттæ æмæ уазæг ахуыргæнджытæн райуарын зарæджы ныхæстæ (слайдыл дæр сты), æмæ иумæ зарынц.

**15. Бæрæггæнæнтæ сæвæрын.**

**16. Хæдзармæ куыст.** Зæрдывæрдæй сахуыр кæнын æмдзæвгæ **«Фыдыбæстæ».**

## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

### ИРОН КÆСЫНЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ

**Гусаты Э.И.,**
**Æрыдоны 1-æм скъолайы**
**ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

**Урочы темæ:Уæйыджы цæссыгтæ.**

**Урочы нысан:**
гуырын кæнын сывæлæттæм уарзондзинад цæрæгойтæм;
аив ныхасы рæзтыл бакусын.
**Цæстуынгæ æрмæг**: интерактивон фæйнæг,презентаци, пазлтæ, райуаргæ æрмæг.
**Урочы эпиграф**: Йæ тыхæй никуы домдта ис,
Богалдæр богæлтты æмбылдта.
Хъазыбег хох æй схуыдтой уæд.
Мыггагмæ арфæйаг фæуæд,
Кæй дзыхæй схаудта уый фыццагдæр.
Урочы цыд:
Ах-г: Уæ бон хорз! Абон нæм нæ урокмæ æрбацыдысты уазджытæ æмæ сын

салам радтæм.

**1 слайд. (Хох, лæг)**

1. Цы уынут нывы?( Бæрзонд хох æмæ бæрзонд лæг)
2. Исты сæ иу кæны? ( Сæ бакастмæ гæсгæ дыууæ дæр сты тыхджын, бæзæрхыг, фæтæнуæхск)
3. Никæй уын ауайын кодтой уæ цæстытыл?(Болайы)

**2 слайд (Бола)**

Раст зæгъут, Хъаныхъуаты Болайы. Бола уыдис Уæрæсе æмæ дунейы тæккæ тыхджындæр богæлттæй иу. Райгуырди 1869 азы Хъобаны. Болайыл аст азы йеддæмæ нæма цыдис, афтæмæй иу цалдæр лæджы сисын кæй нæ фæрæзтой, ахæм хъæдтæ-иу йе 'ккоймæ сæппæрста.25 азы йыл куы цыдис, уæд йæ уæз уыдис 200 кг, йæ бæрзæнд та уыдис 2м æмæ ссæдз см.Адæм тынг бирæ уарзтой Болайы.Уый уыдис зындгонд хъæбысæйхæцæг.

-Уæдæ абон цы текстыл кусдзыстæм, уым бакæнæм дзырдуатон куыст.

**3 слайд. ( Таблицæ)**

Мæнæ ацы таблицæйы ис зынæмбарæн дзырдтæ. Сæ ныхмæ та сын сымах хъуамæ ныффыссат раст сты ави нæ.(+-)

Сывæллæттæ, уæдæ цæмæй тексты кæцыдæр хай нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, уый тыххæй уын дыууæ къордæн райуардзынæн пазлтæ. Сымах хъуамæ уыцы пазлтæй саразат нывтæ. Уыцы нывтæм гæсгæ иу къорд радзурдзæн хи ныхæстæй уыцы бынат, иннæ та йæ бакæсдзæн.

Иннæ куысты хуыз та уыдзæн «**Æнцон æмæ зын фæрстытæ».**

Сывæллæттæ, мах нæ зæрдыл æрлæууын кодтам радзырды кæцыдæр дыууæ хайы. Ныр, цæмæй нæ радзырд нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, уый тыххæй уын райуардзынæн фæрстытæ. Сымахæй алчидæр дзуапп ратдзæни æмæ сæ фæйнæгыл акæндзæн хуызтæм гæсгæ.

Лæмбынæг ма, сывæллæттæ, ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, фæрстытæ дыууæ хуызы цæмæн сты?( **фыццаг цæджындзы фæрстытæн дзуапп радтæн ис иу дзырдæй, дыккаг цæджындз та домы æххæст дзуæппытæ ).**

| | | |
|---|---|---|
| **1.** | **Чи у радзырды автор?** | **Цæмæн суынгæг Болайы зæрдæ?** |
| **2.** | **Уацмысы архайд кæм цæуы?** | **Цымæ цы уыдаид, Бола мыстæн хæдзар куы нæ скодтаид, уæд?** |
| **3.** | **Болайыл цал азы цыди, уæйыджы хуыз æвдисын куы байдыдта, уæд?** | **Цæмæн ныррухс ис Болайы цæсгом?** |
| **4.** | **Бола афтæ тагъд кæй рæзыди, ууыл чи мæт кодта?** | **Дударыхъо йæ фырты фæдыл цæмæн рацыд?** |
| **5.** | **Болайæн æцæг лæджы куыст чи бафæдзæхста?** | **Бола йæ фыдæн цавæр дзуапп радта кæугæйæ?** |

- Сывæллæттæ, дзырдуатон куысты цы дзырдтыл дзырдтам, уыдон ма тексты ссарут æмæ сæ бакæсут.

- Ныртæккæ та бакæндзыстæм **ахæм куыст**. Райуардзынæн уын гыццыл къонверттæ, сæ мидæг цы лыггæгтæ ис, уыдонæй саразут хъуыдыйæдтæ. Базонут, цы сты,уый.

- Сывæллæттæ, нæ тексты мыст кæд  дзурын нæ зоны, уæддæр æм адæймагау æнкъарæнтæ ис.Гъе, фæлæ дзурын куы зонид, уæд цымæ йæ фыркатайæ  цы радзурид? Ныртæккæ уын ратдзынæн  **схемæ æ**хсæз фатæгимæ æмæ мысты катай, йе'нкъарæнтæ йын ныффыссут.
**4 слайд. ( Поддубный,Карелин,Андиев)**

-Текстмæ гæсгæ  уын фæйнæгыл ис хæццæ пълан.
Сымах æй тексты мидисмæ гæсгæ равæрут кæрæдзи фæдыл.

Нæ урок кæронмæ æрхæццæ, æмæ ма  мын тексты бакæсут  Болайы кой Уæллаг Хъобаны цæрджытæм кæм æрыхъуыст, уый.

- Сывæллæттæ, лæвæрд уын  цæуынц адæймаджы миниуджытæ æвдисæг дзырдтæ, сымах дзы исут, Боламæ цы миниуджытæ хауы ,уыдон æмæ сæ фæйнæгыл йæ къамы алыварс  кæнут.

Ууыл нæ урок кæронмæ æрхæццæ. Бузныг уын.

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК

**Рубайты З.Ш.,**
**Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты**
**ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

**Урочы грамматикон темæ: «Мивдисæг». «Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ».**
**Урочы ныхасы темæ: «Зымæгон æрдз».**

Урочы цыд:
I.
 - 1. Абон уæм æз афтид къухæй не' рбацыдтæн, фæлæ лæваримæ. Уæ хорзæхæй, аргъ мын скæнут мæ лæварæн.
Скъоладзаутæй иу рацыд æмæ райста лæвар. Къопп байгом кодта æмæ дзы систа QR код.
_ Цы у ай?
- QR код.
_ Фæнды уæ базонын, цы дзы æмбæхст ис, уый?
- О.
_ Цæмæй йæ базонат, уый тыххæй уæ бахъæудзæн компьютеры æххуыс. Гом кæнæм компьютеры СКАНЕР QR кодов онлайн. (РАСШИВРОВКА)
Скъоладзау камерæмæ бахаста  QR код æмæ дзы ссардта базон -базон.
-Уарзут базон – базонтæ?
_ О.
 Скъоладзау кæсы базон – базон.

**Базон – базон**

***Архайд æмæ ми æвдисын***
***Мæнæн у алкæддæр мæ хæс***
***Номдартæм мæхи фæисын,***
***Дæн сын алкæд коммæгæс.***

**(Мивдисæг)**

Урочы темæ бæрæг кæнæм.

2. РАИРТÆСТ

Мивдисæг у сæрмагонд ныхасы хай, кæцы æвдисы предметы архайд æмæ домы фæрстытæ Цы ми кæны? Цы кæны? а.д. Дæнцæгтæ хæссынц…

( Мивдисджытæ сæ арæзтмæ гæсгæ вæййынц хуымæтæг æмæ вазыгджын. Хуымæтæг мивдисджытæ арæзт вæййынц иугай дзырдтæй, вазыгджын мивдисджытæ та - дыууæ кæнæ фылдæр дзырдæй).

3. ПРЕЗЕНТАЦИ.

Презентацийы цы уынынц, уый дзурынц:

Тæрхъус, арс, мит, сывæллæттæ.

- Сывæллæттæ дæттынц фæрстытæ предметтæм (нывтæ). Цы? арс, цы? тæрхъус, цы? мит, чи? сывæллæттæ.

- Цавæр ныхасы хаймæ хаст цæуынц ацы дзырдтæ? Мивдисджытæ сты?

- Номдартæ. (Зæрдыл лæууын кæнæм номдар. Фæрстытæ Чи? Цы?)

- Нæ куыст адарддæр кæндзыстæм гыццыл фæстæдæр, ныр та байхъусут аргъаумæ.

Ахуыргæнæг дзуры сывæллæттæн аргъау МИВДИСÆДЖЫ тыххæй.

АРГЪАУ

Раджы ма – раджы царди æмæ уыди МИВДИСÆГ. Иуахæмы ахъуыды кодта, цымæ цы пайда дæн ацы дунейæн?!! Æмæ сфæнд кодта балцы ацæуын амондагурæг. Фæцæуы æмæ йыл фæндагыл амбæлди НОМДАР, бады дурыл æмæ кæуы. Кæугæ та уымæн кодта, æмæ йæм афтæ каст цыма йæ цард æппындæр никæй хъæуы. Уæд мивдисæг сфæнд кодта номдары йемæ ахонын амонд агурынмæ. Фæндагыл сыл цы хорз адæм æмбæлыди, уыдон сын загътой, зæгъгæ, дам, амонд æмæ хъæздыгдзинад ссардзысты æрмæстдæр фæллойгæнгæйæ. Фæндагыл цæугæйæ амбæлдысты МИНОГОНЫЛ. Уый дæр уыдис уыдоны хуызæн тынг æрхæндæг. Ахуыдтой йæ уый дæр семæ.

Цас фæцыдысты чи зоны, фæлæ бахæццæ сты аргъæутты бæстæ – ГРАММАТИКÆМÆ.

Аргъæутты бæстæйы цæрджытæ сыл сæмбæлдысты тынг зæрдæхæларæй æмæ сын бар радтой семæ цæрынæн. Ацы бæстæйы цæрджытæм ахæм хорздзинад уыди æмæ иууылдæр кодтой кусгæ, уымæй хъæлдзæгæй. НОМДАР, МИВДИСÆГ æмæ МИНОГОНÆН дæр аргъæутты бæстæйы разынди куыст.

Уæдæй нырмæ Номдар кусы сæйратæй, Мивдисæг – зæгъинагæй, Миногон та бæрæггæнæнæй.

- Номдартæм ма уазæгуаты мивдисджыты барвитæм, цымæ цы уыдзæн?

**АНИМАЦИТÆ  фон – зымæг**

Тæрхъус – тæрхъустæ хыл кæнынц

Арс – арс хæры
Мит – мит уары
Сывæллæттæ – сывæллæттæ хъазынц мит къуыбæрттæй
Лæг – лæг дис кæны
Смайл -смайл хъуыды кæны
Нывгæнæг – нывгæнæг ныв кæны ( Фыссынц сæ фæйнæгыл)

- Цы рцыдис, номдартæм мивдисджытæ куы бафтыдтам, уæд?
- Бæстæ æмызмæлд ссис. Иууылдæр кусын райдыдтой...
- Кæсут -ма ,сывæллæттæ, ныхасы хæйттæ иууылдæр сты вазыгджын, фæлæ сæ сæйрагдæр у мивдисæг. Æнæ мивдисæгæй сæхицæн æнцад уыдысты, фæлæ сæм мивдисæг куы бафтыд, уæд базмæлыдысты.
- Сывæллæттæ, абарæм ма мивдисджытæ: хæры, уары, хъазы æмæ ныв кæны, тезгъо кæны, хыл кæны.
- Цæмæй хицæн кæнынц?
-Сæ арæзтмæ гæсгæ. Фыццæгтæ сты хуымæтæг, иннæтæ та вазыгджын мивдисджытæ.
Раиртæст дзурынц.
Дыууæ кæнæ фылдæр дзырдтæй арæзт мивдисджытæ хуыйнынц вазыгджын.
Сæ арæзтмæ гæсгæ мивдисджытæ вæййынц хуымæтæг æмæ вазыгджын.
**БЕСЕДÆ**
- Цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы анимациты? (Слайдты)
- Зымæг.
- Уымæй уæлдай ма цавæр афæдзы афонтæ зонут?
- Уалдзæг, сæрд, фæззæг.
Æвæдза, алы афæдзы афонæн дæр ис йæхи бынат, йæхи рæсугъддзинад.
- Зымæг бæлæстæ цавæр вæййынц?
- Бæгънæг
- Уалдзæг та?
- Уалдзæг къуыбар рафтауынц, уый фæстæ дидинæг ракалынц…
- Сæрд та?
- Сæрд дыргъ бæлæстæ хъæздыг вæййынц дыргътæй…
- Фæззæг та?
- Фæззæг нæ тыллæг æрæмбырд кæнæм.
- Фæззыгон сыфтæ цыхуызæн вæййынц?
-Бур, сырх, хъулон…
- Зымæг цавæр хъæзтытæй уарзут хъазын?
- Мит къуыбæрттæй хъазын. Митын лæг аразын. Дзоныгътæ, къахкъæлæттæ æмæ къахдзоныгътæй бырын…

4. Карточкæтимæ куыст. (Къæйттæй куыст)

Хæс: Лæвæрд номдартæй мивдисджытæ саразут.
Зæгъæм: хъус – хъусын
Ныв
Зарæг

Хæринаг

Кафт

Фыст
Дзырд

Хъæр
Куыст

Цард
Фарст

Фæллой
Кад

5. Прием «Къахдзæф къахдзæфы фæстæ» (Шаг за шагом)
2 къордæй куыст. АУЛÆФТ

Хæс: Фæйнæгмæ цæугæйæ дзурынц мивдисджытæ.
Чи фылдæр, чи тагъддæр

6. Фæлтæрæн тетр.
Хæс: Бакæс текст. Æрхъуыды йын кæн сæргонд. Ссар дзы хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ æмæ сæ рафысс дыууæ цæджындзæй.

Мит ныууарыдис. Дымгæ футтытæ кæны бæлæсты къалиутыл. Сырдтæ сæ хуынчъыты арф абырыдысты, фæлæ сæм уырдæм дæр хъары.
Æвæццæгæн, тæрхъусæй тынгдæр ничи тыхсы. Уады къуыззитт куы айхъуысы, уæд йæхимидæг бакатай кæны.
Ныртæккæ арсы лæгæты хæрзаг хъарм у,  уым иу сахат ахуысс…Фæлæ йæм чи уæнды! Уыцы зылынкъахæй ма фæззæджы тыххæйты аирвæзтис.

Изæрыгон æрцыдис хабар. Тæрхъусы фындзыл цыдæр æхсызгон тæф ауадис. Йæ даргъ хъустæ фæхъил кодта. Бæрзонд къудзиты сæрты багæпп кодта æмæ къабускайы хуымы астæу февзæрдис. Уайтагъд хæрынмæ фæлæбурдта. Иу къабуска æрдæгхæрд дæр нæма фæцис, афтæ пыхсытæ базмæлыдысты. Тæрхъус фæстæмæ фæзылдис æмæ йæ зæнгтæ адон сты: къудзиты æхсæнæй узгæ –узгæ рацæйцыдис бур арс. Тæрхъус агæпп ласта æмæ алыгъдис. Уæдæй фæстæмæ уырдæм хæстæг нал уæнды, кæд уыцы диссаджы къабуска бирæ хæттыты æрымысы, уæддæр. БЕСЕДÆ

7. Фæлтæрæн тетр.
Хæс: Бакæс дзырдтæ. Ссар дзы мивдисджытæ æмæ сæ сахор бур хуызæй.
Мивдисджыты фыццаг дамгъæтæй сараз дзырд æмæ йæ ныффысс.
Арс, æвзæр, ивазын, бур, мæрзын, мит.




МИ – дело, занятие, поступок

8. - Ныр та хатдзæгтæ скæнæм нæ урокæн тесты хуызы.

Ахуыргæнæг уары скъоладзаутæн сæ карточкæтæ. (Алкæмæн дæр ис сæрмагонд карточкæ. Карточкæтыл ис англисаг дамгъæтæ: A/ B/ C/ D

- Æз уæм дæтдзынæн фæрстытæ, алы фарстæн дæр уыдзæн цыппар варинты дзуæппытæ, сымах æвзарут иу вариант æмæ мæм карточкæ æвдисут. А куы уа дзуапп, уæд хъуамæ карточкæйыл афтæ хæцат æмæ А уа уæлейы.

ТЕСТ/ PLICKERS




9. Прием СМС

Хæс: Уæ телефонтæй кæрæдзимæ цыбыр фыстæгтæ ныффыссут (смс-тæ). Куыд уыд урок, фæцыд уæ зæрдæмæ æви нæ.

Уæ бон у æмæ йæ нывæй равдисат.



**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК**
**3-æм КЪЛАСЫ**

***Уалыты Ф.М.,***
***Елхоты 1-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнæг***

**Урочы темæ**: **« Мивдисæджы иумæйаг нысаниуæг»**
**Урочы нысантæ:**

Скъоладзаутæ мивдисæгæй цы зонындзинæдтæ райстой, уыдон зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ сæ ныффидар кæнын алыхуызон хæслæвæрдты руаджы.

Фæхъæздыгдæр кæнын сывæллæтты дзырдуат, ныхасы рæзтыл бакусын;

Мадæлон æвзагмæ, райгуырæн бастæмæ уарзондзинад гуырын кæнын æмæ хъахъхъæнын.

**Урочы цыд.**

**I.Бацæттæгæнæн рæстæг**

**II.Мотивацион уавæр.**

Нæ урок райдайдзыстæм Хуыгаты Мырзабеджы æмдзæвгæйы рæнхъытæй.
**Цæмæн ма ис сисæн æвзагæй уæлдæр,**
**Ирон æвзаг райгуырдис дисæн:**
**Цæмæн кæнæм не ’взаг нæхæдæг дæлдæр**
**Æвзаг куы у удты æвдисæн! ( слайд 2)**

(Сывæллæттæй иу бакæсдзæн æмдзæвгæйы рæнхъытæ)
Ахуыргæнæг.
Ныр та мæ фæнды уæ хъуыдытæ куы зæгъиккат, æмдзæвгæйы рæнхъытæ куыд æмбарут, уый тыххæй.

(Байхъусын ахуыргæнинæгты тæрхæттæм, куыд æмбарынц æмдзæвгæйы рæнхъытæ, уымæ.)

-Æмдзæвгæйы рæнхъытæм ма раздæхдзыстæм урочы кæрон.

**III.Фæлтæрæн куыстытæ.**

-Сывæллæттæ, абон цавæр æрмæгыл кусдзыстæм, уый та базондзыстут фыццаг хæслæвæрд куы сæххæст кæнат, уæд.

**1.Хъазт: «Уæлдай дзырд.» (слайд 3)**

а) адæм, фæрсы, кусын, зарын

б) дзуры, цæуы, цъæх, райхъал

в) фыссы, аразы, лæууы, мæнæн

Хæс: ссарын уæлдай дзырдтæ, рафыссын сæ тетрæдтæм, бамбарын кæнын дзуапп.

- Сæ иумæйаг нысаниуæг----**(слайд 4)**

Хатдзæг: цы дзырдтæ рафыстам, уыдон сты мивдисджытæ. Иууылдæр æвдисынц ми, архайд, домынц иуфарст: цы ми кæнын?

-Иннæ дзырдтæ та цавæр ныхасы хæйттæ сты,уый нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм.

- Цы хонæм номдар?

-Цы хонæм миногон?

-Цы хонæм номивæг?

Ахуыргæнæг.

- Уæдæ абон нæ урочы дзурдзыстæм алы ’взаджы дæр тынг ахсджиаг цы ныхасы хай у, ууыл.

Абоны урокмæ уын уыдис хæслæвæрд, мивдисæгæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.

Ныртæккæ ноджы фылдæр хæслæвæрдты руаджы сбæрæг кæндзыстæм куыд зонут мивдисæгæй рацыд æрмæг, уый.

- Ныр та уал ныффыссут абоны нымæц, къласы куыст æмæ темæ «Мивдисæг.»

2. Фæйнæгыл фыст æмбисæндтæ: (хъомыладон куыст) **(слайд 5)**

Хорз æмбал не скæндзæн маст,
Нæ асайдзæн никуы йæ ард.
Кæстæр куы фæрса йæ хистæры зондæй,
Кæстæр уæд никуы фæрæдидзæн сонтæй.

Ссарын мивдисджытæ æмæ сæ равзарын дзырды хæйттæм гæсгæ.

(æмбисæндтæ ныффыссын тетрæдты)

3. Дыууæ скъоладзауы кусынц фæйнæгыл карточкæтимæ.

- Номдартæй мивдисджытæ саразын**. (слайд 6)**

Хъазт –

Зарæг –

Дзырд –

Куыст –

1.Цалынмæ фæйнæгыл кусынц, уæдмæ тестытæ равзарын.

( къæйттæй куыст)

1). Мивдисæг у:

- дзырды хай

- ныхасы хай

- сæйраг уæнг
2). Мивдисæг æвдисы:
- предметы архайд
- предметы ном
- предметы миниуæг
3). Мивдисæг хъуыдыйады мидæг вæййы:
- сæйрат
- зæгъинаг
- фæрсаг уæнг
4). Мивдисæджы афонтæ сты:
5). Мивдисæджы нымæцтæ:

Сывæллæттæ бæлвырд кæнынц кæрæдзийы рæдыдтытæ, алчи йæ фарсмæ чи бады, уымæн.

Тестыты фæстæ сбæрæг кæнын фæйнæгыл куыстытæ, бæрæггæнæнтæ сæвæрын.

5.Диссаджы ныхасы хай цæры ирон æвзаджы( **слайд7)**

Цардысты æмæ уыдысты номдартæ. Ӕдзух æнкъард кодтой: нæ дзургæ, нæ заргæ, нæ кафгæ, нæ худгæ.

Иу бон сæм уазæгуаты фæзындысты хъал мивдисджытæ. Тынг уарзтой мивдисджытæ сабыр бынæттæй змæст бынæттæ аразын. Сæрæн уыдысты , уæдæ!

Мивдисджытæ цæсты фæныкъуыллдмæ уæздан номдарты базмæлынтæ кодтой. Ӕмæ мæнæ бæстæ дзолгъо – молгъо сси : чи худгæ кæны, чи заргæ, чи кафгæ.

Тынг балымæн сты уæздан номдартæ æмæ сæрæн мивдисджытæ.Уымæн сты хъуыдыйады мидæг кæрæдзийæн уарзон хæстæджытæ.
Рафыссын тетрæдтæм мивдисджытæ æмæ сæ бакæсын.

**IV.(Улæфты рæстæг). (слайд 8)**

6. Ӕнæ мивдисæгæй не ’взаг тынг мæгуыр уаид. Иу ран бадын нæ зоны, стæй хъуыдыйæдтæ дæр æнæ уымæй нæ фидауынц. Номдарæн дæр æнæ уымæй цæрын йæ бон нæу.
Цæуылнæ у, уый та базондзыстут ацы хæслæвæрдтæ куы сæххæст кæнат, уæд. № 192 (дзургæйæ)
Хатдзæг:

-Фидауиккой æмдзæвгæты рæнхъытæ æнæ мивдисæгæй? (сывæллæтты дзуæппытæ)

**V. Къордтæй куыст.**

Хъазт «Чи тагъддæр» **( слайд 9)**
Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæты рæнхъытæ баххæст кæнын мивдисджытæй ( хъомыладон куыст)

1). Раджы хохы цъуппæй … (касти)
Иу æрра фиййау.
Мигъ æнгом йæ быны … (бадти)
2). Халон халонмæ …(тæхы)
Халон халонæн … (зæгъы)

3) Зондамонæгмæ … (хъус)
Цы зæгъа уый иу … (кæн)
Зæрдæхъæлдзæгæй … (кус)
Æмæ бæззай лæгæн

4). Иу гæды нæм ис
Хъарм фæлмæн кæрц … (дары)
Къонайыл … (хуыссы)
Аргъæуттæ … (мысы)
Хъалзæрдæйæ … (зары)
8.№193

**VI.Рефлекси.**

9. Ныхасы рæзтыл куыст**. ( слайд 10)**
Фæйнæгыл уалдзыгон нывд. (Æрхъуыды кæнын гыццыл радзырд.)

Нæ урок кæронмæ фæхæццæ кæны æмæ мæ фæнды раздæхын Хуыгаты Мырзабеджы æмдзæвгæйы рæнхъытæм. Сывæллæттæ, нæй рохгæнæн æртæ хæзнайæн: ныйарджытæн, райгуырæн бæстæйæн æмæ мадæлон æвзагæн. Уарзут уæ мадæлон æвзаг, цæстыгагуыйау æй хъахъæнут! Æмæ æрмæст уæд уыдзыстæм тыхджын, фидар æмæ æнгом.

Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт! (слайд 11)
Æрттив, æхсид æнусбонтæм æдасæй,
Дæ цæрайæ, дæ рухс æмæ дæ тавсæй
Цæрдзынæн æз æмæ хæрдзынæн ард.

**VII.Хæдзармæ куыст.**

**VIII.Хатдзæгтæ.**

Абон нæ зæрдыл æрлæууын кодтам ныхасы хай – мивдисæг. Мæн уырны дарддæры урокты мивдисæгæй раст пайда кæй кæндзыстæм.
Тынг мæ фæнды абоны урочы тыххæй уæ хъуыдытæ базонын.
- Цы дзы фæцыдис уæ зæрдæмæ, кæннод та нæ фæцыдис. Урокæй цы райстат уæхицæн. (Байхъусын ахуырдзауты дзуæппытæм)
IV.  Бæрæггæнæнтæ сæвæрын (Скъоладзаутæ аргъ кæнынц кæрæдзийы куыстæн).

Хæрзбон.

## *ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ*

**Багаты Вандæ,**

**Дзæуджыхъæуы 71-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг**

**«Нæ уарзон æмдзæвгæтæ» (Наши любимые стихотворения)**

(астæуккаг къорды сабитимæ куыст)

**Нысан:** сабитимæ æмдзæвгæтæ зæрдывæрдæй ахуыр кæнын, мнемотаблицæйæ пайда кæнгæйæ.

**Хæстæ:**

ахуырадон: – æмдзæвгæты мидис æмбарын кæнын;
– бакусын æмдзæвгæтæ зæрдывæрдæй сахуыр кæныныл;

рæзынадон: – хъуыдыкæнынады æмæ ныхасы рæзтыл бакусын;

хъомыладон: – сабитæн бауарзын кæнын чингуытимæ архайын;
– æвзæрын кæнын цымыдисдзинад æмдзæвгæтæм.

**Рагагъоммæйы куыст:** Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæтæ бакæсын сывæллæттæн;
– æркæсын æмдзæвгæтæм нывгонд иллюстрацитæм.

**Æххуысгæнæн æрмæг:** мнемотаблицатæ æмдзæвгæтæм, телефон, фæйнæг, Хетæгкаты Къостайы портрет.

### Ахуыры цыд:

**Хъомылгæнæг:** Сабитæ, абон дзурдзыстæм Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæтыл *(Æвдисы Хетæгкаты Къостайы портрет).*

Къоста бирæ æмдзæвгæтæ ныффыста сабитæн. Мах сæ арæх хъусæм. Нæ зæрдыл ма сæ æрлæууын кæнæм. Цæмæй нын иронау дзурын æнцондæр уа, уый тыххæн уал мырты растдзурынадыл акусæм.

**Мырон гимнастикæ.** «Кæрконæг» [Ирон чиныг, «Дзиба-дыгоппон»]

*Цъиуджын карчы*
*Хъуыд-хъуыд-хъуыд*
*Уидзын хойраг,*
*Къуырт-къуырт-къуырт.*
*Хорз хъахъхъæны дзибаты,*
*Лоло кæнынц иу уаты.*

*Хъазт «Байхъус æмæ сраст кæн» [Ирон чиныг, «Ирон фæндыр»]*

– «О, саби, саби!
Куыд раджы фестыс!» (Уасæг) / Аудиозапись

– «Мæ куыдз Мила, гис!
Гыццыл куыдз нæм ис!» (Гино) / Аудиозапись

– «Басы къус, ма мæм хъус
О, хъæдгæс, ма мæм кæс» (Тæрхъус, цæргæс) / Аудиозапись

**Хъомылгæнæг:** Тынг хорз, мæ хуртæ! Се ‘ппæт æмдзæвгæтæ дæр базыдтат.

*(Ærbacæuy postxæssæg)*

**Постхæссæг:** Уæ бон хорз, сабитæ!

**Сабитæ:** Æгас цу, мидæмæ рахиз.

**Постхæссæг:** Рæвдауæндонмæ раст æрбацыдтæн?

**Сабитæ:** О, раст. Ай рæвдауæндон у.

**Постхæссæг:** Уæдæ мæнæ ацы тыхтон сымахæн æрвыст у. Айсут æй.

**Сабитæ:** Бузныг!

**Постхæссæг:** Хæрзбон, мæн дарддæр цæуын хъæуы.

**Сабитæ:** Фæндараст!

**Хъомылгæнæг:** Цымæ нæм ацы тыхтон чи æрбарвыста?

*(Ныззæлланг кæны телефон)*

**Хъомылгæнæг:** Чи нæм дзуры ахуыры рæстæджы? Байхъусæм æм?

**Сабитæ:** О, байхъусæм!

**Сыхаг:** Уæ бон хорз, сабитæ! Æз уæ рæвдауæндоны цур цæрын. Уæ сыхаг дæн. Фехъуыстон, сымах тагъд базонут уыци-уыцитæ. Кæд ахæм сæрæн стут, уæд ма мæнæ ацы нывты цы æмдзæвгæтæ бамбæхстысты, уый базонут. Æмæ уын уæд мæ лæвар арвитдзынæн.

**Хъомылгæнæг:** Сабитæ, сарæхсдзыстæм нывтæ равзарынмæ?

**Сабитæ:** О, мах бирæ æмдзæвгæтæ зонæм.

**Хъомылгæнæг:** Уæдæ нывтæм лæмбынæг æркæсæм.

*(Таблицæтæ фæйнæгыл бафидар кæнынц)*




**Хъомылгæнæг:** Фыццаг нывмæ уал æркæсæм. Цавæр æмдзæвгæ у?

**Сабитæ:** Уый у æмдзæвгæ «Гино».

**Хъомылгæнæг:** Радзурут-ма йæ, нывтæ амонгæйæ.

*(Сабитæ дзурынц, нывтæ амонгæйæ)*



**Хъомылгæнæг:** Тынг хорз! Ныр та дыккаг таблицæ.
**Сабитæ:** Уый у æмдзæвгæ «Уасæг».
**Хъомылгæнæг:** Радзурут æй амонгæйæ.

*(Сабитæ дзурынц, нывтæ амонгæйæ)*



**Хъомылгæнæг:** Æртыккаг нывмæ дæр æркæсут, цавæр æмдзæвгæ у?
**Сабитæ:** Уый у æмдзæвгæ «Фыдуаг».
**Хъомылгæнæг:** Цы хорз уын уайы, мæ хуртæ. Фæлæ, æнхъæлдæн, бафæлладыстут. Иу гыццыл аулæфæм.
**Улæфты рæстæг.**

**«Къæвда»**

*Хъæргæнгæ: «Хæзнатæ нæм хауы уæларвæй!»*
*Сывæллæттæ уайынц къæвдайы фæдыл… –*
*Фæлæут, мæ хуртæ! Гъеуыцы хæзнатæй*
*Æруидздзыстæм мах дæр: нæ къутутæ дзагæй*
*Лæудзысты мæнæуæй, фæлæут чысыл!*

**Хъомылгæнæг:** Фæстаг таблицæ ма нын баззадис базонын, æмæ нæ сыхаджы лæвар – нæхи.



*(Сабитæ кæсынц таблицамæ)*

**Сабитæ:** Ацы æмдзæвгæ мах нæ зонæм.

**Хъомылгæнæг:** Нæ телефоны æфтуаны ма йæ рацагуырæм.

*(Хъусынц цалдæр скъуыддзагмæ æмæ равзарынц æмдзæвгæ «Фæззæг»)*

**Хъомылгæнæг:** Раст æй базыдтат! Лæмбынæг æм байхъусут æмæ йæ нывтæм гæсгæ бацамонут.

*(Сабитæ хъусынц æмæ амонынц)*

**Хъомылгæнæг:** Сабитæ, ацы æмдзæвгæ-ма рæсугъд зарæг дæр у. æмдзæвгæ сахуыр кæнæм æмæ йæ азарæм. Нæ сыхагæн уый уæлдай æхсызгон уыдзæн. Фæнды уæ?

**Сабитæ:** О, о, сахуыр æй кæнæм!

**Хъомылгæнæг:** Иу хат ма йæм лæмбынæг байхъусут.

*(Аудиозапись «Фæззæг». Сабитæ ахуыр кæнынц æмдзæвгæ, таблицæйæ пайдагæнгæйæ)*

**Хъомылгæнæг:** Хорз уын уайы, мæ хуртæ, иумæ дзурын. Ныр та алы нывдæр бафæлварут иугæйттæй радзурын.

*(Сабитæ иугæйттæй дзурынц æмдзæвгæ)*

**Хъомылгæнæг:** Тынг хорз уын рауадис!

**Сабитæ:** Ныр та йæ заргæ акæнæм.

*(Сабитæ зарынц æмдзæвгæ «Фæззæг» таблицайæ пайдагæнгæйæ)*

**Хъомылгæнæг:** Цы хорз зарут, мæ хуртæ!

*(Телефоны зæлланг хъуысы)*

**Сыхаг:** Сабитæ, сымахæй сæрæндæр сывæллæттæ нæй! Æмдзæвгæтæ иууылдæр базыдтат. Уæлдай тынгдæр та мæ зæрдæмæ зарæг фæцыдис. Ныр уын мæ лæвар æрвитын.

**Сабитæ:** Бузныг!

**Рефлекси:**

**Хъомылгæнæг:** Мæ хуртæ, мæнæн нæ фембæлд мæ зæрдæмæ фæцыдис. Сымахæн та?

**Сабитæ:** Махæн дæр фæцыдис! Уæлдай тынгдæр та таблицæтимæ куыст.

*(Æрбахизы постхæссæг лæвæрттимæ)*

**Постхæссæг:** Ацы лæвæрттæ уын уæ сыхаг æрбарвыста. Айсут сæ.

**Сабитæ:** Бузныг. Хæрзбон!

**Кцойты Зæлинæ,**
**Дзæуджыхъæуы 87-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг**

**«Лæппутæ æмæ чызджытæ: алыхуызон сты æви сты æнгæс?»**
**(Мальчики и девочки: разные или похожие?)**

**Цель:** Выявить и закрепить понятия ребенка о себе как о представителе определённого пола, о некоторых психологических характеристиках мальчиков и девочек, способствовать формированию позитивного отношения к себе.

**Задачи:**

***Образовательные:***

- продолжать знакомить детей с отличительными особенностями мальчиков и девочек;
- формировать социальные и гендерные модели поведения мальчиков и девочек;
- формировать у детей чувство симпатии и толерантности к окружающим;
- дать каждому ребенку возможность ощутить свою индивидуальность;
- укреплять у детей чувство взаимной симпатии и дружбы.

***Развивающие:***

Расширить и активизировать словарь детей (изучение нового слова – «уарт»).

Развивать логическое мышление фонематическое восприятие, слуховую зрительную память, мелкую общую моторику. Работать над произношением звуков [хъ], [гъ]

***Воспитательные:***

Воспитывать интерес и стремление быть похожими на настоящих мужчин и женщин. Воспитывать дружеские и уважительные отношения между детьми разного пола.

**Интеграция ОО:**

- Речевое развитие;
- Познавательное развитие;
- Социально-коммуникативное;
- Художественно-эстетическое;
- Физическое развитие.

**Оборудование и материалы:** экран, ноутбук, стулья с эмблемами для девочек и мальчиков, мяч, листы бумаги, круги разного размера для подарков мальчикам и девочкам, готовые национальные орнаменты, клей, аудиозапись, осетинская музыка, косынка и фартук для бабушки, шапка для дедушки.

(æнæсцух ахуырадон архайд)

***1. Бацæттæгæнæн рæстæг:***

*(Хъуысы музыкæ, сывæллæттæ бацыдысты стыр уатмæ. Салам дæттынц уазджытæн).*

**Сабитæ:** Уæ райсом хорз!

**Хъомылгæнæг:** Чызджытæ æмæ лæппутæ, абон махмæ æрбацыд бирæ уазджытæ æмæ нæ фембæлд райдайдзыстæм зонгæдзинадæй.
**Хъазт:** «Базонгæ уæм хæстæгдæр»
*(Сывæллæттæ лæууынц зылды, хъомылгæнæджы къухы порти)*
**Хъомылгæнæг:** Порти хъæуы кæрæдзимæ дæттын, цалынмæ музыкæ цæгъда уæдмæ. Порти куы дæттат, уæд худгæ кæнут кæрæдзимæ. Музыкæ куы æрлæууа, уæд, порти кæй къухы ис, уый хъуамæ радзура йæхи тыххæй.
**Саби:** Уæ бон хорз, мæ ном хуыйны Лизæ, æз дæн чызг. Æз уарзын мæ мад мæ куы фæхоны (мæ къона, мæ хур, мæ тæрхъус, мæ зæрдæ, мæ уды гага, мæ дидинæг, мæ цард, мæ бæлон…)
*(Алы сывæллонæн дзурын «Бузныг», «Бæдæйнаг»)*
**Хъомылгæнæг:** Нæ абоны фембæлд (ахуыр) хуыйны «Лæппутæ æмæ чызджытæ: алы хуызон сты æви сты æнгæс?» Куыд хъуыды кæнут, сабитæ, кæй кой кæндзыстæм абон?
**Сабитæ:** Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ. Лæппуты æмæ чызджыты тыххæй.
**Хъомылгæнæг:** Тынг раст зæгъут, æз срæсугъд кодтон бандæдтæ нысантæй (эмблема) лæппутæн дæр æмæ чызджытæн дæр. Сбадут, сабитæ.
***2. Мыртæ раст дзурыныл куыст:***
*Аудиозапись «Чи у хуыздæр» (сабитæ хъусынц)* [Ирон чиныг, «Бакæсæм сабитæн»]:

Азгъордтой сабитæ размæ дадамæ,
Бафæрсой сабитæ хистæры хъуамæ:
«Махæн нæ цыппарæй чи у хуыздæр?
Махæй ныртæккæ кæй уарзыс фылдæр?»
*(иумæ дзурæм, уый фæстæ чызджытæ, лæппутæ)*

**Хъомылгæнæг:** Тынг хорз, мæ къонатæ. Ныр стъолæй райсут фæйнæ сыфы. Æркæсут-ма сæм, иухуызон сты æви нæ?
***3. Фæлтæрæн «Сыф».***
*(Воспитатель предлагает детям оторвать от него часть, затем сложить пополам и снова оторвать кусочек и так несколько раз).*
**Хъомылгæнæг:** Ныр райхалут уæ сыфтæ. Æркæсут, цы дзы рауад, равдисут сæ кæрæдзимæ. Æмхуызон сты уæ сыфтæ? Цæмæн сты алыхуызон?
Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ. Нæ сыфтæ сты алыхуызон, уымæн æмæ нæ куыд фæндыди афтæ сæ аскъуыдтам.
**Хъомылгæнæг:** Уæдæ мах дæр уыцы сыфты хуызæн: иуæй стæм æнгæс иннæмæй та алыхуызон.
**4. Беседæ: «Цæмæй стæм æнгæс? Цæмæй стæм алыхуызон?»**
**Хъомылгæнæг:** Царды мидæг стæм хатт фенæн ис дыууæ æмхуызон предметы, дидинæджы; хæдзæрттæ дæр сты алыхуызон. Афтæ сымах дæр кæд хуыйнут иу дзырдæй – сабитæ, цæмæйдæр стут иухуызон, цæмæйдæр та – алыхуызон.
Куыд хъуыды кæнут, лæппутæ чызджытæй цæмæй хицæн кæнынц, чызджытæ та лæппутæй? Цы сæм ис иухуызонæй та?
*Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ.*
Уындæй (внешностью) лæппутæ дарынц хæлæфтæ, ис сын цыбыр сæрыхъуынтæ…
Чызджытæ дарынц къабатæ, ибкæтæ. Ис сын даргъ дзыккутæ. Сæ сæрыл ис бантиктæ, заколкæтæ…

**Хъомылгæнæг:** Æнгæс та цæмæй стут?
**Сабитæ:** Махæн не 'ппæтæн дæр ис: сæр, къухтæ, къæхтæ, цæстытæ, хъустæ, фындз…
**Хъомылгæнæг:** Уæдæ мах базыдтам, кæй стæм кæрæдзиимæ æнгæс.
Ныр та радзурæм, цавæр стæм? Цавæр сты нæ чызджытæ? Зæгъут-ма лæппутæ.
**Лæппутæ:** Нæ чызджытæ сты: зæрдæмæдзæугæ, зæрдæйæн адджын, красивые-рæсугъд, зондджын, уæздан, хъæлдзæг, æнувыд.
**Хъомылгæнæг:** Бузныг, лæппутæ! Уæдæ ныр та, чызджытæ, сымах зæгъут: «Цавæр сты нæ лæппутæ?»
**Чызджытæ:** Нæ лæппутæ сты: тыхджын, хъæбатыр, уæндон, цæрдæг, спортивон, зондджын, хæларзæрдæ, хъæлдзæг, уæздан, æгъдауджын, æнувыд.
**Хъомылгæнæг:** Чызджытæ æмæ лæппутæ, тынг æхсызгон ныхæстæ загътат кæрæдзийæн. Сымах, æвæццæгæн, хорз хæлæрттæ стут. Лæппутæ чызджытæм куыд хъуамæ сæ цæст дарой?
*Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ (Нæмгæ сæ ма кæной, бынат сын дæттой, кæрæдзийæн хатыр кæной).*
**Хъомылгæнæг:** Тынг хорз, мæ къонатæ. Уæдæ иугыццыл аулæфæм.
***5. Улæфты рæстæг: «Дада æмæ нана»***
**Сабитæ:** Дæ бон хорз, дада! Дæ бон хорз, нана!
**Дада, нана:** Æгас цæут, сабитæ!
**Сабитæ:** Кæм уыдыстæм, уый нæ зæгъæм. Цы куыстам, уый æвдисæм.
*(Дети договариваются и показывают, то что они будут делать)*
**Архæйдтытæ:**
**Лæппутæ –** кæрдæг кæрдынц, суг сæттынц, бæхтыл дугъ кæнынц æ.а.д.
**Чызджытæ –** мæрзынц пъол, чъиритæ кæнынц, иту æвæрынц æ.а.д.
***Хъазт: «Зæгъ иннæрдæм» (презентациимæ)***
Дада – нана
Фыд – мад
Лæг – ус
Нæлгоймаг – сылгоймаг
Æфсымæр – хо
Лæппу – чызг
**Хъомылгæнæг:** Тынг хорз, мæ къонатæ. Абон цас рæсугъд рæвдауæн ныхæстæ загътат кæрæдзийæн. Ныр æз зонын, куыд хæларæй цæрут иумæ. Ныртæккæ мах скæндзыстæм лæвæрттæ кæрæдзийæн хæлардзинады тыххæй. Лæппутæ кæндзысты лæвæрттæ чызджытæн (кулонтæ). Чызджытæ та кæндзысты лæвæрттæ лæппутæн (уарт). Разы стут мемæ? (О)
*(Дети наклеивают орнамент заранее приготовленный, украшают кулоны и щиты)*
**Хъомылгæнæг:** Рахæссут уæ лæвæрттæ. Кæмæн сæ лæвар кæнут.
**Сабитæ:** Æз мæ лæвар дæттын Лизæйæн.
**Кæронбæттæн:**
**Хъомылгæнæг**: Нæ ахуыр кæронмæ æрхæццæ. Абон цæуыл дзырдтам, уый уæ зæрдыл бадарут. Цæй уæдæ æмæ дарддæр дæр кæрæдзиимæ лымæнæй цæрæм. Цы базыдтам абон? Цы фæцыд уæ зæрдæмæ?
*Сабитæ дзурынц сæ хъуыдытæ.*
*Хатдзæг:* Лæппутæ æмæ чызджытæ сты алыхуызон, фæлæ хъуамæ æхxуыс кæной кæрæдзийæн аудой кæрæдзиуыл. Хæларæй цæрой.

**Бибайты Ларисæ,**
**Дигорайы 1-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг**

**«Зумæг» (Зима)**
(æнæсцох ахурадон архайд, хестæр къуар)

**Нисан:**

- Зумæги минеугути туххæй зонундзинæдтæ ниффедар кæнун.
- Фæлтæри аллихузон гъæлæсиуагæй сугъдæгдзоруйнаг дзорунбæл.
- Муртæ раст æма къæдзос дзорунбæл ахур кæнун дзурдтæ æма æмдзæвги фæрци.

**Æнхусадон æрмæг:** анзи афæнтти аллихузон хузтæ, се 'хсæн зумæги туххæй дæр, бæмпæгæй конд мети къубулойнæ, аудиозапись, мнемотаблицæ.

**Ахури цуд:**

*Сувæллæнттæ тумбул зилдæй лæуунцæ.*

**Гъомбæлгæнæг:** Сувæллæнттæ, уæ зæрдиуагæ куд ай аци бон? Гъæйдæ, кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн æма кæрæдземæ баходæн. Кæрæдземæн зæгъæн: «Æгас цо!» Нур ба алкедæр æхецæн зæгъæд «Сæумæ хуарз!»

**Психогимнастикæ: «Сæумæ хуарз!»**

Уæ сæумæ хуарз, цæститæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, гъостæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, къохтæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, къæхтæ!
Райгъал айтæ?
Сæумæ хуарз, сæр!
Райгъал дæ?
Цæститæ кæсунцæ (*цæститæ æрæхгæнунцæ, байгон унцæ).*
Гъостæ игъосунцæ (*армитъæпæнтæ гъостæбæл байвæрунцæ).*
Къохтæ æрдзæф кæнунцæ (*армитъæпæнтæй къæрццитæ кæнунцæ*)
Къæхтæ тъуппитæ кæнунцæ (*къæхтæй тъуппитæ кæнунцæ*)
Сæр ба гъуди кæнуй (*армитъæпæнæй æй æрсæрфунцæ*)
Ура! Райгъал ан! (*Къохтæ хæрдмæ*)

**Гъомбæлгæнæг:** Хъæбæр хуарз! Нур ба уин бацеу-бацеу ракæнон. Анзæн æ циуавæр афони туххæй æй?

**Бацеу-бацеу.**

Уорс-уорсид фестунцæ фæзтæ,
Сæнт уорс пæлæзтæ – бæлæстæн.
Уазалæй уадæлттæ суйунцæ,
Уазали мæргътæ дæр тухсунцæ.

**Сувæллæнттæ:** Аци бацеу-бацеу зумæги туххæй æй.

**Гъомбæлгæнæг:** Раст загътайтæ. Сувæллæнттæ, еу хатт ма исбæрæг кæнæн,

зумæг ци æй, уой. Æркæсайтæ, на анзи афæнтти тумбулæгмæ æма байгъосетæ ихæслæвæрдмæ: еугур хузти æхсæнæй равзарун гъæуй, зумæгмæ си кæцитæ хауй, уони.

**Гъазт: «Зумæгон тематикæбæл хузтæ равзарун»**

*Сувæллæнттæ зумæгон тематикæбæл хузтæ æвзарунцæ. Зæгъæн, (мети тъæфил, цонæгъ, метин лæг, Метин Баба, кæрцæ, ходæ, къахцонæгътæ, хъурбæттæн æма у.и.)*

**Гъомбæлгæнæг**: Хуарз исæнхæст кодтайтæ аци ихæслæвæрд.

Гъомбæлгæнæг кæсуй зумæги туххæй æмдзæвгæ [Ирон чиныг, «Сауæдонæ»]:

**Æмдзæвгæ «Зумæг гъæди»**

Ралæудтæй бабæй зумæг,
’Рбадумдта нæбæл тузмæг.
Алли бон дæр уаруй мет,
Цæугæдонбæл – ехин хед.
Робас балций рацудæй,
Арс лæгæти ниллæстæй, -
’Ма æ дзæмбу æстæруй.
Берæгъ стонгæй нинннеуй.
Уг бæласæбæл рæхцуй,
Узун хуггоммæ цæуй.
Халон уазалæй суйуй,
Хъуахъ-хъуахъгæнгæ ратæхуй.
Саг æ листæнбæл лæууй,
Рæубес берæгъæй тæрсуй.
Тæрхъос уалдзæг имисуй
’Ма мæрамæ балæсуй.
Ралæудтæй бабæй зумæг,
’Рбадумта удта тузмæг…

**Гъомбæлгæнæг:** Сувæллæнттæ, уæ зæрдæмæ фæццудæй æмдзæвгæ? Кæци анзи афонæбæл финст ай? (*Сувæллæнттæ дзуæппитæ дæттунцæ*)

Нийффинста æй Будайти Милуся.

Гъомбæлгæнæг ма еу хатт кæсуй æмдзæвгæ. Базонгæ кæнуй сувæллæнтти æнæзонгæ дзурдти хæццæ: тузмæг, цæугæдон, нинннеуй, хуггоммæ.

(Воспитателю, при подготовке к занятию, рекомендуется подобрать в сети Интернет фотографии и рисунки для формирования мнемотаблицы к стихотворению «Зумæг гъæди»).

*Мобилон æфтаусæн «Ирон чиныг»-æй пайда кæнун. Аудиозапись «Зумæг гъæди». (Сувæллæнттæ игъосунцæ).*

Уой фæсте ба, сувæллæнтти хæццæ æмдзæвгæ ахур кæнун мнемотаблицæмæ гæсгæ. *(кæсæн приложенимæ).* Дзоргæ-дзорун гъомбæлгæнæг æ гъос даруй, цæмæй интонацимæ гæсгæ аййев, раст дзоронцæ.

**Гъомбæлгæнæг:** Хъæбæр хуарз, сувæллæнттæ!

**Змæлгæ гъазт «Мети гæлæботæ æма думгæ»**

**Медес:** сувæллæнттæ дууæ къуаребæл дех кæнунцæ: еуетæ – «мети гæлæботæ», иннетæ – «думгæ».

Думгæ ку æрбацæуй: «у-у-у», уæд «гæлæботæ» уати зелдох кæнун райдайунцæ.

Думгæ æрсабур æй æма «гæлæботæ» бадунцæ зæнхæбæл.

Иннæ хатт ба «гæлæботæ» уодзæнæнцæ «думгæ», «думгæ» ба – «гæлæботæ».

Гъазунцæ (2-3 хатти)
**Гъомбæлгæнæг:** Сувæллæнттæ, мет ба цихузæн æй?
**Сувæллæнттæ:** Мет æй уорс, хæмпос, уазал, фæлмæн.
**Гъомбæлгæнæг:** Мет ма æй хъисхъисгæнагæ. Сæумон уазали къæхти буни куд фæгъæрзуй?
**Сувæллæнттæ:** Хæрст- хæрст, хæрст- хæрст.
**Сугъдæгдзоруйнаг «Гъизт зумæг»**
Хæрст- хæрст- хæрст- хæрст.
Гъизт зумæг! (гъæрæй)
Хæрст- хæрст- хæрст- хæрст.
Гъизт зумæг. (*ниллæгдæр гъæлæсæй*)
Хæрст- хæрст- хæрст- хæрст.
Гъизт зумæг (*бунтон ниллæг гъæлæсæй*).
**Гъазт «Зумæгон дзурдтæ»**
**Гъомбæлгæнæг:** Зилдæй ралæудтан, æма зумæгон дзурдтæ дзорæн. Гъазунмæ нæ гъæуй метин къубулойнæ. Къубулойнæ кæрæдземæ цурд дæтгæй, тагъд гъæудзæй зумæгон дзурд зæгъун, кенæ ба ниттайдзæй (*Метин Баба, хъурбæттæн, мети къубулойнæ, заз бæласæ, басилтæ, Метин кизгæ æма у.и.)*
**Гъомбæлгæнæг:** Сувæллæнттæ, циуавæр гъæзтитæ уарзетæ зумæги?
**Сувæллæнттæ:** Дзонæгъæтæбæл гурун, хоккейæй гъазун, къахдзонæгъæтæбæл гурун, метин лæгтæ аразун.
**Гъомбæлгæнæг:** Уæ еугур дæр хуарз архайдтайтæ! Цæуæн нур ба тургъæмæ æма нæхе раерхæвсæн мети къубулойнитæй, метин лæг исаразæн.

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

**Авторская**
**музыкально-литературная композиция**
**к 100-летию со дня рождения осетинского писателя, публициста и поэта**
**Азамата Беслановича Кайтукова**

**Цораева Ф.Н.,**
**ст. преподаватель кафедры**
**технологии обучения и методики преподавания предметов**
СОРИПКРО
**Кцоева З.И.,**
**учитель осетинского языка и литературы**
**МБОУ СОШ №38 г. Владикавказа**
**Дзарахохова Р.С.,**
учитель осетинского языка и литературы
МБОУ СОШ №38 г. Владикавказа

**"...ЖИЗНЬ- КАК ЛЕГЕНДА...."**

**Музыкальный фон."Симд"**
На сцену с обеих сторон выходят участники композиции. Становятся полукругом…
**Музыкальный фон. "Ах, любовь"Ф. Алборова.** Фрагмент
**ученик**
В один из летних дней прекрасных,
В селении Ход, овеянном легендами!

**ученик**
Родился ты, поэт. И вырос там,
Где любит отдыхать сам БОГ!

**ученик**
Мы помним о тебе, народный наш писатель,
**Все** -Хъайтыхты Азæмæт!

**ученик**
Поэт, прозаик, публицист!
Пусть память воскресит твой образ несравненный!

**ученик**
Ту добрую улыбку,
И цвета васильков глаза!

**ученик**
Был светлым ты, как озаренный солнцем Человек!
Ты говорил:"Любовь, сильнее смерти"!

**ученик**
Увековечила тебя к поэзии Любовь!
Пред которой
**Все:** Бессильна, даже вечность!

**ученик**
Писал поэт от сердца, не пером,
Настолько благороден, скромен был,
Что не считал себя профессионалом!

**ученик**
Трудился 48 лет в Садоне
В свинцово-цинковых цехах.
**Все:** Был самородком осетинского народа!

**ученик**

Жизнь- как легенда-
Снова возрождала вечность
красоты, любви И….
Все: Вдохновения!

**Все участники расступаются перед танцующими**
**ТАНЕЦ**
**"Ханты цагъд"(олицетворяет Азамата и Родину)**
**(Танец в конце прерывается внезапно. 1941 год. Началась Великая Отечественная Война.).**
**Фоновая музыка"Героическая песня "**

**ученик**
Но…началась **Священная война…**
**Я** – Осетин!- сказал тогда поэт,
За Родину, я постоять смогу!
Не сдобровать теперь врагу!
**ученик**
Прибавив год себе, ушел на фронт боец в 17 лет!

**Застывшая в танце Родина,делает 3 медленных шага за уходящим на фронт Азаматом, прощаясь с ним…**
**Азамат оборачивается и… встречаясь глазами с Родиной….уходит воевать….**
**Фоновая песня…Ф.Алборов "Легенда Горы Тбау"**
**На осетинском языке**
**(исполняет Ф.Царикати)**

**Стихи или строки о военных сражениях поэта на остинском языке.**
**На усмотрение руководителя)**
Фоновая музыка.
ПЕСНЯ
"Нам нужна одна победа"
**ученик**

Горит и крушится планета,
Над нашей Родиною дым

**ученик**
И значит нам нужна одна победа,
Одна на всех, мы за ценой не постоим!(2 раза)

**ПЕСНЯ**

Здесь птицы не поют,
Деревья не растут,
И значит мы к плечу плечо
Врастаем в землю тут…
Горит и крушится планета,
Над нашей Родиною дым,
И значит нам нужна одна Победа!
Одна на всех, мы за ценой не постоим(2 раза)

**Фоновая музыка**
**Ф.Алборов "Легенда Горы Тбау"**
**На осетинском языке**
**(исполнение Ф.Царикати)**

**ученик**
-Азамат Кайтуков -герой!
Участник Великой Отечественной Войны, боев за Киев, Сталинград, операции "Багратион",битвы на Курской дуге!
**ученик**
-Награжден орденами Красной Звезды,
орденами Славы 3 степени, Отечественной войны 1степени, 16-ю медалями!
**ученик**
-Орденоносец почетного звания -"Во славу Осетии"!
Патриарх Союза Осетии "ИР"!

**Фоновая музыка. Ф.Алборов."Экспромт".**

**ученик**
Писатель, Кайтуков Азамат, оставил нам богатое наследие- легенды,сказки...
Книга легенд-"Драгоценный камень","Ход" (легенды и жизнь),"Сказания Азамата","Надочажная цепь","Предание и жизнь" ,"Пастуший посох"…

**Фоновая музыка.** "Симд"

**ученик.**
Творчество твое -бессмертно"
А значит вечен ты -писатель,
Народный поэт,Осетин!

ВСЕ
-АЗАМАТ -КАЙТУКОВ!!!

**Фоновая музыка.** "Симд"
Уходят в танце

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКТÆМ

**Олимпиадон хæслæвæрдтæ ирон æвзагæй 9 кълас**

**1. Бакæсут текст.**

Афардæг сты сæрдыгон хъарм бонтæ. Ралæ(**уу/у**)ыдис фæ(**зз/з**)æг. Адæм æфснайынц сæ фæ(**лл/л**)ой. Æрмæст ма нартхоры æфсиртæ сæ морæ дзы(**кк/к**)утæ радар(**дт/тт**)ой æмæ сæ сæртæ фæкъул сты. Æнхъæлмæ кæсынц. Цъуй бæлæстæн сæ пака пуцæл(**дт/тт**)æ бур-бурид адар(**тт/дт**)ой. Туаг

тыртыйы сырх дæргъæ(**цц/ц**)он гоцоратæ чысыл фенцъыл(**дт/тт**)æ сты. Даргъсудзинджын кæркмисындзæджыты зад гагатæ къалиутыл баныхæстысты.

Хæ(**хх/х**)он æхсæрдзæнты пырхæнтæ хуры тынтæм æрттыв(**тт/дт**)ытæ калынц. **Комы суадæ(дт/тт)æ сты сыгъдæг æмæ доны был цал урс дуры ис уыдон иууылдæр зынынц.**

Арвыл мигъы къуымбилтæ бындзы(**гг/кк**)ай дымгæ рахæсс-бахæсс кæны.

Мæр(**х/гъ**)тæн сæ фылдæр хъарм бæстæм атахтысты. **Ардыгæй уалдзæгмæ нал фендзынæ зæрватыкк сауцъиу булæмæргъ.** Уæдæ хърихъу(**пп/п**)ытæ дæр хъарм бæстæм фæтæхынц.

**Мæр(х/гъ)тæй ма ам ба(зз/з)адысты хуыргæрчытæ зымтæ халæ(тт/дт)æ гæркъæрæ(к/г)тæ…**

Хъуппеты Мысост

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1) Равзарут растфыссынады хъæугæ вариант.

2) Банысангонд хъуыдыйæдты сæвæрут æрхæцæн нысæнттæ.

3) Сбæрæг кæнут хъуыдыйæдты хуызтæ сæ арæзтмæ гæсгæ.

*Хæ(**хх/х**)он æхсæрдзæнты пырхæнтæ хуры тынтæм æрттыв(**тт/дт**)ытæ калынц.*

*Ардыгæй уалдзæгмæ нал фендзынæ зæрватыкк сауцъиу булæмæргъ.*

4) Дзырдтæн ныффыссут сæ антонимтæ:

*сыгъдæг –*

*фылдæр –*

*ардыгæй –*

*хæххон –*

*атахтысты* -

5) Рафыссут вазыгджын дзырдтæ:

________________________________________________________

6) Дзырдтæ ***адардтой, къалиутыл*** морфемикон æгъдауæй равзарут.

7) Текстæй рафыссут дзырдтæ къордтæм гæсгæ:

*ивгъуыд афоны мивдисджытæ 3-аг цæсгомы, бирæон нымæцы –*

*номдартæ бирæон нымæцы формæйы номон хауæны –*

**2. Дзырдтæ сæ тæлмацимæ баиу кæнут:**

| | |
|---|---|
| *цъуй* | *куропатка* |
| *тырты* | *горная индейка* |
| *кæркмисындзæг* | *рябина* |
| *хуыргарк* | *облепиха* |
| *зым* | *сорока* |
| *гæркъæраг* | *барбарис* |

**3. Хъуыдыйæдты хуызтæ сбæрæг кæнут, баиу сæ кæнут.**

| | |
|---|---|
| *Зæхх сын фаг хæринаг нал дæтты, сæ сыфтæртæ дæле уæлæмæ бургæнгæ ссыдысты.* | **Бæлвырдцæсгомон хъуыдыйад** |
| *Куы мигътæ æрбамбырд вæййынц, куы хур ракæсы.* | **Домгæвазыгджын хъуыдыйад** |
| *Ардыгæй уалдзæгмæ нал фендзыстæм зæрватыкк.* | **Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад** |
| *Æнæнхъæлæджы цæгатæй æрбадымдта.* | **Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад** |
| *Бæлæсты сыфтæртæ кæд цъæх нал сты, уæддæр æрдз у тынг рæсугъд алыхуызон ахорæнтæй* | **Æнæцæсгомон хъуыдыйад** |

**4. Æмбисæндтæ кæронмæ ахæццæ кæн:**

*Уалдзæг рæсугъд у, фæззæг* — **…** .

*Фæззæг дæ фæллæйттæ бафснай, æмæ дæ зымæг* **…** .

*Фæззæджы бæркад* **…** .

4. **Ныффысс сочинени-ærфыст** *«Фæззæг Ирыстоны»*

**Олимпиадон хæслæвæрдтæ ирон æвзагæй**
**10-æм кълас**

**1. Бакæсут текст.Баххæст кæнут хæслæвæрдтæ.**

Гамо

**…Мах хъæды дæхæдæг куынæ уай уæд нæ бамбардзынæ суджы уæрдонимæ рагъæй куыд зын цæуæн у уый.** Ранæй-рæ…ы фæндаг у бынтон æму…рдыг. Æнæмæнг ыл цæуын хъæуы «бырæнимæ»–афтæ хоны баба, гуыффæйæ зæ(х,ххм)æ цы сывылдзы (бæласы мыггаг) лы(кк,гг)аг сбыцæу кæны, уæрдоныл фæстæмæ хæца, зæгъгæ, уый. Кæд «бырæн» гутонау хахх байдайы, уæддæр фæстæмæ хæцынæн уыйбæрц ахъаз нæ вæййы.

Уымæ гæсгæ, галл æмбаргæ куы нæ уа, йæ сæрбосыл ын фæлтæрд хъæд…ау куы нæ хæца, уæд лæгæй, галæй, уæрдонæй ных…æррæгъ уыдзысты, далæ бынæй «паддзахвæндаг» комы гæрзæй-гæрзмæ (йе,е)хсы фæдау кæцæй зыны, уым. Фæлæ Гамо...

**Зæххардыстæн нæхи галл у уый тыххæй дзы не ’ппæлын!..**Гамо цыфæнды уырдыджы дæр цымыдис тарст никуы фæкодта. Цыма йæхи уæлгоммæ йе ’рагъы нуæрттыл аппарынмæ фæхъавы, уыйау йæ уæз фæстæмæ ауадзы, цыма арвмæ скæсыныл фæархайы, уыйау сæр хæрдмæ сисы (æвæ…æгæн, æфсондзæн сыкъаты сæрты рахауынæй фæтæрсы). Раззаг къæхтæ цыдæр æнахуыр æмраст ны…æййынц, æмæ сабыргай къах(дз,ц)æфтæ фæнымайы… (Ходы Камал)

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1) Рафыссут дзырдтæ, къæлæттæ гом кæнгæйæ æмæ стъæлфыты бæсты хъæугæ дамгъætæ æвæргæйæ.

______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
________________________________________________________________

2) Рафыссут ставддæрæй фыст хъуыдыйæдтæ, цухгонд æрхæцæн нысæнттæ æвæргæйæ.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
_________________________________________________________

3) Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнут:

*Ранæй-рæ…ы фæндагубынтонæму…рдыг.*

4)Дзырдтæм æмæ дзырдбæстытæм антонимтæ ссарут:

зынцæуæн–
уæлгоммæ–
уырдыджы –
ахъазвæййы –
фæлтæрд–
хæрдмæсисы–

5) Рафыссут текстæй фæсæфтуанты руаджы арæзт 3 дзырды:
______________________________________________________________________
__________________________________________________________________

6) Дзырдтæ морфемикон æвзæрст ракæнут:

Паддзахвæндаг, зæххардыстæн, нуæрттыл, сæрбосыл.

7) Бацамонут æнгом дзырдбæстыты нысаниуджытæ, иуимæ дзы хъуыдыйад æрхъуыды кæнут:

Сабыргай къахдзæфтæ нымайы –
Ныххæррæгъ уыдзысты–
Мадзæлттæ агурын –
Уæз ауадзын –

8) Дзургæйæ зылангон мыр æзылангон цы дзырды свæййы, уый фæбæрæг кæнут:
а) тыххæй;
æ) бастад;
б) зæгъгæ;
в) гæрзмæ.

9) Дзырды хæйттæм гæсгæ раст дихгонд кæцы дзырд нæу?
а) уæрдон-æй;
æ) фæ-код-т-а;

б) хæрд-мæ;
в) ра-ха-уы-нæй.

10) Фæстаг абзацы хъуыдыйæдтæй бавæргæ дзырд кæм ис, уый рафыссут.

___________________________________________________________

_______________________________________________________

11) Фæстаг абзацы хъуыдыйæдтæй бавæргæ дзырд æмæ бахæсгæ арæзт кæм ис, уый рафыссут.

12) Хъуыдыйады хуыз фæнысан кæнут:
*Кæд «бырæн» гутонау хахх байдайы, уæддæр фæстæмæ хæцынæн уыйбæрц ахъаз нæ вæййы у*

а) домгæвазыгджынхъуыдыйадбæрæггæнæныуæлæмхæстхаимæ;
æ) домгæвазыгджынхъуыдыйадныхмæвæрдыуæлæмхæстхаимæ;
б) домгæвазыгджынхъуыдыйадархайдыхуызыуæлæмхæстхаимæ;
в) домгæвазыгджынхъуыдыйадафоныуæлæмхæстхаимæ.

13) Хъуыдыйады хуыз фæнысан кæнут:
*Раззаг къæхтæ цы дæрæн ахуыр æмраст ны...æййынц, æмæ сабыргай къах(дз,ц)æфтæ фæнымайы...*

а) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад ныхмæвæрды бæттæгимæ;
æ) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад иугæнæг бæттæгимæ;
б) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад дихон бæттæгимæ;
в) домгæвазыгджын хъуыдыйад æфсоны уæлæмхæст хаимæ.

14) Хъуыдыйады хуыз фæнысан кæнут:

*Зæххардыстæн нæхи галл у уый тыххæй дзы не ’ппæлын!..*

а) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад ныхмæвæрды бæттæгимæ;
æ)домгæвазыгджын хъуыдыйад афоны уæлæмхæст хаимæ;
б) домгæвазыгджын хъуыдыйад архайды хуызы уæлæмхæст хаимæ;
в) домгæвазыгджын хъуыдыйад æмбарынгæнæн уæлæмхæст хаимæ.

15. Ныффыссут цыбыр нывæцæн-тæрхон (12-15 хъуыдыйады)
*«Фос адæймаджы зæрдæ зоны».*

**Олимпиадон хæслæвæрдтæ ирон æвзагæй**
**11-æм кълас**

**1-аг хай**

**1**. Рафыссут дзырдтæ, къæлæттæ гом кæнгæйæ:
Мамысоны (К,к)ом; (Д,д)æллаг (Хъ,хъ)æни; (Х,х)уссар (Ф,ф)едералон (З,з)ылд; (Ф,ф)ыдыбæстæйы (С,с)тыр (Х,х)æст; (М,м)æскуыйы (Л,л) итературон (И,и)нститут; (И,и)умæйаг (П,п)аддзахадон (Ф,ф)æлварæн, Уæрæсейы (П,п)аддзахадон (Б,б)иблиотекæ, (С,с)оветон (Ц,ц)æдисы (Хъ,хъ)æбатыр

**2**. Дзургæйæ зылангон мыр æзылангон цы дзырды свæййы, уый фæбæрæг кæнут:
а) ирон;
æ) федта;
б) хаста;
в) аразæг.

**3**. Дамгъæ «**е**»**-**йы бæсты **«йе»** кæм фыссын хъæуы, уый фæбæрæг кæнут:
а) фæлмæн (йе,е)угæф;
æ) (йе,е)рысы бацæуын;
б) акодта йæ (йе,е)мæ;
в) рагон(йе,е)рæдзыпп.

**4**. Дзырд *æнæсæрфат* кæцы дзырдимæ аразы дзырдбаст?
а) митæ;
æ) чиныг;
б) ком;
в) бынат.

**5**. Ссарут уæлдай дзырд профессионализмты цæджындзы:
а) хæсгард;
æ) чиныг;
б) судзин;
в) хуыйæг.

**6**.Фразеологион дзырдбаст цы хъуыдыйады ис, уый фæбæрæг кæнут:
а) Боныхъæд тагъд фæивта.

æ)  Лæппуйы сæ хæдзармæ йæ къах нал хаста.
б) Куыстуарзаг адæймаг куыст тагъд ссары.
в) Хабар куы базыдта, уæд æрсабыр ис.

**7**. Дзырды хæйттæм гæсгæ раст дихгонд кæцы дзырд нæу?
а) фæ-тарс-т;
æ) кол-хоз-он;
б) æм-дзæгъд;
в) æр –лæ-бур-дта.

**8**. Ныхасы рæдыд  цы хъуыдыйады ис, уый фæнысан кæнут:
а) Лæг йæ дыстæ бакъæдз кодта  æмæ фынгмæ бавнæлдта.
æ) Дæ тæбæгъ кæм нæй, уым дæ уидыг ма тъысс.
б) Бæлццæттæй иу фæстейы аззад.
в) Араст сты сæ фæндагыл.

**2-аг хай**

| Хъуыдыйæдтæ бакæсут æмæ сæххæст кæнут хæслæвæрдтæ А1- А4 |
|---|

А. Се рагъыл ис тар тæлм.
Æ. Уыдон фенæн ис хæхтæн сæ бæрзонддæр  бынæтты, æнусон цъититæм æввахс.
Б. Дзæбидыртæ сты нæ æрдзы фидауц.
В. Сæ сыкъатæ та фыццаг фæйнæрдæм фæцыдысты, стæй æнгуырау фæстæмæ фæкъæдз сты.                   *(Самбегаты Г.)*

А-1. Хъуыдыйæдтæ цавæр фæткыл  равæрын хъæуы, цæмæй сæ текст рауайа?

а) А, В, Æ, Б
æ) В, А, Æ, Б
б) Æ, В, А, Б
в) Б, Æ, А, В

А-2. Хъуыдыйæдтæй иртæстгонд уæнг кæцыйы  ис?
а) А;
æ) Æ;
б) Б;
в) В.

А-3. Цавæр у йæ арæзтмæ гæсгæ хъуыдыйад?

Сæ сыкъатæ та фыццаг фæйнæрдæм фæцыдысты, стæй æнгуырау фæстæмæ фæкъæдз сты.
а) бабæтгæвазыгджын;
æ) хуымæтæг хъуыдыйад æмхуызон уæнгтимæ;
б) домгæвазыгджын;
в) æнæбæттæгвазыгджын.

А-4. Барæн бæрцы миногон цы хъуыдыйады ис, уый фæбæрæг кæнут:
а) А
æ) Æ
б) Б
в) В

А-5. Номивæг ***сæ*** у:
а) 1-аг цæсгомы бирæон нымæцы æлвæст формæ;
æ) 2-аг цæсгомы иууон нымæцы æлвæст формæ;
б) 3-аг цæсгомы бирæон нымæцы æлвæст формæ;
в) 2-аг цæсгомы бирæон нымæцы æлвæст формæ.

А-6. Æрмæст иу къæдзыг цы хъуыдыйады æвæрын хъæуы, уый фæбæрæг кæнут:
*а)Цырдгомау бауади Афæхъо фæндырмæ райста йæ æмæ алы æвзагæй райдыдта уасын фæндыр (Б.Г.).*

*æ) Цагъдæн æнгом ифтонг æмбал æрбалæууыдис Афæхъойæн йæхи хъæлæс (Б.Г.).*

*б) Æмæ æмбисæндтæ æвдыста зард (Б.Г.).*

А-7. Куыд бацамонæн ис тирейы æвæрд ацы хъуыдыйады?
*Иуырдæм акаст æмæ фæтарст – къуымæй йæм кæсы адæймаг.*

а) Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады дыккаг хай æмбарын кæны фыццаг хайы.
æ) Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады дыккаг хай æххæстдæр, бæлвырддæр кæны фыццаг хайы хъуыды.
б) Æмхуызон уæнгты размæ æвæрд ис иугæнæг дзырд.
в) Æвæрд æрцыд ранымады разæй, иугæнæг дзырд дзы кæй нæй, уый тыххæй.

**3-аг хай**

| |
|---|
| Бакæсут текст æмæ сæххæст кæнут хæслæвæрдтæ А10 – А14. |

*1) Мад… 2)Уымæ баст сты нæ царды рæсугъддæр бонтæ, нæ зæрдæты æхсызгондæр мысинæгтæ. 3) Кæд зæххыл æцæг амонд фенæн æмæ банкъарæн ис, уæд æрмæстдæр мады рухс цæсгом уынгæйæ. 4) Мады фаг хорздзинæдтæ ацы зæххыл нæй, фæлæ, уый буц даргæйæ, уымæн ирон рæсугъд æгъдау дæтгæйæ, бамбарæн ис, цы у амонд. 5)Тæхудиаг у уыцы кæстæр, йæ хистæрты буц дарын чи зоны æмæ афтæмæй адæмы æхсæнмæ рухс цæсгомæй чи цæуы.*

6)*Мах стъалытæ арвыл агурæм, фæлæ зæхх æмæ царды стъалытæ хорз кæстæртæ сты. 7) Мад – царддæттæг… 8) Мады зæрдæ, сызгъæрин фестай!*

*(Чеджемты Æ.)*

А-10. Тексты сæйраг хъуыды у:
а) Мадæй зынаргъдæр зæххыл ничи у.
æ) Адæймагæй хæрзтæ æмхуызон не сты.
б) Хистæрæн лæггад кæнын хъæуы.
в) Адæймаг хъуамæ æвзæрдзинад ма кæна, искæмæн æй кæнын дæр ма уадза.

А-11.Тексты стиль, йæ хуыз фæнысан кæнут:
а) Публицистон стиль; таурæгъон текст;
æ) Публицистон стиль; хъуыды-тæрхæттæ;
б) Официалон-хъуыддаджы стиль; хъуыды-тæрхæттæ;
в) Аив литературон стиль; хъуыды-тæрхæттæ.

А-12. Абарст цы хъуыдыйады ис, уый нымæц фæбæрæг кæнут:
а) 2;
æ) 6;
б) 9;
в) 5.

А-13. Хъуыдыйæдтæй фразеологион дзырдбаст кæцыйы ис?
а) 2,3,8;
æ) 5;
б) 1,4;
в) 7,6.

А-14. Дзырдбаст «*буц дарын зонын»* нысан кæны:
а) нæ тыхсын;
æ) узæлын;
б) æфсæрмы кæнын;
в) лæбурын.

**4-æм хай**

Ныффыссут сочинени текстмæ гæсгæ. Уæ  куысты фæнысан  кæнут:

- Цавæр фарстайыл дзуры автор?
- Цавæр аивгæнæн мадзæлттæ æмбæлы тексты?
- Куыд æххуыс сты тексты сæйраг хъуыды раргом кæнынæн?

Сочиненийы  бæрц – 12-15 хъуыдыйады.